

# ХЪЫБАРЫФІЫР* МАТТЭ КЪЫЗЭРИІУЭТАР

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ къызыхэкIа лъэпкъыр*
*(Лука 3:23-38)*

Даут и къуэмрэ Ибрэхьим и къуэмрэ* къызыхэкIа лъэпкъым щыщ Хьисэ* Мэссихь и хъыбарщ мыр.
2 Ибрэхьим Исхьэкъ къыхуалъхуащ; Исхьэкъ Екъуб къыхуалъхуащ; абы Иудэрэ и къуэшхэмрэ къыхуалъхуащ; 3 Иудэ Фаресрэ Зарэрэ* къыхуалъхуащ; а тIум я анэм и цIэр Тамэрщ; Фарес Есром къыхуалъхуащ; Есром Арам къыхуалъхуащ;
4Арам Аминадав къыхуалъхуащ; Аминадав Наасон къыхуалъхуащ; Наасон Салмон къыхуалъхуащ; 5 Салмон Вооз къыхуалъхуащ; Вооз и анэм и цIэр Рахавщ; Вооз Овид къы-

---

1:1 хъыбарыфIыр – Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбарыфIыр арщ. Тхьэм бегъымбархэм я псалъэкIэ цIыхухэр къызэригъэгугъа Iуэхухэр Хьисэ Мэссихь илэжьа IуэхумкIэ игъэпэжурэ игъэзэщIащ икIи цIыхухэр мыкIуэду къызэрыригъэлын гъуэгу яхуиухуащ.

1:1 Хьисэ – Хьисэ цIэм къикIыр »КъегъэлакIуэщ».

1:1 Даут и къуэр, Ибрэхьим и къуэр – абыхэм я лъэпкъым къытехъукIа лIырщ.

хуалъхуащ; Овид и анэм и цIэр Рутщ; Овид Иессе къыхуалъ-
хуащ; 6 Иессе Даут пащтыхьыр къыхуалъхуащ.

Даут пащтыхьым Сэлмэн къыхуалъхуащ; Сэлмэн и анэр
Урие зи цIэм и фызу* щытащ. 7 Сэлмэн Ровоам къыхуалъхуащ;
Ровоам Авие къыхуалъхуащ; Авие Асэ къыхуалъхуащ; 8Асэ
Иосафат къыхуалъхуащ; Иосафат Иорам къыхуалъхуащ; Иорам
Озие къыхуалъхуащ; 9Озие Иоафам къыхуалъхуащ; Иоафам
Ахаз къыхуалъхуащ; Ахаз Езекие къыхуалъхуащ; 10 Езекие Ма-
нассие къыхуалъхуащ; Манассие Амон къыхуалъхуащ; Амон
Иосие къыхуалъхуащ; 11 Иосие Иоаким къыхуалъхуащ. Израил
цIыхухэр Бабилэн къалэшхуэм залымыгъэкIэ щагъэIэпхъуа
лъэхьэнэм* Иоаким Иехониерэ Иехоние и къуэшхэмрэ къы-
хуалъхуащ.

12 Израил цIыхухэр Бабилэн ягъэIэпхъуа нэужь,* Иехоние
Салафиил къыхуалъхуащ; Салафиил Зоровавел къыхуалъхуащ;
13 Зоровавел Авиуд къыхуалъхуащ; Авиуд Елиаким къыхуалъ-
хуащ; Елиаким Азор къыхуалъхуащ; 14 Азор Садок къыхуалъ-
хуащ; Садок Ахим къыхуалъхуащ; Ахим Елиуд къыхуалъхуащ;
15 Елиуд Елеазар къыхуалъхуащ; Елеазар Матфан къыхуалъ-
хуащ; Матфан Екъуб къыхуалъхуащ; 16 Екъуб Исуф къыхуалъ-
хуащ. Ар МэссихькIэ* зэджэ Хьисэ къэзылъхуа Мэрием и
щхьэгъусэщ.

17Аращи, Ибрэхьим бегъымбарым деж къыщыщIэдзауэ Даут
пащтыхьым деж къэсыху щIэблэ* пщыкIуплI мэхъу; Даут па-
щтыхьым деж къыщыщIэдзауэ израил цIыхухэр Бабилэн къа-
лэшхуэм залымыгъэкIэ щагъэIэпхъуам нэс щIэблэ пщыкIуплI
мэхъу; израил цIыхухэр Бабилэн щагъэIэпхъуам къыщыщIэ-
дзауэ Мэссихь* деж къэсыху щIэблэ пщыкIуплI мэхъу.

---

1:3 Фаресрэ Зарэрэ – Иудэ зи цIэм и къуэ зэтIолъхуэныкъуэхэрщ. Еплъ 1 Мусэ 38:27-30.

1:6 Урие зи цIэм и фызыр – Вирсавидщ (Батшэбэщ). Еплъ Самуел бегъымбарым и хъыбархэр зэрыт етIуанэ тхылъым (2-я Царств) 12:24.

1:11 Бабилэн къалэшхуэм залымыгъэкIэ щагъэIэпхъуа лъэхъэнэм – Хьисэ къэхъун и пэкIэ 598-рэ гъэм Невукаднессэр пащтыхьым и зауэлIхэм журтхэр залымыгъэкIэ Бабилэн иригъэшащ.

1:12 Израил цIыхухэр Бабилэн ягъэIэпхъуа нэужь – Хьисэ къэхъун и пэкIэ 538-нэ гъэм, Персие къэралым и кайсар Кир зи цIэм журтхэр я къэралым къагъэзэжыну хуит ищIыжащ.

1:17 щIэблэ – адэмрэ и къуэмрэ яку дэлъ лъэхъэнэрщ.

*Хьисэ къызэралъхуар*
*(Лука 2:1-7)*

18Хьисэ Мэссихь къызэралъхуар мыпхуэдэущ: Исуф Хьисэ
и анэ Мэрием къишэну къыхихат,* ауэ ахэр зэрымышэ щIыкIэ
Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и IэмыркIэ Мэрием уэндэгъуу къыщIэкIащ.
19 Мэрием илI Исуф щыпкъагъэ зигу илъ цIыхути, Мэрием и
напэр цIыхухэм я пащхьэм щытримыхын щхьэкIэ, ар щэхуу
иригъэкIыжын мурад ищIащ.

20Исуф а Iуэхум пыхьауэ, Зиусхьэным и мелыIычыр абы
пщIыхьэпIэу къыхуэкIуащ.

– Даут и къуэ Исуф, – къыжиIащ абы, – Мэрием къэпшэну
умышынэ; абы къилъхуну сабийр къызыхэкIыр Тхьэм и Псэ
ЛъапIэр арщ. 21 Мэрием къуэ къыхуэхъунущ икIи абы цIэуэ фIэп-
щынур Хьисэщ,* абы и лъэпкъым я гуэныхьхэр ящхьэщихы-
нурэ, мыкIуэду кърригъэлынущи.

22А псор апхуэдэу щIэхъуар Зиусхьэным бегъымбарым игу
кърилъхьэу жригъэIа псалъэхэр пэж хъун щхьэкIэщ:

23 «Хъыджэбзыр лъэщыджэ хъунущ,
къуэи къилъхунущ.
Абы цIэуэ фIащынур Еммануилщ.
„Тхьэр ди гъусэщ",
аращ а цIэм къикIыр».

24 Исуф къэушри, Зиусхьэным и мелыIычым къызэрыжриIам
тету зекIуащ икIи Мэрием къишащ. 25Ауэ ар къишэн ипэ,
Мэрием и япэ къуэр къилъхуащ. Исуф абы цIэуэ фIищар
Хьисэщ.

---

1:17 Мэссихь – Даут пащтыхьым и унагъуэ лъэпкъым къытехъукIауэ, бегъымбархэм зэрыжаIам тету, Израил цIыхухэм щхьэхуитыныгъэрэ мамыр псэукIэрэ яригъэгъуэтыну Тхьэм ахэр къызэригъэгугъа пщы лъапIэр арщ.

1:18 Исуф … Мэрием къишэну къыхихат – журт хабзэм тету лIы гуэрым къишэну къыхиха хъыджэбзыр къишэну хуэмеижмэ, лIым къиша и фызыр зэрыригъэкIыжым хуэдэу, иригъэкIыжын хуейщ.

1:22-23 Зиусхьэным и псалъэхэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 7:14.

# 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэгурымагъуэхэр* дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ къызэрикIар*

Ирод пащтыхьым* и тетыгъуэм Иудей хэкум* щыщ Бэт-
лэхьэм къалэм* Хьисэ къыщалъхуа нэужь, тхьэгурымагъуэхэр
къуэкIыпIэмкIэ къикIри, Ерусалим къэкIуащ.
2 –Дэнэ щыIэ журтхэм къыхуалъхуа я пащтыхьыр? – жаIащ
абыхэм. – Абы и вагъуэр къуэкIыпIэмкIэ щытлъагъури, ар
дгъэлъэпIэн щхьэкIэ дыкъэкIуащи.
3 Ар щызэхихым, Ирод пащтыхьыр гузэващ, абы дэгузэващ
Ерусалим дэс цIыху псори. 4Арати, цIыхухэм я дин пашэшхуэ*
псори, я торэт егъэджакIуэ пашэ* псори зэхуишэсри, Ирод
еупщIащ:
– Мэссихьыр* къыщалъхун хуейр дэнэ?
5 – Иудей хэкум щыщ Бэтлэхьэмщ, – къыжраIащ абыхэм, –
бегъымбарым мыпхуэдэу итхащи:*
6 «Уэ, Иудей хэкум щыщ Бэтлэхьэм,
Иудэ лъэпкъым и пашэхэм нэхърэ
зыкIи унэхъ цIыкIукъым;
зы пашэ уэ къыпхэкIынущи.
Мэлыхъуэр мэлхэм зэракIэлъыплъым хуэдэу,
а пашэр си Израил лъэпкъым
кIэлъыплъынущ».

7Тхьэгурымагъуэхэр щэхуу къриджэри, Ирод вагъуэр къы-
щыщIэкIа зэман дыдэр зригъэщIащ абы и ужькIэ. 8Ахэр Бэт-
лэхьэм щигъакIуэм, яжриIащ:

---

2:1 тхьэгурымагъуэхэр – пщIыхьэпIэхэм къарыкIхэмрэ вагъуэхэм я Iуэхумрэ хэту, пащтыхь гуэрым е пщы гуэрым хуэлажьэурэ, чэнджэщэгъу яхуэхъухэращ.

2:1 Ирод пащтыхьыр – «Ирод Иныр» аращ. Хьисэ къэхъуным и пэкIэ 37-4 гъэхэм Израил къэралым и пащтыхьу щытащ.

2:1 Иудей хэкур – Израил къэралым и хэкухэм ящыщу щытащ.

2:1 Бэтлэхьэм къалэр – Ерусалим километрийкIэ пэжыжьэу, и ипщэрабгъумкIэ къыщытщ.

2:4 дин пашэшхуэхэр – дин пашэшхуэр, апхуэдэу щытахэр, абыхэм я унагъуэхэм ящыщхэрщ.

2:4 торэт егъэджакIуэ пашэхэр – Торэт хабзэм итхэмрэ журтхэм адрей тхылъ лъапIэу яIэхэм ярытымрэ цIыхухэм ягурызыгъаIуэу щыта пашэхэращ.

2:4 Мэссихь – еплъ 1:17.

2:5-6 бегъымбарым … итхащ – еплъ Михэ бегъымбарым и тхылъым 5:2; Самуел бегъымбарым и хъыбархэр зэрыт етIуанэ тхылъым (2-я Царств) 5:2.

– ФыкІуи, сабийм и хъыбарыр фІыуэ зэвгъащІэ. Ар къэвгъуэтмэ, хъыбар къызэвгъэщІэж, ар згъэлъэпІэн щхьэкІэ, сэри сыкІуэнущи.

[9] Пащтыхьым къажриІам едаІуэри, тхьэгурымагъуэхэр ежьащ. КъуэкІыпІэмкІэ щалъэгъуа вагъуэр абыхэм я пэ иту
ядэкІуэурэ, сабийр здэщыІэ щІыпІэм щынэсым, абы
къыщхьэщыуващ. [10] Вагъуэр щалъагъум, хуабжьу гуфІащ ахэр.
[11] Унэм щыщІыхьэм, сабийри абы и анэ Мэриемри ялъэгъуащ. Щалъагъум, сабийм и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу зыщрадзыхри, ягъэлъэпІащ. Я пхъуантэхэр зэтрахри, дыщэ, ладан,* смирнэ* тыгъэу иратащ. [12]Ирод деж ямыгъэззэжыну Тхьэм
пщІыхьэпІэкІэ къагуригъэІуати, я къэралым нэгъуэщІ гъуэгукІэ кІуэжащ.

*Исуфрэ Мэриемрэ сабийр я гъусэу Мысырым зэрыкІуар*

[13] Тхьэгурымагъуэхэр кІуэжа нэужь, Зиусхьэным и мелыІычыр пщІыхьэпІэм хэту Исуф къыхуэкІуащ.

- Къэтэдж, – жиІащ мелыІычым, – сабиймрэ абы и анэмрэ здэши, Мысырым кІуэ. Хъыбар уэзгъэщІэху, абы щыІэ, сабийр иукІын щхьэкІэ, Ирод къилъыхъуэнущи.

[14]Арати, Исуф къэтэджщ, сабийри абы и анэри зыщІигъури,
Мысырым жэщу кІуащ. [15] Ирод лІэху, Исуф абы щыпсэуащ.
Апхуэдэу щІэхъуар Зиусхьэным бегъымбарым игу ирилъхьэу жригъэІа псалъэхэр* пэж хъун щхьэкІэщ: «Мысырым къикІыжыну си Къуэр къезджэжащ».

*Ирод и зауэлІхэм сабийхэр зэраригъэукІар*

[16]Тхьэгурымагъуэхэм къызэрагъэпцІар щилъагъум, Ирод икъукІэ губжьащ. Тхьэгурымагъуэхэм къаригъэІуэта зэманым икІуэцІкІэ, Бэтлэхьэм абы и Іэхэлъахэ псоми щыщ къыщалъхуа сабий псори, илъэситІ зи ныбжьым нэс, яукІын щхьэкІэ Ирод и зауэлІхэр иутІыпщащ.

2:11 ладан – мэ дахэкІэ гъэнщІа Іугъуэ лъапІэр аращ.

2:11 смирнэ – мэ дахэ къызыпих удзщ.

2:15 Зиусхьэным … мы псалъэхэр – еплъ Хьошеа (Осие) бегъымбарым и тхылъым 11:1.

[17]Иеремие бегъымбарым жиIэгъа мы псалъэхэр* пэж хъуащ
абы щыгъуэ:

[18] «Рамэ жылэм* гъы, гузасэ макъымрэ
гъыбзэмрэ зэщIащтащ.
Рахил, зыхуэмыубыдыжыну хуэмейуэ,
и сабийхэр егъей,
ахэр иIэжкъыми».

*Сабийр я гъусэу Исуфрэ Мэриемрэ Мысырым къызэрикIыжар*

[19] Ирод лIа нэужь, Зиусхьэным и мелыIычыр пщIыхьэпIэу
Мысырым къыщыхуэкIуэри, [20] Исуф къыжриIащ:
– Зыужь, сабийри абы и анэри зыщIыгъуи, Израил къэралым
кIуэж, сабийм и псэм къещахэр псэужкъыми.
[21]Арати, Исуф зиужьщ, сабийри абы и анэри зыщIигъури,
Израил къэралым кIуэжащ. [22]Ауэ Ирод и пIэкIэ абы и къуэ
Архелай* Иудей хэкум и пащтыхь хъуауэ хъыбар щызэхихым,
Исуф абы ихьэжын шынащ. Тхьэм пщIыхьэпIэкIэ къыгуригъэIуа
нэужь, Галилей хэкум* кIуэри, [23] НазаретkIэ зэджэ къалэм*
дэтIысхьащ. Апхуэдэу щIэхъуар бегъымбархэм Хьисэ теухуауэ
жаIа мы псалъэхэр, пэж хъун щхьэкIэщ: «Назарет щыщкIэ еджэнущ абы».

2:17-18 Иеремие бегъымбарым къыжиIа мы псалъэхэр – еплъ Иеремие бегъымбарым и тхылъым 31:15.

2:18 Рамэ жылэр – Ерусалим километрийкIэ пэжыжьэу и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIащ.

2:22 Архелай – Ирод Иным и къуэхэм ящыщщ. Хьисэ къэхъун и пэкIэ 4-рей гъэм къыщыщIэдзауэ Хьисэ къэхъуа нэужь 6-рей гъэм нэсыху Иудей, Самарие, Идумей хэкухэм я пащтыхьу щытащ.

2:22 Галилей хэкур – Израил къэралым и ищхъэрэ лъэныкъуэм щыIэщ. Архелай и къуэш Ирод Антипэ а хэкум и пщу щытащ.

2:23 НазаретkIэ зэджэ къалэр – Галилей гуэлым километр 26-кIэ пэжыжьэу, и дыгъэ къуэхьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ.

# 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*УмэхъакIуэ Иуан и уазыр*
*(Марк 1:1-8; Лука 3:1-9, 15-17; Иуан 1:19-28)*

А махуэхэм къэкIуауэ, Иудей хэкум и губгъуэ нэщIым
цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм щригъэдаIуэурэ, [2] умэхъакIуэ Иу-
ан* жиIэрт:

–Фи гуэныхьхэм фахущIегъуэж, Тхьэуэ уафэм щыIэм и
Тепщэныгъэшхуэр* къэблэгъащи.

[3] Иуанщ Ешайа бегъымбарым мыр жиIэу зытепсэлъыхьар:*
«Губгъуэ нэщIым джэ макъ къыщоIу:
Зиусхьэным гъуэгур хуэвгъэпси,
и лъагъуэхэр захуэ хуэфщI».

[4] Иуан махъшэцым къыхэщIыкIа щыгъын щыгът, и бгым
фэ бгырыпх щIэлът, и шхыныгъуэри мацIэрэ губгъуэ форэт.
[5]Ерусалим дэс цIыхухэри, Иудей хэку псом ис цIыхухэри,
Иордан псым и Iэхэлъахэм зэкIэ щыпсэу цIыхухэри Иуан деж
кIуащ абы щыгъуэ. [6] Гуэныхьу ялэжьамкIэ заумысыжри, Иор-
дан псым Иуан зыщрагъэумэхъащ абыхэм.

[7] Фарисейхэмрэ* саддукейхэмрэ* ящыщ куэд зрагъэумэхъын
щхьэкIэ къэкIуауэ щилъагъум, Иуан яжриIащ:

---

3:1 умэхъыныр – «фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, зызвгъэумэхъ, Тхьэм ахэр къыф-хуигъэгъун щхьэкIэ», жиIэу Иуан (Яхья) цIыхухэр иумэхъырт. Хьисэ уафэм щы-дэкIуеижам къыщыщIэдзауэ, цIыхухэм диным теухуауэ тепщэныгъэ зиIэ цIыху гуэрым зрагъэумэхъ – нэгъуэщIу жыпIэмэ а цIыхум ахэр псым щIегъауэ е я щхьэм псы тIэкIу треутхэ. ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ яIэ зэрыхъуар къагъэлъагъуэ абыкIэ. Абы нэмыщIкIи, Хьисэ лIэуэ, лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам щхьэкIэ, я гуэныхьхэр къахуэгъуауэ, мыкIуэдыжын гъащIэ яIэ зэрыхъуам щыхьэт тохъуэ.

3:2 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – Тхьэм мы дунейми мы дунейм тет цIыхухэми теп-щэныгъэшхуэу яхуиIэращ. Инджылыр Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щытепсэлъыхькIэ, жыхуиIэр зэм мы зэманым Тхьэм тепщэныгъэшхуэу иIэращ, зэм къэкIуэну зэманым Тхьэм тепщэныгъэшхуэу иIэнуращ, зэм Тхьэм и деж мыкIуэдыжын гъащIэ щыуиIэны-ращ.

3:3 Ешайа бегъымбарым зытепсэлъыхьар – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 40:3. Ешайа бегъымбарыр щыпсэуар Хьисэ къэхъун и пэкIэ 759-698 гъэхэрщ.

3:7 фарисейхэр – журтхэм ящыщу диным ирикIуэ цIыху гупу щытащ. Ахэр Торэт хабзэм итхэмрэ я адэжьхэм къащIэна хабзэхэмрэ хуабжьу яхэту щытащ.

3:7 саддукейхэр – дин пашэхэм ящыщу диным хэт пашэ гупу щытащ. Абыхэм тхылъ лъапIэу ялъытэу щытар Торэт хабзэм ит тхылъитхурщ.

–Фэ, блэ щылъхухэ!* Тхьэм и губжьу къэкIуэнум фыIэщIэ-
кIын гугъэ хэт фэзыгъэщIар? 8 Фи гуэныхьхэм фыхущIегъуэжи,
абы хуэфащэ IуэхуфIхэр влэжь. 9 «Ибрэхьимщ дэ ди адэр»
жывмыIэххэ! Сэ нывжызоIэ, Тхьэм хузэфIэкIынущ мы мы-
вэхэми Ибрэхьим щхьэкIэ бын къахухигъэхъукIыну. 10 Джыдэр
жыг лъабжьэхэм трашэщIакIэщ. Аращи фIыгъуэ къызыпымыкI
дэтхэнэ жыгри къраупщIыкIыжынурэ, мафIэм пэрадзэнущ.
11 – Фи гуэныхьхэм фызэрыхущIегъуэжар нахуэ фшIын
щхьэкIэ, сэ фызоумэхъ, ауэ си ужькIэ къэкIуэнум сэр нэхърэ
нэхъ лъэкIыныгъэшхуэ иIэнущ. Абы и вакъэзехьэу сыхуэхъунуи
схуэфащэкъым сэ. Абы Тхьэм и Псэ ЛъапIэкIи мафIэкIи фиу-
мэхъынущ фэ. 12Абы и хьэнцэр и Iэм IэщIэлъщ, и хьэмыр игъэ-
къэбзэжынурэ, и гуэдзыр гуэнхэм ирикIутэжынущ, ауэ хьэуазэр
мыункIыфIыж мафIэ лыгъейкIэ игъэсынущ.

### *Иуан Хьисэ зэриумэхъар*

*(Марк 1:9-11; Лука 3:21-22)*

13Галилей хэкум къикIри, абы щыгъуэ Хьисэ Иордан псым и
Iуфэм къэкIуащ, Иуан зригъэумэхъын щхьэкIэ. 14Ар имыдэу,
Иуан Хьисэ мыпхуэдэу жриIащ:

– Уэ сэ езыр сыбумэхъын хуейщ. Зызбгъэумэхъын щхьэкIэ
укъысхуэкIуауэ ара уэ?
15 – ИджыкIэ апхуэдэу ирехъу, – жэуап иритыжащ абы Хьисэ,
– апхуэдэ щIыкIэкIэ захуагъэ длэжьауэ мэхъури.

Ар къыщцыжриIэм, арэзы хъури, Иуан Хьисэ иумэхъащ.

16Иуан зригъэумэхъри, Хьисэ псым къыхэкIыжащ. Псым
къыщыхэкIыжым, уафэр зэIукIри, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр, тхьэ-
рыкъуэ теплъэ иIэу, къызэрыхуехар Хьисэ илъэгъуащ. 17 Уафэм
макъ къиIукIащ итIанэ:

– Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр.*

---

3:7 блэщылъху – блэм къилъхуа; мыбдежым къикI мыхьэнэр: цIыху бзаджэ, Тхьэр зи гум имылъ.

3:17 Мыращ … си гум ирихьыр – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 2:7; 1 Мусэ 22:2; Ешайа бегъымбарым и тхылъым 42:1.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Гуэныхь иригъэлэжьын папщІэ, щейтІаныр Хьисэ и*
*ужь зэритар*
*(Марк 1:12-13; Лука 4:1-13)*

Тхьэм и Псэ ЛъапІэм Хьисэ губгъуэ нэщІым ишащ. Тхьэм и
Псэ ЛъапІэм Хьисэ абы щІишар гуэныхь иригъэлэжьын папщІэ
шейтІаныр абы и ужь итын щхьэкІэщ. [2]Махуэ плІыщІрэ жэщ
плІыщІрэ нэщІа нэужь, Хьисэ къэмэжэлІащ. [3] ЦІыхухэм гуэ-
ныхь езыгъэлэжь шейтІаныр къыбгъэдыхьэри Хьисэ къыж-
риІащ:
– Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, щІаккхъуэ хъуну мы мывэхэм унафэ
хуэщІ.
[4] – Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ,* – жиІащ Хьисэ,–
«ЩІаккхъуэ къудейкъым цІыхур зэрыпсэунур,
атІэ дэтхэнэ псалъэу Тхьэм къыбгъэдэкІырщ».
[5]ШейтІаным Хьисэ къалэ лъапІэм ишэщ, Тхьэм и унэшхуэм
и нэхъ лъагапІэ дыдэм тригъэувэри, [6] къыжриІащ абы и ужькІэ:
– Уэ Тхьэм ури-Къуэмэ, мыбдеж зыщедзых; Тхьэм и псалъэу
тхахэм мыпхуэдэу хэтщи:*
«Тхьэм и мелыІычхэм уэ птеухуауэ
унафэ къахуищІынущ,
мывэм уи лъакъуэхэмкІэ
ужьэхэмэуэн щхьэкІэ,
я ІэхэмкІэ узэрахьэнущ».
[7] – Тхьэм и псалъэу тхахэм мыпхуэдэу хэтщ,* – жиІащ Хьисэ,
– «Зиусхьэну уи Тхьэр умыгъэунэху».
[8] Хьисэ бгы лъагэ дыдэ гуэрым дишщ, дунейм тет къэралы-
гъуэ псори абыхэм ябгъэдэлъ щытхъури къригъэлъагъури,
[9] къыжриІащ итІанэ:
– ЩІым зыхэпІубэрэ сэ сыбгъалъапІэмэ, а псори уэ уэстынущ.

---

4:4 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ 5 Мусэ 8:3.

4:6 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ Уэрэд ЛъапІэхэм (Сабур) 90:11-12.

4:7 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ 5 Мусэ 6:16.

10 – Си ужь икI, шейтIан! – жриIащ абы Хьисэ. – Тхьэм и
псалъэу тхахэм хэтщ:* «Зиусхьэну уи Тхьэр бгъэлъапIэурэ,
узыхуэлэжьэн хуейр абы и закъуэщ».

11ШейтIаныр абы и ужь икIыжащ итIанэ; мелыIычхэр къыхуехри, Хьисэ Iуэхутхьэбзэ къыхуащIэ хъуащ.

*Хьисэ и лэжьыгъэр Галилей хэкум зэрыщиублар*
*(Марк 1:14-15; Лука 4:14-15)*

12 Иуан лъэхъуэщым щIадзауэ* хъыбар щызэхихым, Хьисэ
Галилей хэкум кIуащ. 13 Назарет къалэм дэкIыжщ, Завулон,
Неффалим хэкухэм* ящыщу псы Iуфэм Iут Капернаум къалэм
кIуэри дэтIысхьащ ар. 14Хьисэ апхуэдэу щIищIар Ешайа
бегъымбарым къыжиIа мы псалъэхэр* пэж хъун щхьэкIэщ:

15 «Завулон, Неффалим хэкухэр,
псы Iуфэм Iус хэкур,
Иордан псым и адрыщIым щыIэ хэкур,
хамэ лъэпкъхэм я хэку Галилей!»
(Абыхэм тепсэлъыхьу, бегъымбарым мыпхуэдэу жиIащ:)
КIыфIыгъэм хэт цIыхухэм нэхугъэшхуэ ялъэгъуащ;
лIэныгъэм и шынагъуэ зыщхьэщыт
хэку кIыфIым ис цIыхухэм нэху къатридзащ».

17А зэманым къыщыщIэдзауэ Хьисэ Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр иригъэдаIуэ хъуащ:

– Фи гуэныхьхэм фыхущIегъуэж, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр* къэблэгъащи.

4:10 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ 5 Мусэ 6:13.

4:12 Иуан лъэхъуэщым щIадзауэ – Ирод Антипэу Галилей, Перей хэкухэм я пщым и унафэкIэ, цIыхухэр зыумэхъ Иуан лъэхъуэщым щIадзащ. Еплъ Маттэ 14:3-4.

4:13 Завулон, Неффалим хэкухэр – Завулонрэ Неффалимрэ Израил лъэпкъым щыщ унагъуэ лъэпкъуитIщ. Абыхэм я хэкухэр Галилей гуэлым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIи и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIи щыIащ.

4:14-16 Ешайа бегъымбарым къыжиIа мы псалъэхэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 9:1-2.

4:17 Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ 3:2.

### *И гъуэгу ирикIуэн щхьэкIэ Хьисэ бдзэжьеящиплIыр къызэрыхуриджар*
*(Марк 1:16-20; Лука 5:1-11)*

[18]Галилей гуэлым* и Iуфэм Iуту кIуэурэ, зэшитI ирихьэлIащ
Хьисэ. ПетркIэ зэджэ Симонрэ абы и къуэш Индрисрэт ахэр.
Абыхэм хъыр гуэлым хадзэрт, бдзэжьеящэти. [19]Хьисэ абыхэм
яжриIащ:

– Си ужь фыкъиувэ. Бдзэжьей къэвубыдын папщIэ, я ужь
фызэритам ещхьу, си гъуэгу къытевгъэхьэн щхьэкIэ, цIыхухэм
яужь фызэрихьэнур фэзгъэщIэнущ.

[20] Яхъхэр а сыхьэтым къагъанэри, Хьисэ и ужь иуващ ахэр.

[21]АдэкIэ кIуэурэ, нэгъуэщI зэшитIи, Зеведей и къуэхэу
Екъубрэ Иуанрэ, ирихьэлIащ Хьисэ. Абыхэм, я адэ Зеведей я
гъусэу, кхъуафэжьейм исуу, яхъхэр ягъэхьэзырырт. Хьисэ ахэри
къриджащ. [22]Я къуафэжьейри я адэри къагъанэри, ахэр Хьисэ
и ужь иуващ асыхьэтым.

### *Хьисэ Галилей хэкум цIыху гупышхуэр Тхьэм и псалъэхэм щригъэдаIуэу икIи щигъэхъужу зэрыщытар*
*(Лука 6:17-19)*

[23]Галилей хэкур зэрыщыту къызэхикIухьурэ, Хьисэ Тхьэм и
псалъэхэр цIыхухэм синэгуэгухэм* щаригъащIэрт, Тхьэм и
Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбарыфIым ахэр щригъэдаIуэрт,
дэтхэнэ сымаджагъэрэ узрэ зиIэри игъэхъужырт. [24]Арати, Хьисэ
теухуа хъыбарыр Сирие хэку* псом щызэлъащIысащ. Узыфэ
зэмылIэужьыгъуэхэр къызэфыкI сымаджэ псори цIыхухэм
къыхуашэрт абы; жин бзаджэм иIыгъхэри, къэмэххэри, пкъыуэ
хъуахэри игъэхъужырт. [25] Галилей хэкуми, КъалипщI* зи цIэ
хэкуми, Ерусалими, Иудей хэкуми, Иордан псым и адрыщIым
щыщхэри Хьисэ и ужь гупышхуэу иуващ.

---

4:18 Галилей гуэлыр – Галилей хэкум ит гуэлщ. И кIыхьагъыр километр 21-рэ мэхъу, и нэхъ бгъуагъыр километр 13 мэхъу.

4:23 синэгуэгу – журтхэм я тхьэлъэIупIэщ.

4:24 Сирие хэку – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. Израил къэралыр Сирием щыщу щытащ.

4:25 КъалипщI – ахэр хамэ къалэхэт. Абыхэм я нэхъыбэр Галилей гуэлым и ипщэкъуэкIыпIэ лъэныкъуэм итащ.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Iуащхьэм тету, Хьисэ цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм ипригъэдаIуэу зэрыщытар*
*(Маттэ 5-7)*

ЦIыху гупышхуэхэр щилъагъум, Iуащхьэм дэкIуейри, Хьисэ
етIысэхащ. ЩетIысэхым, и гъуэгу ирикIуэхэр абы къыбгъэ-
дыхьащ. [2]Тхьэм и псалъэхэр абыхэм яригъащIэу щIидзащ
Хьисэ:

*Гъуэгу махуэ теувахэр*
*(Лука 6:20-23)*

[3] –Гъуэгу махуэ теуващ гурэ псэкIэ тхьэмыщкIэхэр,*
ахэр Тхьэуэ уафэм щыIэм
и Тепщэныгъэшхуэм* щIэтщи.
[4] Гъуэгу махуэ теуващ гукъеуэ зиIэхэр,
абыхэм я гукъеуэр
Тхьэм ящхьэщихыжынущи.
[5] Гъуэгу махуэ теуващ зигу пагагъэ имылъхэр,
абыхэм Iыхьэфlу къалъысынур щIылъэращи.
[6] Гъуэгу махуэ теуващ щыпкъагъэм хуэзэшхэр икIи
хуэлIэхэр,
абыхэм яхурикъун щыпкъагъэ ягъуэтынущи.
[7] Гъуэгу махуэ теуващ гущIэгъу зиIэхэр,
абыхэм гущIэгъу ягъуэтынущи.
[8] Гъуэгу махуэ теуващ зигу къабзэхэр,
абыхэм Тхьэр ялъагъунущи.
[9] Гъуэгу махуэ теуващ цIыхухэр зэзыгъэкIужхэр,
абыхэм «Тхьэм ибынкIэ» еджэнущи.
[10]Гъуэгу махуэ теуващ
щыпкъагъэм щхьэкIэ цIыхухэм гугъуехь зрагъэшэчхэр,
ахэр Тхьэуэ уафэм щыIэм
и Тепщэныгъэшхуэм щIэтщи.

5:3 гурэ псэкIэ тхьэмыщкIэхэр – Тхьэм зэрыхуэныкъуэр зыщIэхэр арщ.

5:3 Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ 3:2.

[11] – Гъуэгу махуэ фытеуващ сэ си гъуэгу фызэрырикIуэм
щхьэкIэ цIыхухэр къыфхуэхъущIэмэ, гугъуехь фагъэшэчмэ,
къыфхуэмыфащэ Iей псори къыфхужаIэмэ. [12] Фытхъэ, хуабжьу
фыгуфIэ, Тхьэм уафэм IыхьэфIу къыщыфхуигъэфэщэнур инщи.
Фэ фяпэкIэ бегъымбархэми гугъуехь ирагъэшэчу щытащ
апхуэдэу.

*Шыгъумрэ нэхумрэ*
*(Марк 9:50; Лука 14:34-35)*

[13] –ЩIылъэм и шыгъур фэращ. АтIэ шыгъум и шыугъэр хэкIмэ,
абы и шыугъэр дауэ зэрыхэплъхьэжынур? ЗыкIи и сэбэп
хъужынукъым итIанэ. Ар иракIутыжынурэ, цIыхухэм лъэгукIэ
яутэнущ.
[14] –Дунейм и нэхур фэращ. Бгыщхьэм тет къалэр пхущIэуфэн?
[15] Уэздыгъэ пигъанэмэ, ар пэгун щIагъым щIигъэувэркъым
зыми, атIэ тегъэувапIэ лъагэм трегъэувэ. Унэм щIэс псоми я
деж нэхур нос итIанэ. [16]Аращи, цIыхухэм я пащхьэм фи нэхур
щреблэ, фи фIыщIагъэхэр ялъагъуу, фи Адэ лъапIэу уафэм
щыIэм щIыхь хуащIын щхьэкIэ.

*Торэт хабзэм теухуауэ*

[17] – Мусэ и Торэт хабзэм* итхэмрэ бегъымбархэм ятха тхылъхэм* ярытхэмрэ згъэкIуэдыну сыкъэкIуауэ фи мыгугъэ. Ахэр
згъэкIуэдын щхьэкIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ и кIэм нэзгъэсыну аращ. [18] Пэжыр нывжызоIэ, уафэмрэ щIылъэмрэ щыIэху,
Мусэ и Торэт хабзэм ит хьэрфхэм я нэхъ цIыкIууи зы хьэдзэ
хэкIуэдыкIынукъым, абы ит псори къэхъуху. [19] Мы унафэхэм я
нэхъ цIыкIухэм ящыщ гуэрми емыдаIуэ цIыхуу адрей цIыхухэри а унафэм емыдэIуэну зыгъэIущым Тхьэуэ уафэм щыIэм и
Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыхухэм я нэхъ цIыкIу дыдэкIэ еджэнущ. Ауэ мы унафэхэр зыгъэзащIэу, цIыхухэр абыхэм хуезыджэхэм Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыху инхэм

---

5:17 Торэт хабзэр – Мусэ бегъымбарым и тхылъымитхур арщ. Торэт хабзэр журтхэм я тхылъ лъапIэхэм ящыщу япэрей Iыхьэщ.

5:17 бегъымбархэм ятха тхылъхэр – журтхэм я тхылъ лъапIэхэм ящыщу етIуанэ Iыхьэщ.

ящыщкIэ еджэнущ. 20 Пэжыр нывжызоIэ, фэ фи щыпкъагъэр
торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ* фарисейхэмрэ* я щыпкъагъэм
нэхърэ нэхъ ин мыхъумэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэ-
шхуэм фыщIыхьэнукъым.

*Губжьым теухуауэ*

21 –Пасэрей цIыхухэм зэрыжраIар* фэ зэхэфхащ: «ЦIыху
умыукI. ЦIыху зыукIыр хеящIэм* и пащхьэм ирашэнущ». 22 Ауэ
сэ нывжызоIэ, и къуэшым* хуэгубжь дэтхэнэри хеящIэм и
пащхьэм ирашэнущ. И къуэшым «Уэ уи щхьэр нэщIщ!» жезыIэр
Тхьэмадэ Хасэшхуэм* и пащхьэм ирашэнущ. И къуэшым «Уэ
уакъылыншэщ!» жезыIэр жыхьэнмэ мафIэм хыхьэнущ.
23 – Аращи, Тхьэм хуэпщI тыхьыр къурмэнщIыпIэм щыпхь-
кIэ, уи къуэшым гукъеуэ гуэр къыпхуиIэу уи гум къэкIыжмэ,
24 уи тыхьыр къурмэнщIыпIэм деж къыщынэ, япэ щIыкIэ кIуэи,
уи къуэшым екIуж. ИтIанэ тегъази, уи тыхь щIы!
25 –Уи дауэгъум псынщIэу екIуж, абы и гъусэу гъуэгум уте-
тыхукIэ. Армырамэ, хеящIэм и пащхьэм уришэнущ. ХеящIэми
и IуэхутхьэбзащIэм уIэщIилъхьэнурэ, лъэхъуэщым ущIадзэ-
нущ. 26 Пэжыр сэ ныбжызоIэ, зы хъурыщи* къыпхуэмынэжыху
щIумытауэ, лъэхъуэщым укъыщIэкIыжыфынукъым.

*Зинэ щIэным теухуауэ*

27 – ЗэрыжаIар* зэхэфхащ: «Зинэ умыщIэ». 28 Ауэ сэ нывжы-
зоIэ, цIыхубз гуэрым хъуэпсэнэгуу еплъ дэтхэнэми игукIэ зинэ
ищIакIэщ. 29 Аращи, гуэныхь пщIэну удригъэхьэхмэ, уи нэ

---

5:20 торэт егъэджакIуэ пашэхэр – еплъ 2:4.

5:20 фарисейхэр – еплъ 3:7.

5:21 цIыхухэм зэрыжраIар – еплъ 2 Мусэ 20:13.

5:21 хеящIэр – цIыхур хейрэ е къуаншэрэ, хабзэм и унафэм тету, зэхэзыгъэкIырщ.

5:22 къуэшхэр – зы диным ирикIуэхэр арщ.

5:22 Тхьэмадэ Хасэшхуэр – дин IуэхухэмкIэ хьэкум зыщIу нэхъ ищхьэ дыдэу къалъытэу журтхэм яIарщ. Тхьэмадэ Хасэшхуэр цIыху 70 хъууэ зэхыхьэу щытащ. А Хасэшхуэм и тхьэмадэр дин пашэшхуэр арт. Тхьэмадэ Хасэшхуэм «СинедрионкIэ» йоджэ зэзэмызэ.

5:27 зэрыжаIар – еплъ 2 Мусэ 20:14.

ижьыр къитхъыжи, хыфӀэдзэ. Уэ уипкъ псори жыхьэнмэм хадзэ
нэхърэ, уи Ӏэпкълъэпкъым щыщ зы пфӀэкӀуэдмэ, уи дежкӀэ
нэхъыфӀщ. 30 Уи Ӏэ ижьым гуэныхь пщӀэну удригъэхьэхмэ,
пыупщӀи, хыфӀэдзэ. Уэ уипкъ псори жыхьэнмэм кӀуэ нэхърэ,
уи Ӏэпкълъэпкъым щыщ зы пфӀэкӀуэдмэ, уи дежкӀэ нэхъыфӀщ.

### *Фыз игъэкӀыжыным теухуауэ*
*(Маттэ 19:9; Марк 10:1-12; Лука 16:18)*

31 –Пасэрейм мыри жаӀащ:* «Зи фыз изыгъэкӀыжым зэры-
ригъэкӀыж тхылъ ирырет». 32Ауэ сэ нывжызоӀэ, и фыз, зинэ
имыщӀауэ изыгъэкӀыж дэтхэнэми фызым зинэ иригъэщӀауэ
мэхъу (фызыр аргуэру дэкӀуэжмэ). Абы ещхьу, лӀы гуэрым
иригъэкӀыжа фыз къэзышэжми зинэ ищӀауэ мэхъу.

### *Тхьэ Ӏуэным теухуауэ*

33 –Пасэрей цӀыхухэ мыри зэрыжраӀар* зэхэфхащ: «ПцӀы-
кӀэ зэи тхьэ умыӀуэ, ауэ Зиусхьэным хуэпщӀа тхьэрыӀуэхэр
бгъэщыпкъэжын хуейщ». 34Сэ нывжызоӀэ, фэ тхьэ зэи фӀуэ хъу-
нукъым, уафэмкӀи тхьэ фымыӀуэ, ар Тхьэм и тахътэщи. 35 ЩӀы-
лъэмкӀи тхьэ фымыӀуэ, ар Тхьэм и лъэр зытет лъэгущӀэтын
лъапӀэщи. ЕрусалимкӀи тхьэ фымыӀуэ, ар пащтыхьышхуэм и
къалэщи. 36 Уи щхьэмкӀи тхьэ умыӀуэ, уэ зы щхьэц налъэ фӀыщӀи
хужьи пщӀын плъэкӀынукъыми. 37Ауэ «Аращ» жыфӀэу псалъэ
жыфӀэмэ, абы фытет, «Хьэуэ, аракъым» жыфӀэмэ, абыи фы-
темыкӀ. Абы къемызэгъыр шейтӀаным и Ӏуэхум щыщщ.

### *ЦӀыху бзаджэм фыпэмыув*
*(Лука 6:29-30)*

38 – Мыри зэрыжаӀар* зэхэфхащ: «Уи нэм къеӀэм и нэм еӀэж,
ули дзэм къеуэм и дзэм еуэж», 39 ауэ сэ нывжызоӀэ, цӀыху
бзаджэм фыпэмыув. АтӀэ уи нэкӀу ижьым къеуэ дэтхэнэми,

---

5:31 мыри жаӀащ – еплъ 5 Мусэ 24:1.

5:33 цӀыхухэм зэрыжраӀар – еплъ 3 Мусэ 19:12, 4 Мусэ 30:2, 5 Мусэ 23:21.

5:38 зэрыжаӀар – еплъ 2 Мусэ 21:24.

адрей уи нэкIури хуэгъазэ. [40] Уи джанэр птрихын щхьэкIэ,
зыгуэр къодауэмэ, уи щыгъын щIыIутелъри къыхуэгъанэ абы.
[41]Лъэбакъуэ минкIэ удэкIуэтэну ухэзыгъэзыхьым лъэбакъуэ
минитIкIэ дэкIуатэ. [42] ЗыгуэркIэ къолъэIум ет икIи щIыхуэ
пIызыхыну хуейм уи щIыб хуумыгъазэ.

*Фи бийхэр фIыуэ флъагъу*
*(Лука 6:27-28, 32-36)*

[43] – ЗэрыжаIар* зэхэфхащ: «Уи гъунэгъур фIыуэ лъагъу, уи
бийр плъагъу мыхъуу щыт». [44]Ауэ сэ нывжызоIэ, фи бийхэр
фIыуэ флъагъу, гугъуехь фэзыгъэшэч цIыхухэм Тхьэм фIыкIэ
фахуелъэIу, [45] фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм и бын фыхъун
щхьэкIэ. Абы и дыгъэр цIыху бзаджэхэми цIыхуфIхэми къаху-
къуегъэкI, щыпкъагъэ зигу илъхэми имылъхэми уэшх къаху-
регъэшх. [46]ФIыуэ фыкъэзылъагъухэм фIэкIа фIыуэ фымылъа-
гъужмэ, сыт хуэдэ Iыхьэф I фызыщыгугъыр? Хьэкъытын ахъшэр*
хэзыххэм ар дыдэр ящIэркъэ? [47] Фэ фи къуэшхэм фIэкIа зыми
и Iэр фымыубыдмэ, егъэлеяуэ сыт фIыгъэ фщIэр? Хамэ лъэп-
къхэми апхуэдэу ящIэркъэ? [48]Аращи, фи Адэ лъапIэу уафэм
щыIэм и щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, ар нэгъэсауэ
зэрыщытым хуэдэу, фи щыпкъагъэми щыщIагъэ лъэпкъ
хэмылъу, фэ цIыху нэгъэсауэ фыщытын хуейщ.

# 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Псапэ тыхьым теухуауэ*

– Псапэ щыфщIэкIэ, цIыхухэм евгъэгъэщIэгъуэн мурадкIэ
абыхэм ялъагъуу зэрывмыщIэным фыхуэсакъ. Армыхъумэ, фи
Адэ лъапIэу уафэм щыIэм Iыхьэф Iыр къыфхуигъэфэщэнукъым.

---

5:43 зэрыжаIар – еплъ 3 Мусэ 19:18. «Уи бийр плъагъу мыхъуу щыт» псалъэхэр а тхылъ иткъым.

5:46 хьэкъытын ахъшэр – цIыхухэр къалэ гуэрым щыдыхьэкIэ е щыдэкIкIэ, псэуалъэу, хьэпшыпу икIи гъавэу яIэм Рим къэралыгъуэшхуэм ахъшэу ятрилъхьэу щытарщ. ЦIыхухэм, псом хуэмыдэу дин пашэхэм, хьэкъытын ахъшэр хэзых цIыхухэр зрапэсу щытакъым, дин унафэ гъэувахэм ахэр емыдаIуэу зэрыщытам щхьэкIэ.

2–Аращи, псапэ тыхь щыптклэ, цIыхухэм хъыбар йомы-
гъащIэ, синэгуэгухэм* щIэс икIи уэрамхэм тет бзитIщхьитIхэм
фIыщIэ лей къахьын мурадкIэ зэрызагъэнаIуэм ещхьу. Пэжыр
нывжызоIэ, апхуэдэу зыщIхэм я Iыхьэфlыр ягъуэтакIэщ. 3Ауэ
уэ псапэ тыхь щыпткIэ, уи Iэ ижьым илэжь Iуэхур уи Iэ сэмэгум
иремыщIэ, 4 уэ пта псапэ тыхьыр щэхуу къэнэн щхьэкIэ. Уи Адэ
лъапIэу цIыхухэм щэхуу ящIэр зылъагъум уи Iыхьэфlыр къы-
уитынущ итIанэ.

### *Тхьэм елъэIуным теухуауэ*
*(Лука 11:2-4)*

5 – Тхьэм фыщелъэIукIэ, бзитIщхьитIхэм зэращIым хуэдэу
фымыщI. ЦIыхухэм зыкърагъэлъагъун щхьэкIэ, Тхьэм
елъэIуурэ, синэгуэгухэми уэрамыщхьэхэми зыщаIэжьэну
яфIэфIщ абыхэм. Пэжыр нывжызоIэ, абыхэм я Iыхьэр ягъуэ-
такIэщ. 6Ауэ уэ Тхьэм ущелъэIукIэ, уи пэшым щIыхьэж, бжэр
къэгъэбыди, цIыхухэм я дежкIэ нэрымылъагъу уи Адэ лъапIэм
елъэIу. ЦIыхухэм щэхуу ящIэр зылъагъу уи Адэ лъапIэм уи
IыхьэфIыр къыуитынущ итIанэ. 7 Тхьэм фыщелъэIукIэ, куэдыщэ
жывмыIэ, хамэ лъэпкъхэм зэращIым хуэдэу; куэд жаIэмэ, зы-
щIэлъэIухэм Тхьэр едэIуэну щогугъ ахэр. 8Аращи, абыхэм зэра-
щIым хуэдэу фымыщIэ; фэ фелъэIун и пэкIэ, фызыхуэныкъуэр
фи Адэ лъапIэм ещIэри.

9 – Тхьэм мыпхуэдэу фелъэIу:

«Уэ ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ!
Уи цIэр цIыхухэм ирегъэлъапIэ.
10 Уи Тепщэныгъэшхуэр* кърекIуэ.
Уэ узыхуейр уафэм зэрыщыхъум хуэдэу,
щIылъэми щрехъу.
11 ЩIакхъуэу дызыхуэныкъуэр нобэ къыдэт.
12 Мыхъуну тщIар къытхуэгъэгъу,
мыхъун къыдэзыщIахэм дэ зэрахуэдгъэгъум
хуэдэу.
13 ШейтIаным гуэныхь дигъэлэжьыну хуит умыщI,
икIи абы дыщыхъумэ.

---

6:2 синэгуэгур – еплъ 4:23.

МыкIуэдыжын тепщэныгъэшхуэр, лъэкIыныгъэшхуэр, щIыхьышхуэр ууейщ. Iэмин».

[14] – ЦIыхухэм мыхъумыщIагъэу ящIар щахуэвгъэгъукIэ, фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэм фэри мыхъумыщIагъэу фщIар къыфхуигъэгъунущ, – къыщIигъужащ Хьисэ. [15] – Ауэ цIыхухэм мыхъумыщIагъэу ящIар яхуэвмыгъэгъумэ, фи Адэ лъапIэми фэ мыхъумыщIагъэу фщIар къыфхуигъэгъунукъым.

*НэщIыным теухуауэ*

[16] –ФынэщIын щыхъукIэ, цIыху фэрыщIхэм ещхьу нэщхъеифэ зытевмыгъауэ; зэрынэщIыр цIыхухэм ирагъэлъагъун щхьэкIэ, абыхэм я нэщхъыр зэхалъхьэ. Пэжыр ывжызоIэ, абыхэм я Iыхьэр ягъуэтакIэщ. [17,18]Ауэ уэ унэщI щыхъукIэ, цIыхухэм гу лъремытэ узэрынэщIым, уи Адэ лъапIэу цIыхухэм я дежкIэ нэрымылъагъум фIэкI нэгъуэщIым гу лъимытэн щхьэкIэ, уи щхьэм дагъэ лъапIэ щыхуэ, уи напэри тхьэщI. ЦIыхухэм щэхуу ящIэр зылъагъу уи Адэ лъапIэм уи IыхьэфIыр къыуитынущ итIанэ.

*Уафэм мылъкушхуэ хузэхуэфхьэс*
*(Лука 12:33-34)*

[19] – ЩIылъэм мылъкушхуэ щызэхуэвмыхьэс, щIылъэм щыIэр е хъуным яшх е улъийурэ мэкIуэдыж, дыгъуакIуэхэм яхъунщIэ икIи ядыгъури. [20]Ауэ уафэм мылъкушхуэ хузэхуэфхьэс. Хъуным абы зыри щишхыркъым, зыри щыулъийркъым, дыгъуакIуэхэри щыIэбэркъым икIи щыдыгъуэркъым. [21] Уи мылъкушхуэр здэщыIэм уигури щыIэнущ.

*Пкъым и уэздыгъэр*
*(Лука 11:33-36)*

[22] – Пкъым и уэздыгъэр нэращ. Аращи, уи нэр сэкъатыншэмэ, уипкъ псори нэхунущ. [23]Ауэ уи нэр мыщIагъуэмэ, уипкъ псори кIыфIынущ. Аращи, нэхуу пхэлъыр кIыфIыгъэу къыщIэкIмэ, ар куэду кIыфIыгъэшхуэ мэхъу.

### *Тхьэмрэ ахъшэмрэ*
*(Лука 16:13)*

24 – Зиусхьэнит1ым хуэлэжьэн зыми лъэк1ынукъым, е зым
жагъуэгъу хуэхъунурэ, адрейр ф1ыуэ илъагъунущ, е зым пэжу
хущытынурэ, адрейм нэмыплъ иритынущ. Тхьэми ахъшэми
фахуэлэжьэн флъэк1ынукъым фэ.

### *Гузэвэгъуэм теухуауэ*
*(Лука 12:22-34)*

25 – Аращи, нывжызо1э, «Сыт тшхыну, сыт дефэну?» жыф1эу
фи гъащ1эм щхьэк1э фымыгузавэ. «Сыт щытт1эгъэну?» жыф1эу
1эпкълъэпкъым щхьэк1и фымыгузавэ. Шхыным нэхърэ гъащ1эр
нэхъ лъап1экъэ, щыгъыным нэхърэ 1эпкълъэпкъыр нэхъ лъа-
п1экъэ? 26 Уэгум щызелъатэ бзухэм феплъыт: абыхэм жылэ ясэр-
къым ик1и гъавэ къахыжыркъым, гуэнхэми ирак1утэркъым,
апхуэдэу щыт пэтми, фи Адэ лъап1эу уафэм щы1эм ахэр егъа-
шхэ. Фэ абыхэм нэхърэ куэдк1э фынэхъ лъап1экъэ? 27 Гузавэ
пэтми, хэт фэ фщыщу зы сыхьэт закъуэ и гъащ1эм пызыщэн
зылъэк1ынур?
28 – Фэ щыфт1эгъэным щхьэк1э щхьэ фыгузавэрэ? Губгъуэ
удз гъагъэхэр къызэрык1ым феплъыт. Ахэр лажьэркъым, цы
яджыркъым, 29 ауэ нывжызо1э, егъэлеяуэ зызыгъэщ1эращ1эу
щыта езы Сэлмэн пащтыхь* дыдэри абыхэм ящыщ зым ещхьу
хуэпауэ щытакъым. 30Губгъуэм нобэ щыгъагъэу пщэдей хьэкум
ирадзэжыну удзыр Тхьэм апхуэдизу егъэлеяуэ щигъэщ1эращ1э-
к1э, абы нэхърэ куэдк1э нэхъыбэк1э фэ фигъэщ1эрэщ1энукъэ фэ,
ф1эщхъуныгъэ зимащ1эхэр? 31Аращи, «Сыт дэ тшхыну?», е «Сыт
дефэну?», е «Сыт щытт1эгъэну?» жыф1эу фымыгузавэ. 32 Сыт
щхьэк1э жып1эмэ апхуэдэ 1уэху псорищ дунейм тет лъэпкъхэм
къалъыхъуэр. А псоми фэ фызэрыхуэныкъуэр фи Адэ лъап1эу
уафэм щы1эм ищ1эркъэ? 33Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм* и 1уэху-
гъуэхэмрэ Тхьэм и щыпкъагъэмрэ я ужь фит япэ щ1ык1э, а
1уэхугъуэ псори къыф1эщ1ыхьэнущ ит1анэ. 34Аращи, пщэдейрей
махуэм щхьэк1э фымыгузавэ. Пщэдей къак1уэр езым и щхьэм
щхьэк1э гузэвэжынущ, дэтхэнэ махуэми езыр зытегузэвыхьын
хурикъуу и1эжщи.

6:29 Сэлмэн пащтыхьыр – Соломон пащтыхьыр арщ.

# 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьэкум зыми тевмыщIыхь*
*(Лука 6:37-38, 41-42)*

– Хьэкум* зыми тевмыщIыхь, Тхьэм хьэкум фэ къыфтри-
мыщIыхьын щхьэкIэ. 2 ЦIыхухэм фэ хьэкум зэратефщIыхьым
хуэдэу, Тхьэм фэри хьэкум къыфтрищIыхьынущ икIи фэ зэ-
рыфпщ пщалъэм хуэдэ дыдэкIэ Тхьэм фэ къыфхуипщыжынущ.
3 – Уэ уи нэм щIэлъ бжэгъум гу лъумытэу, уи къуэшым* и
нэм щIэлъ пхъэласкIэр щIэплъагъур сыт? 4 Уи нэм бжэгъу щIэлъ
пэтрэ, уи къуэшым дауэ жепIэфрэ: «Уи нэм щIэлъ пхъэласкIэр
къыщIэзгъэх», жыпIэу? 5 Уэ, бзитIщхьитI, уи нэм щIэлъ бжэгъур
къыщIэхыж япэ щIыкIэ, уи къуэшым и нэм щIэлъ пхъэласкIэр
къызэрыщIэпхынур IупщI хъунщ итIанэ.
6 – Фэ фигукIэ вгъэлъапIэ Iуэхугъуэхэр хьэхэм евмыт. Нал-
къутналмэсхэр кхъуэхэм я пащхьэм щивмыкъухь. Апхуэдэу
фщIымэ, абыхэм ахэр яутэнущ, къагъэзэжынурэ, фэри фызэп-
кърахъхъынущ.

*Тхьэм фелъэIу, фылъыхъуэ, куэбжэм фытеуIуэ*
*(Лука 11:9-13)*

7 –ФелъэIуи, Тхьэм къывитынущ; фылъыхъуи, къэвгъуэты-
нущ; куэбжэм фытеуIуи, Тхьэм къыфхуIуихынущ; 8 Тхьэм хэт
елъэIуми, зыщIэлъэIур иIэ хъунущ, хэт сыт къилъыхъуэми,
зылъыхъуэр къигъуэтынущ; куэбжэм теуIуэми Тхьэм къы-
хуIуихынущ.
9 – Фэ цIыху къыфхэт, и къуэр щIакхъуэ щхьэкIэ къелъэIумэ,
мывэ иритыну, 10 е бдзэжьей щхьэкIэ къелъэIумэ, блэ иритыну?
11 Аращи, фэ фыбзаджэ пэтми, фи бынхэм фIыгъуэ зэрефтынур
фощIэ. АтIэ абы нэхърэ IэджэкIэ нэхъыбэу фи Адэ лъапIэу
уафэм щыIэм елъэIухэм фIыгъуэ яхуищIэнукъэ? 12 Аращи,
цIыхухэр фэ къыфхущытыну фызэрыхуейм хуэдэу, фэри абыхэм
фахущыт сыт щIыгъуи. Аращ Торэт хабзэми бегъымбархэм
ятхахэми къарыкIыр узыхуаущийр.

7:1 хьэкум – «суд» .

7:3 уи къуэш – еплъ 5:22.

### *Куэбжэ зэвыр*
*(Лука 13:24)*

13 –Куэбжэ зэвымкIэ фыдыхьэ; кIуэдыпIэм и куэбжэр
бгъуфIэщ, абы кIуэ гъуэгури гъуэгушхуэщ. А гъуэгум ирикIуэ-
хэр куэд мэхъу. 14Ауэ гъащIэм и куэбжэр зэвщ, абы ухуэзышэ
гъуэгури бгъузэщ. Ар къэзыгъуэтыр мащIэщ.

### *Жыгыр зыхуэдэр къыпыкIэмкIэ пщIэнущ*
*(Лука 6:43-44)*

15 –Бегъымбар нэпцIхэм фахуэсакъ. Абыхэм мэл Iэсафэ зыт-
рагъауэ, ауэ ягукIэ дыгъужь хъунщIакIуэхэм хуэдэу фи деж
къокIуэ. 16 Жыгыр зыхуэдэр къыпыкIэмкIэ зэрыпщIэм хуэдэу,
а цIыхухэр зыхуэдэр ялэжь IуэхухэмкIэ къэфщIэнущ. Пыжьейм
жызум, е кхъуэбанэм ахъуо къыпыкIэрэ? 17Дэтхэнэ зы жыгыфIми
фIы къыпокIэ, ауэ жыг Iейм Iейщ къыпыкIэр. 18ЖыгыфIым Iей
къыпыкIэнукъым, жыг Iейми фIы къыпыкIэнукъым. 19 ФIы къы-
зыпымыкIэ дэтхэнэ зы жыгри ираупщIыкIыжынурэ, мафIэм
пэрадзэнущ. 20Аращи, а цIыхухэр зыхуэдэр ялэжь IуэхумкIэ
къэфщIэнущ.

### *ИгъащIэм фысцIыхуакъым сэ фэ*
*(Лука 13:25-27)*

21 –«Зиусхьэн! Зиусхьэн!» жиIэу сигъэлъапIэу къызжезыIэ
цIыхуракъым Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм*
щIыхьэнур, атIэ си Адэу уафэм щыIэр зыхуейр зыгъэзащIэр
арщ. 22ЦIыху куэдым мыпхуэдэу къызжаIэнущ а махуэм:
«Зиусхьэн! Зиусхьэн! Тхьэм езым и псалъэу ди гум кърилъхьар
уэ уи цIэкIэ жытIэу щытакъэ, уэ уи цIэкIи жин бзаджэхэр цIыху-
хэм яхэтхужу щытакъэ, Iуэху телъыджэ куэд уэ уи цIэкIэ тщIэуэ
щытакъэ?» 23Ауэ сэ абыхэм занщIэу яжесIэнущ: «Сэ зэи
фысцIыхуакъым. Си пащхьэм фикI фэ бзаджащIэхэр».

---

7:21 Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр – мыбдежым абы къикIыр Тхьэм и цIыху лъапIэхэр Тхьэм и гъусэу здэщыIэр аращ.

*УхуакIуэ губзыгъэмрэ ухуакIуэ акъылъыншэмрэ*
*(Лука 6:47-49)*

24 –Аращи, си псалъэхэр зэхихэу ахэр зыгъэзащIэ дэтхэнэри
зыхуэдэр зи унэр мывэ быдэм тезыщIыхьа цIыху губзыгъэрщ.
25Уэшх къешхащ, псыхэри къиуащ, жьыри къепщэурэ а унэм
жьэхэуащ, ауэ а унэр къызэтеуакъым, мывэм тращIыхьати. 26Си
псалъэхэр зэхихыу ахэр зымыгъэзащIэ дэтхэнэри зыхуэдэр зи
унэр пшахъуэм тезыщIыхьа лIы акъылыншэрщ. 27 Уэшх къе-
шхащ, псыхэр къиуащ, жьыри къепщэурэ а унэм жьэхэуащ. А
унэр къызэтещэхащ икIи къисэхэжащ.

28Хьисэ а псалъэхэр жиIа нэужь, цIыху куэдым Iуэхухэр зэра-
ригъащIэу щыта щIыкIэр ягъэщIэгъуащ, 29 торэт егъэджакIуэ
пашэхэмрэ фарисейхэмрэ яхуэмыдэу, тепщэныгъэшхуэ иIэу
цIыхухэм Тхьэм и гъуэгур яригъащIэрти.*

## 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Уэшын уз зыпкърыт лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Марк 1:40-45; Лука 5:12-16)*

Iуащхьэм къыщехыжым, Хьисэ и ужь цIыху гупышхуэ куэд
итт. 2Уэшын уз зыпкърыт лIы гуэр Хьисэ къыбгъэдыхьэщ, и
пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу къитIысхьэри, жиIащ:

– Зи щIыхь ин, ухуеймэ, сыбгъэхъужыфынущ.

3И Iэр ишийщ, абы теIэбэри,* Хьисэ жиIащ:

–Сыхуейщ, узыншэ ухъуж.

Уэшын уз щхьэщыкIри, лIыр узыншэ хъужащ а сыхьэтым.
4ЛIым Хьисэ жриIащ:

–Сакъ, мыр зыми хуумыIуэтэж, ауэ дин пашэм деж кIуэи, зыкъегъэлъагъу. Мусэ бегъымбарым и унафэм тету, къурмэн щIы итIанэ. УзэрыхъужамкIэ цIыхухэм я пащхьэм щыхьэт щыхъунущ ар.

---

7:29 тепщэныгъэшхуэ иIэу цIыхухэм Тхьэм и гъуэгу яригъащIэрт – Хьисэ торэт егъэджакIуэ пашэхэм ещхьтэкъым. Абыхэм пасэрей дин пашэу щIэныгъэшхуэ зиIэу щытахэм я псалъэхэмкIэ езыхэм къыжаIахэр ягъэпэжыну хэту щытащ.

8:3 теIэбэри – уэшын уз зыпкърыт цIыхум утеIэбэ хъунутэкъым.

*Дзэ пашэм и унэIутыр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Лука 7:1-10; Иуан 4:43-54)*

5 Хьисэ Капернаум къалэм* дыхьащ итIанэ. Щыдыхьэм, дзэ
пашэ гуэр къыбгъэдыхьэри къелъэIуащ:

6 – Уа зи щIыхь ин, пкъыуэ хъуауэ, гугъуехьышхуэ телъу си
унэIутыр унэм щIэлъщ.

7 – Сэ сынэкIуэнщи, згъэхъужынщ, – жриIащ Хьисэ абы.

8 –Зи щIыхь ин, си унэм уэ унызщIыхьэну схуэфащэкъым, –
къыжриIащ дзэ пашэм, – ауэ зы псалъэ закъуэ жыIэ, унафэ
щIыи, си унэIутыр хъужынщ.
9 Сэри цIыху гуэрым и унафэм
сыщIэтщ, си унафэми зауэлIхэр щIэтщ. Зыгуэрым «КIуэ» жесIэмэ, кIуэнущ. Адрейм «КъакIуэ» жесIэмэ, къэкIуэнущ. «Мыр щIэ» си унэIутми жесIэмэ, ищIэнущ.

10 Ар щызэхихым, игъэщIагъуэри, Хьисэ и ужь ит цIыхухэм
яжриIащ:

–Пэжыр нывжызоIэ, мыпхуэдэ фIэщхъуныгъэ зиIэ зы цIыху
закъуи Израил къэралым изгъуэтакъым сэ.
11 Ауэ сэ нывжызоIэ,
къуэкIыпIэмкIи къухьэпIэмкIи цIыху куэд къикIынурэ, Ибрэхьим, Исхьэкъ, Екъуб сымэ я гъусэу Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм и гухэхъуэ Iэнэм щхьэж и тIысыпIэ щиубыдынущ.
12 Ауэ мы къэралым и цIыхухэр кIыфIыгъэм и куууп Iэм хадзэнущ. Абы гъы макърэ дзэ зэрыгъэшх макърэ къыщыIунущ.

13 Хьисэ дзэ пашэм жриIащ итIанэ:

–КIуэ, уэ уи фIэщ зэрыхъуам хуэдэу, къыбдрехъу.

Дзэ пашэм и унэIутыр хъужащ а сыхьэт дэдэм.

*Хьисэ цIыху куэд зэригъэхъужар*
*(Марк 1:29-34; Лука 4:38-41)*

14 Хьисэ Петр и унэм щыщIыхьэм, абы и щыкъу анэр пIэм
плъыржьэру хэлъу ирихьэлIащ.
15 Хьисэ сымаджэм и Iэм еIусэри, абы плъыржьэрыр щхьэщыкIащ. Петр и щыкъу анэр къэтэджыжри, Хьисэ хьэщIагъэ къэрихащ.

8:5 Капернаум къалэ – Галилей гуэлым и ищхъэрэ-къухьэпIэ Iуфэм Iутщ.

[16] Пщыхьэщхьэ щыхъум, жин бзаджэм иIыгъ цIыху куэд
Хьисэ деж къашащ. Жин бзаджэхэр цIыхухэм зы псалъэкIэ
яхихуащ, Хьисэ сымаджэ псори игъэхъужащ. [17]Апхуэдэу щIэ-
хъуар Ешайа бегъымбарым жиIа мы псалъэхэр* пэж хъун
щхьэкIэщ:

«Дэ ди сымэджагъэхэр тщхьэщихри,
ди узхэр езым зытрилъхьащ».

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэным гугъуехьу хэлъыр*
*(Лука 9:57-62)*

[18] ЦIыху куэд къеувэкIауэ щилъагъум, Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэхэм яжриIащ:
–ФынакIуэ, гуэлым дызэпрывгъэкI.
[19]Торэт егъэджакIуэ пашэ* гуэр къыбгъэдыхьэри, Хьисэ
къыжриIащ:
–Дин егъэджакIуэ, уэ дэнэ укIуэми, уи ужь сиувэнущ.
[20] –Бажэхэм зэрысын гъуэ яIэщ, къуалэбзухэми абгъуэ яIэщ,
ауэ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм* и щхьэр зрихьэлIэн хэщIапIэ
иIэкъым, – жриIащ абы Хьисэ.
[21] И гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ нэгъуэщI гуэрми Хьисэ
къыжриIащ:
–Зи щIыхь ин, сыкIуэу, си адэр щIэслъхьэжыну хуит сыщI
япэщIыкIэ.
[22] –ЛIахэм езыхэм я лIахэм я хьэдэхэр щIрыралъхьэж, ауэ
уэ си ужь къиувэ, – жриIащ Хьисэ.

---

8:17 Ешайа бегъымбарым жиIа мы псалъэхэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 53:4.

8:19 торэт егъэджакIуэ пашэ – еплъ 2:4.

8:20 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – «ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм хуэдэу пшэхэм яхэту, зыгуэр къехащ» - Даниил бегъымбарым жиIэгъа а псалъэхэр Хьисэ езым и щхьэ хужиIэжащ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэу зи псэупIэр уафэм щыIэу, абы къехар Хьисэщ (Иуан 3:13). Гъуэщахэм лъыхъуэурэ, мыкIуэду къригъэлын щхьэкIэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къэкIуащ (Лука 19:10). ЦIыху куэдым я цIэкIэ щхьэщэхужу и псэр итын щхьэкIэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къэкIуащ (Марк 10:45). ЛIахэм къахэтэджыкIыжын хуейщ (Маттэ 17:9). Езым и Адэм и щIыхьышхуэр иIэу, дунейм и цIыхухэм хьэкум (суд) ятрищIыхьын щхьэкIэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр дунейм къытехьэжынущ. (Маттэ 25:31).

### *Хьисэ борэнышхуэр зэригъэувыIар*
*(Марк 4:35-41; Лука 8:22-25)*

[23]Хьисэ кхъуафэжьейм итIысхьащ, и гъуэгу ирикIуэхэри
итIысхьащ кхъуафэжьейм. [24] НапIэзыпIэм гуэлым борэнышхуэ
къыщыхъейри, толъкъунхэр кхъуафэжьейм къиуэу щIидзащ.
Ауэ Хьисэ жейрт. [25]Апхуэдэу щыхъум, ахэр Хьисэ къыбгъэдыхьэщ, къагъэушри, жраIащ:

–Зиусхьэн, докIуэд, дыкъегъэл.

[26] – Сыт апхуэдизу фыщIэшынэр фIэщхъуныгъэ зи мащIэхэр? – яжриIащ абыхэм Хьисэ. ИтIанэ къызэфIэувэщ, борэнышхуэми псыми егийри, дунейр щым дыдэ хъужащ.

[27] – Хэт мы жьыри псыри зыгъэдаIуэр? – жаIащ цIыхухэм, ягъэщIагъуэу.

### *Жин бзаджэм иIыгъ цIыхуитI Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Марк 5:1-20; Лука 8:26-39)*

[28] Гуэлым и адрыщIым ит хэкуу Гергесэ къалэр зэрытым щынэсым, жин бзаджэм иIыгъ цIыхуитI кхъэлэгъунэхэмкIэ къикIри, Хьисэ къыпежьащ. АбыкIэ зыри бламыгъэкIыу, цIыху Iэлт ахэр.

[29] – Тхьэм и Къуэ, сыт уи Iуэхуу къытхэлъыр? ПIалъэр къэмыс щIыкIэ, гугъу дебгъэхьыну укъэкIуа? – жаIэурэ къэгуоуащ ахэр.

[30]Абыхэм япэжыжьэу, кхъуэ хъушэшхуэ щыхъуакIуэрт.
[31]Арати, жин бзаджэхэр Хьисэ къелъэIуащ:

– Мы цIыхухэм дащыхэпхукIэ, мо кхъуэ хъушэшхуэм дыгъакIуи, кхъуэхэм япкъхэм дахэгъэхьэ.

[32] – ФыкIуэ! – яжриIащ Хьисэ абыхэм. Ар щыжиIэм, жин бзаджэхэр лIыхэм яхэкIыжри, кхъуэхэм япкъхэм хыхьащ. Кхъуэхэм япкъхэм щыхыхьэм, кхъуэ хъушэшхуэр зэрыщыту Iуащхьэ нэпкъым къежэхщ, гуэлым хэлъадэри, псым итхьэлащ.
[33]Ауэ кхъуахъуэхэр щIэпхъуэжщ, къалэм дэлъэдэжри, къэхъуа
псори жин бзаджэм иIыгъ лIитIым къащыщIари яIуэтэжащ.
[34]Арати, къалэм дэс псори Хьисэ къыпежьащ. Хьисэ щалъагъум,
я хэкур ибгынэну къелъэIуащ ахэр.

# 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Пкъыуэ хъуа лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Марк 2:1-12; Лука 5:17-26)*

Кхъуафэжьейм итIысхьэщ, гуэлым къызэпрыкIыжри, и
къалэм къэкIуэжащ Хьисэ. [2]Пкъыуэ хъуа лIы гуэр, алэрыбгъум
телъу, Хьисэ деж къахьащ. Абыхэм я фIэщхъуныгъэр
щилъагъум, Хьисэ пкъыуэ хъуа лIым жриIащ:
– Умыдзыхэ, си щIалэ! Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ.
[3]Ар Хьисэ щыжиIэм, торэт егъэджакIуэ пашэхэм ящыщ гуэр-
хэм ягукIэ жаIащ:
– Мы лIым Тхьэр егъэпцI.
[4]Хьисэ абыхэм я гум илъыр ищIэрти, жиIащ:
– Фи гум апхуэдэ гукъэкI бзаджэхэр щIилъыр сыт? [5] Сытыра
нэхъ тыншыр «Уи гуэныхьхэр къыпхуэгъуащ» жыпIэныра, хьэ-
мэрэ «Къэтэджи, ежьэж» жыпIэныр ара? [6]Ауэ ЦIыху Лъэпкъым
и Къуэм* гуэныхьхэр игъэгъуну дунейм тепщэныгъэ зэрыщиIэр
къэфщIэн щхьэкIэ, – жери, Хьисэ пкъыуэ хъуа лIым жриIащ:
– КъызэфIэувэ, уи алэрыбгъур къащти, уи унэ кIуэж.
[7]А лIыр къэтэджри, и унэм кIуэжащ. [8] ЦIыху гупышхуэм ар
щалъагъум, ягъэщIэгъуащ. ЦIыхухэм Хьисэ апхуэдэ
тепщэныгъэ къезыта Тхьэм щIыхь хуащIащ.

*И гъуэгу ирикIуэну, Хьисэ Маттэ къызэрыхуриджар*
*(Марк 2:13-17; Лука 5:27-32)*

[9]АдэкIэ кIуэурэ, хьэкътын ахъшэр* щыхах унэм деж щысу
Маттэ зи цIэ лIы гуэр илъэгъуащ Хьисэ.
– Си ужь къиувэ, – жриIащ абы Хьисэ. Маттэ къэтэджри,
Хьисэ и ужь иуващ.
[10] Хьисэ Маттэ и унэм щIэсу здэшхэм, хьэкътын ахъшэр
хэзыххэмрэ гуэныхь зыщIэхэмрэ къэкIуэурэ куэд хъуауэ, Хьи-
сэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ ядэшхэрт. [11] Фарисейхэм* ар
щалъагъум, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм еупщIащ:

---

9:6 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ 8:20.

9:9 хьэкътын ахъшэр – еплъ 5:46.

9:11 фарисейхэр – еплъ 3:7.

– Фэ фи дин егъэджакIуэр хьэкътын ахъшэр хэзыххэмрэ гуэныхь зыщIэхэмрэ сыт щIадешхэр?

[12]Ар щызэхихым, Хьисэ жиIащ:

– Узыншэхэракъым дохутыр хуэныкъуэр, атIэ сымаджэхэращ. [13] ФыкIуи, Тхьэм жиIа мы псалъэхэм* къарыкIыр зэвгъащIэ: «Къурмэн щIыныракъым сызыхуейр, атIэ гущIэгъурщ». Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэр къезджэну папщIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ гуэныхь зыщIэхэр я гуэныхьхэм хущIегъуэжыным къыхуезджэн щхьэкIэщ.

*НэщIым теухуауэ журт пашэхэр Хьисэ къызэреупщIар*
*(Марк 2:18-22; Лука 5:33-39)*

[14]Иуан и гъуэгу ирикIуэхэр Хьисэ деж къакIуэри, къыжраIащ:

– Фарисейхэмрэ дэрэ куэдрэ донэщI.* Уэ уи гъуэгу ирикIуэхэр щхьэ мынэщIрэ?

[15] – Щауэр я гъусэхукIэ, абы и гъусэхэм щыгъуэн ялъэкIыну? – яжриIащ Хьисэ абыхэм. – Ауэ щауэр абыхэм пэIэщIэ щащIыну махуэхэр къэунэхунущ, абы щыгъуэ нэщI исынущ ахэр.

[16] – ЩэкIыщIэм щыщ щыдэжын зыми щыгъыныжьым щидэжыркъым, щыдэжыным щыгъыныжьыр зэфIитхъынурэ, гъуанэр нэхъ ин хъунущи. [17]ФадэщIэр фэнд тIорысэм ирагъахъуэркъым. Апхуэдэу ящIмэ, фэндхэр къызэгуэитхъынурэ фадэр къижынущ, езы фэндхэри абы текIуэдэнущ. ФадэщIэр фэндыщIэхэрщ зрагъахъуэр. ТIури къызэтенэнущ абы щыгъуэ.

*Пашэ гуэрым ипхъу лIар Хьисэ къызэригъэтэджыжар;*
*И щыгъын кIапэм къеIуса цIыхубзыр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Марк 5:21-43; Лука 8:40-56)*

[18]Хьисэ а псалъэхэр цIыхухэм щажриIэм, пашэ гуэр къыбгъэдыхьэщ, абы и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу къитIысхьэри, жиIащ:

– Си пхъур малIэри телъщ, ауэ унакIуэрэ, уи Iэр теплъхьэмэ, ар лIэнукъым.

---

9:13 Тхьэм жиIа мы псалъэхэр – еплъ Хьошеа (Осие) бегъымбарым и тхылъым 6:6.

9:14 донэщI – фарисейхэр, езым яфIэфIу, тхьэмахуэ къэс махуитIкIэ нэщIырт.

19 Хьисэ къэтэджщ, и гъуэгу ирикIуэхэр зыщIигъури, а пашэм
и гъусэу кIуащ.

20 ЦIыхубз гуэр, илъэс пщыкIутI хъуауэ, лъы куэд щIэкIыурэ
игъэгуIэрт. Ар Хьисэ и щIыбагъымкIэ къыщыбгъэдыхьэри, и
щыгъын кIапэм къеIусащ; 21 игукIэ мыпхуэдэу жиIэри: «Нэ-
гъуэщI мыхъуми, Хьисэ и щыгъыным сеIусэмэ, сыхъужынущ».
22 ЗэплъэкIри, а цIыхубзыр щилъагъум, Хьисэ жиIащ:

– Умыдзыхэ, си хъыджэбз. Уи фIэщхъуныгъэм уигъэхъужащ.

Абдеж дыдэм къыщыщIэдзауэ а цIыхубзыр хъужащ.

23 А пашэм и унэм щIыхьэри, бжьамияпщэхэри цIыху
гупышхуи зэрызехьэу, хьэдагъэ ящIу щилъагъум, 24 Хьисэ къы-
жиIащ:

– ФыщIэкI, хъыджэбз цIыкIур лIакъым, ар мэжей.

Хьисэ ар щыжиIэм, абдеж щытхэр къыщыдыхьэшхащ.
25 ЦIыхухэр щIигъэкIа нэужь, хъыджэбз цIыкIум деж щIыхьэри,
Хьисэ абы и Iэр иубыдащ. Щиубыдым, хъыджэбз цIыкIур
къызэфIэуващ. 26 А телъыджэм и хъыбар хэку псом щызэлъа-
щIысащ.

*Хьисэ лIы нэфитI зэригъэхъужар*

27 А щIыпIэм къыщикIыжым, Хьисэ и ужь лIы нэфитI къиу-
вауэ къыкIэлъыджэрт:

– Даут и Къуэ,* гущIэгъу къытхуэщI!

28 Хьисэ унэм щIыхьа нэужь, а лIы нэфитIыр къыбгъэдыхьащ.
Хьисэ абыхэм еупщIащ:

– Сэ ар сщIэн зэрыслъэкIынур фи фIэщ хъурэ?

– Ди фIэщ мэхъу, зи щIыхь ин, – жаIащ абыхэм.

29 Абыхэм я нэхэм еIусэри, Хьисэ жиIащ итIанэ:

– Фэ фи фIэщ зэрыхъуам хуэдэу, къывдрехъу.

30 Хьисэ апхуэдэу щыжиIэм, абыхэм я нэхэр къэплъэжащ.

– Фысакъ, мыр зыми жевмыIэ, – унафэ быдэ яхуищIащ
абыхэм Хьисэ. 31 АрщхьэкIэ, унэм къызэрыщIэкIыжу, хъыбарыр
яIуэтэжу щIадзэри, хэку псом хагъэIуащ.

9:27 Даут и Къуэр – «КъегъэлакIуэр» Даут пащтыхьым и лъэпкъым зэрыщыщым щхьэкIэ журтхэр абы «Даут и КъуэкIэ» йоджэ.

*Жин бзаджэм иІыгъ лІы бзагуэр*
*Хьисэ зэригъэхъужар*

[32]Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ унэм къыщыщIэкIы-
жым, жин бзаджэм иIыгъ лIы бзагуэ гуэр цIыхухэм къыхуашащ.
[33]Хьисэ жин бзаджэр а лIым хихужри, бзагуэр къэпсэлъащ. Ар
зылъэгъуа цIыху псоми ягъэщIагъуэурэ жаIэрт:

– Израил къэралым мыпхуэдэ Iуэху зэи щытлъэгъуакъым!
[34]Ауэ фарисейхэм жаIащ:

– Жин бзаджэхэм я пашэм и къарукIэщ мы лIым жин бза-
джэхэр цIыхухэм зэрахихур.

*ЦIыху гупышхуэм Хьисэ гущIэгъу зэрахуищIар*

[35]Хьисэ къалэ псори, жылэ псори къызэхикIухьырт. Тхьэм и
псалъэхэр цIыхухэм щаригъащIэрт синэгуэгухэм, Тхьэм и
Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбарыфIым щIигъэдаIуэрт, уз
зыпкърыт дэтхэнэ цIыхури дэтхэнэ цIыху гукъыдэмыжри
игъэхъужырт. [36] Мэлыхъуэ зыбгъэдэмыт мэл хъушэм хуэдэу
ешауэ, захъумэжын ялъэмыкIыу цIыхухэр щилъагъум, Хьисэ
игу ящIэгъуащ. [37] И гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ итIанэ:

– Гъавэр куэдщ, ауэ лэжьакIуэхэр мащIэщ. [38]Аращи, гъавэр
Iуахыжьын щхьэкIэ, лэжьакIуэхэр къигъэкIуэну гъавэр зейм
фелъэIу.

## 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Апостол пщыкIутIыр*
*(Марк 3:13-19; Лука 6:12-16)*

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр къриджэри, жин
бзаджэхэр цIыхухэм хахуну тепщэныгъэ яритащ абыхэм икIи
уз зыпкърыт дэтхэнэ цIыхури дэтхэнэ цIыху гукъыдэмыжри
ягъэхъужыну лъэкIыныгъэ яритащ.
[2]А апостол* пщыкIутIыр мыхэращ: Япэрауэ ПетркIэ зэджэ
Симоныр; абы и къуэш Индрис; Зеведей и къуитIу Екъубрэ

---

10:2 апостол – нэгъуэщI цIыху гуэрым и цIэкIэ псэлъэну икIи Iуэху ищIэну хуитыныгъэ зиIэрщ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым «апостолкIэ» йоджэ. Ахэр Хьисэ и лIыкIуэу тепщэныгъэ зритахэрщ.

Иуанрэ; 3 Филипп, Варфоломей, Фомэ, хьэкътын ахъшэр
хэзыхыу щыта Маттэ, Алфей и къуэ Екъуб, Фаддей; 4 Симону
зи къэралым гурэ псэкIэ хуэлажьэу щытар,* Иудэ Искариот; а
Иудэращ Хьисэ тепщэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдар.

*Апостол пщыкIутIыр Тхьэм хуэлэжьэну Хьисэ зэрыригъэжьар*
*(Марк 6:7-13; Лука 9:1-6)*

5А апостол пщыкIутIыр щригъажьэм, мыпхуэдэ унафэ яхуи-
щIащ Хьисэ:

– Хамэ лъэпкъхэм я деж фымыкIуэ, Самарие хэкум* щыщ
къалэ гуэри фыдэмыхьэ. 6Абы и пIэкIэ, израил цIыхухэу мэл
щхьэрыуахэм ещхьхэм я деж фыкIуэ. 7 ФыкIуи, «Тхьэуэ уафэм
щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр* къэблэгъащ», жыфIи хъыбар
евгъащIэ. 8 Сымаджэхэр вгъэхъуж, лIахэри къэвгъэтэджыж,
уэшын уз зэфыкIхэми а узыр ящхьэщыфх, жин бзаджэхэри
цIыхухэм яхэфхуж. Абы фэ пщIэ щIэфтакъым, фэри пщIэ
къеIывмых. 9 Фи бгырыпххэм дэлъу, дыщи, дыжьыни, гъуаплъэ
ахъши здэвмыщтэ. 10 Гъуэгу фыщытехьэкIэ, хъуржыни, джанэ
тIорыкIуэгъуи, вакъи, баши здэвмыщтэ. ЛэжьакIуэм и шхыныр
игъуэтыпхъэщи.

11 – Къалэ ирехъу, жылэ ирехъу, дэнэ фыдыхьэми, фэ фхуэ-
фащэ гуэрым фыщIэупщIэ. А щIыпIэм фыкъикIыжыху, апхуэдэ
гуэрым деж фыщыIэ. 12 Унэ фыщыщIыхьэкIэ, «Тхьэм фэ, мы
унэм щIэсхэм, фигу ирезагъэ», жыфIи, фIэхъус ефх. 13 Унэм
щIэсхэр а фIэхъус псалъэм хуэфащэмэ, Тхьэм гузэгъэгъуэ къа-
ритынущ, ауэ хуэмыфащэу къыщIэкIмэ, гузэгъэгъуэм фи деж
кърырегъэзэж. 14Унэ гуэрым щIэсхэм е къалэ гуэрым дэсхэм
ящыщ зыми фримыгъэблагъэмэ, е фи псалъэхэм къемыдаIуэмэ,
а унэм фыкъыщыщIэкIыжкIэ, е а къалэм фыкъыщыдэкIыжкIэ,
фи лъакъуэхэм къакIэрыпщIа сабэр кIэрывгъэщэщыж. 15Пэжыр

10:4 Симонэу зи къэралым гурэ псэкIэ хуэлажьэу щытар – ар Палестинэ къэралым хуэлажьэ цIыху гуп гуэрым щыщагъэнкIэ хъунщ. Римым фIаубыдауэ яIыгъ я къэралыр къыIэщIагъэкIыжыну щIэкъурт а гупыр.

10:5 Самарие хэкур – Иудей хэкумрэ Галилей хэкумрэ я зэхуакум дэлъыр арщ. Журтхэмрэ Самарие дэсхэмрэ лъэпкъкIэ, хабзэкIэ, динкIэ зэмыщхьу зэрыщытам щхьэкIэ зэбийт.

10:7 Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ 3:2.

нывжызоIэ, къемэтмахуэм а къалэм гугъуехьу ишэчынум
нэхърэ, къалэхэу Содомрэ Iаморэрэ* гугъуехьу яшэчынур нэхъ
мащIэу къыщIэкIынущ.

*Си гъуэгу фызэрырикIуэм щхьэкIэ*
*цIыхухэм гугъуехь фагъэшэчынущ*
*(Марк 13:9-13; Лука 21:12-17)*

16 – Мэуэ фыкъэдаIуэ, дыгъужьхэм мэл хуэдэ фахызогъы-
хьэ. Аращи, блэхэм хуэдэу Iущу фыщыт, гъэпцIагъэ зыхэмылъ
тхьэрыкъуэхэм ещхьу фыщыт. 17 ЦIыхухэм фахуэсакъ, тхьэмадэ
хасэхэм фрашэлIэнущ икIи я синэгуэгухэм щIопщкIэ къыщы-
вэуэнущи. 18 Сэ си гъуэгу фызэрырикIуэм щхьэкIэ Iэтащхьэ-
хэмрэ пащтыхьхэмрэ я пащхьэм фрашэнущ. Абыхэми хамэ
лъэпкъхэми я пащхьэм хъыбарыфIым щыхьэт фыщытехъуну
Iэмал вгъуэтынущ абы щыгъуэ. 19 ХеящIэм и пащхьэм фыщ-
рашэкIэ, «Сыт жытIэну?» е «Дауэ жытIэну?» жыфIэу фымы-
гузавэ; жыфIэн хуейр Тхьэм и Псэ ЛъапIэм абдеж дыдэм фи
гум къыщрилъхьэнущи. 20 Къэпсэлъэнур фэракъым, атIэ фи Адэ
лъапIэм и Псэ ЛъапIэу фи гум илъыращ.
21 – ЩIалэм и къуэшыр, адэм и быныр яригъэукIын мурадкIэ
тепщэныгъэ зиIэхэм яригъэубыдынущ. Бынхэри я адэ-анэхэм
япэувынущ икIи тепщэныгъэ зиIэхэм ирагъэукIынущ. 22 Си цIэр
зэрывгъэлъапIэм щхьэкIэ цIыху псори жагъуэгъу къыфхуэ-
хъунущ. Ауэ икIэм нэсыху теубыдагъэ зиIэр мыкIуэду Тхьэм
къригъэлынущ. 23 Зы къалэм гугъуехь щывагъэшэчмэ, нэгъуэщI
къалэ фыкIуэ. Пэжыр нывжызоIэ, Израил къэралым и къалэ-
хэр къэфкIухьын фымыухыурэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр*
къэкIуэжынущи.
24 – ЕджакIуэр езыгъаджэм нэхърэ нэхъ инкъым, унэIутри и
тепщэм нэхърэ нэхъ инкъым. 25 ЕджакIуэр езыгъаджэм хуэдэ
хъумэ, ар хурикъунущ, унэIутри и тепщэм хуэдэ хъумэ, ар хури-
къунущ. Унэр зейм ВелзевулкIэ* щеджэкIэ, унагъуэм исхэми
абы нэхъри нэхъ Iеиж хужаIэнкъэ?

---

10:15 къалэхэу Содомрэ Iаморэрэ – ахэр Хы Псэншэм и Iуфэм Iутт. Абыхэм дэс цIыхухэм я бзаджагъэм щхьэкIэ Тхьэм а къалитIыр мафIэкIэ игъэсыгъащ. Еплъ 1 Мусэ 19:24-28.

10:23 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ 8:20.

10:25 Велзевул – жин бзаджэхэм я пашэ шейтIаныр арщ.

### *Фызыщышынэн хуейр*
*(Лука 12:4-7)*

26 – Аращи, абыхэм фащымышынэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
къыщIэмыщыжыну щIэхъумауэ зыри щыIэкъым, цIыхухэм
къамыщIэн гъэпщкIуауэ зыри щыIэкъым. 27 КIыфIыгъэм щыв-
жесIэ псори махуэ нэхум щыфIуэтэж. Фи тхьэкIумэхэкIэ къиIу-
щащэу зэхэфхар унащхьэхэм фытету цIыхухэм яхуэфIуатэ.
28 Псэр зыукIын зылъэмыкIыу, Iэпкълъэпкъыр зыгъэкIуэдхэм
фащымышынэ, ауэ псэри Iэпкълъэпкъри жыхьэнмэм хэзы-
гъэкIуэдэфынум фыщышынэ. 29 Бзу цIыкIуитIыр зы хъурыщэкIэ
ящэркъэ? Апхуэдэу щытми, фи Адэ лъапIэр хуэмеймэ, абыхэм
ящыщ зыри щIым къытехъуэнукъым. 30 Фи щхьэм тет щхьэц
налъэ псори лъытащ. 31 Аращи, фымышынэ. Фэ бзу цIыкIу
куэдым нэхърэ фынэхъ лъапIэщ.

### *Мэссихь и гъуэгу ирикIуэхэм уазэрыщыщыр цIыхухэм ебгъэщIэныр*
*(Лука 12:8-9)*

32 – Си гъуэгу ирикIуэхэм зэращыщыр цIыхухэм я пащхьэм
щыжызыIэ дэтхэнэри си гъуэгу ирикIуэхэм зэращыщыр си Адэу
уафэм щыIэм и пащхьэм сэри щыжысIэнущ. 33 Си гъуэгу ири-
кIуэхэм ящымыщу цIыхухэм я пащхьэм щыжызыIэ дэтхэнэри
си гъуэгу ирикIуэхэм зэращымыщыр си Адэу уафэм щыIэм и
пащхьэм сэри щыжысIэнущ.

### *ЩIылъэм зэгурыIуэныгъэ къыхуэсхьын щхьэкIэкъым сыкъыщIэкIуар, атIэ джатэ къыхуэсхьын папщIэщ*
*(Лука 12:51-53; 14:26-27)*

34 – ЩIылъэм зэгурыIуэныгъэ къыхуэсхьын щхьэкIэ, сыкъэ-
кIуауэ фи мыгугъэ. ЗэгурыIуэныгъэр къэсхьын щхьэкIэкъым
сыкъыщIэкIуар, атIэ джатэ къэсхьын папщIэщ; 35 сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ сэ сыкъыщIэкIуар къуэр и адэм, пхъур и анэм, нысэр
и гуащэм пэзгъэувыжын щхьэкIэщ. 36 И унагъуэм исхэращ цIы-
хум и бийр.
37 – Ар хэтуи щрет, сэ фIыуэ сызэрилъагъум нэхърэ и адэр е
и анэр нэхъыфIу зылъагъур сэ къысхуэфащэкъым. Сэ сыкъы-
зэрилъагъум нэхърэ и къуэр е и пхъур нэхъыфIу зылъагъур, ар

хэт щыщми, сэ къысхуэфащэкъым. [38]Ар хэтуи щрет, и жорыр
къищтэу си ужь къимыувэр сэ къысхуэфащэкъым. [39]Ар хэтуи
щрет, и псэр мыкIуэду къызэрыригъэлыным и ужь итым и псэр
фIэкIуэдынущ, ауэ хэтми, сэр папщIэкIэ зи псэр зыфIэкIуэдым
и псэр мыкIуэду кърригъэлынущ.

*IыхьэфI бгъуэтыныр*
*(Марк 9:41)*

[40] – Фэ фезыгъэблагъэм сэри сригъэблэгъауэ мэхъу икIи сэ
сезыгъэблагъэм сэ сыкъэзыгъэкIуари иригъэблэгъауэ мэхъу.
[41]Хэтми, бегъымбарыр зэрыбегъымбарым щхьэкIэ езыгъэбла-
гъэм бегъымбарым и IыхьэфIыр игъуэтыжынущ. Хэтми, щып-
къагъэ зигу илъ цIыхур, абы и щыпкъагъэм щхьэкIэ езыгъэ-
благъэм щыпкъагъэ зиIэ цIыхум и IыхьэфIыр игъуэтыжынущ.
[42] Хэтми, мы цIыху цIыкIухэм ящыщу гуэр си гъуэгу зэры-
рикIуэм щхьэкIэ зы псы щIыIэ фалъэ нэхъ мыхъуми езыгъафэм,
пэжыр нывжызоIэ, и IыхьэфIыр фIэкIуэдынукъым.

# 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Хьисэ, и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым унафэ яхуищIа
нэужь, а щIыпIэм икIри, журтхэм я къалэхэм цIыхухэм Тхьэм
и псалъэхэр щаригъэщIэну, абыхэм щригъэдэIуэну кIуащ.

*УмэхъакIуэ Иуан Хьисэ деж лIыкIуэхэр зэригъэкIуар*
*(Лука 7:18-35)*

[2] Иуан, лъэхъуэщым щIэсу* Хьисэ илэжьа Iуэхухэм я хъыба-
рыр щызэхихым, абы и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ цIыхуитI
игъакIуэри, [3]Хьисэ иригъэупщIащ:
– Уэра къэкIуэн хуейр, хьэмэрэ нэгъуэщI гуэрым дыпэплъэн
хуей?
[4] – Вгъэзэжи, – яжриIащ абыхэм Хьисэ, – зэхэфхымрэ флъа-
гъумрэ Иуан хуэфIуэтэж: [5] Нэфхэр къоплъэж, лъашэхэр тэрэзу
зекIуэ, уэшын уз зэфыкIхэр узыншэ, дэгухэм зэхах мэхъуж,

11:2 Иуан лъэхъуэщым щIэсу – еплъ 14:3-4.

лIахэр къотэджыж, тхьэмыщкIэхэм хъыбарыфIыр къалъоIэс.
[6] Гъуэгу махуэ теуващ зи гум мыхъун сэр щхьэкIэ къэзымы-
гъэкIыр.

[7] Иуан и гъуэгу ирикIуэхэр ежьэжа нэужь, Хьисэ цIыху гупы-
шхуэхэм абы теухуауэ яжриIэу щIидзащ:

– Губгъуэ нэщIым фыщихьам, сыт флъагъуну фи гугъар? Жьым игъэщэнауэ къамыл флъагъун фи гугъа?
[8]Армырамэ,
сыт флъагъун фи гугъар, абы фыщихьам? Дахэу хуэпа цIыху
гуэрт? Дахэу хуэпахэр зыщIэсыр пащтыхьхэм я унэшхуэхэрщ.
[9]АтIэ сыт флъагъун фи гугъар, абы фыщихьам? Бегъымбары-
рат? Пэжыр нывжызоIэ, ар бегъымбар къудейкъым, ар бегъым-
барым нэхърэ нэхъ лъапIэщ.
[10]Ар Тхьэм и псалъэ тхахэм зи
хъыбар мыпхуэдэу хэт лIыкIуэрщ:*

«Мис, си лIыкIуэр уяпэ къихуэу нэзгъэкIуэнурэ,
абы уэ уи гъуэгур пхуигъэпсынущ».

[11] – Пэжыр нывжызоIэ, цIыхубзхэм къалъхуам щыщу умэ-
хъакIуэ Иуан* нэхърэ нэхъ ин щыIэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми,
Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыхухэм
ящыщу я нэхъ цIыкIури Иуан нэхърэ нэхъ лъапIэщ.
[12]Умэ-
хъакIуэ Иуан* и махуэхэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым
цIыхухэм Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт
цIыхухэм гугъуехь ирагъэшэчащ икIи бзаджащIэхэм а тепщэ-
ныгъэшхуэр залымыгъэкIэ яубыдыну и ужь итщ;
[13]умэхъакIуэ
Иуан и зэманым къэсыху, бегъымбар псори, Мусэ бегъым-
барым и Торэт хабзэм итхэри а тепщэныгъэшхуэр къызэрыунэ-
хунум тепсэлъыхьэу щытащ.
[14]Ар къабыл фщIыну фыхуеймэ,
умэхъакIуэ Иуан къэкIуэну щыта Иляс бегъымбарыр* аращ.
[15]ИридэIуэну тхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ.

[16] – Иджырей цIыхухэр сытым езгъэщхьын? Уэрамым тесу,
я ныбжьэгъухэм мыпхуэдэу еджэ щIалэхэм ещхьщ:

[17] «Бжьамийхэм дыфхуепща пэтми,
фэ фыкъэфакъым;
дэ гъыбзэ фхужытIа пэтми,
фэ фыгъакъым».

---

11:10 Зи хъыбар хэт лIыкIуэр – еплъ Малахие бегъымбарым и тхылъым 3:1.

11:11 умэхъакIуэ Иуан – еплъ 3:1.

11:14 къэкIуэну щыта Иляс бегъымбарыр – еплъ Малахие бегъымбарым и тхылъым 4:5-6.

[18] – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Иуан къэкIуащ. Ар нэщI исщ,
фади ефэркъым. «Ар жин бзаджэм иIыгъщ», хужаIэ абы.
[19] ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къэкIуащ. Ар машхэ икIи йофэ.
«Ешхэн-ефэныр зи щIасэу, хьэкътын ахъшэр* хэзыххэмрэ
гуэныхь зыщIэхэмрэ я ныбжьэгъущ», хужаIэ абы. Арщхьэкlэ
Тхьэм и акъылыфIагъэм къыхэкIа къэхъукъащIэхэм а акъы-
лыфIагъэр ягъэщыпкъэ.

*Гъуэгу мыгъуэ утеуващ, Хоразин къалэ!*
*Гъуэгу мыгъуэ утеуващ, Вифсайдэ къалэ!*
*(Лука 10:13-15)*

[20]Хьисэ и Iуэху телъыджэхэм я нэхъыбэр щилэжьа къалэхэм
егиеу щIидзащ, я гуэныхьхэм зэрахущIемыгъуэжам щхьэкIэ.
[21] – Гъуэгу мыгъуэ утеуващ, Хоразин къалэ! – жиIащ абы. –
Гъуэгу мыгъуэ утеуващ, Вифсайдэ къалэ! Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
фи деж щызлэжьа Iуэху телъыджэхэр къалэхэу Тиррэ Сидонрэ*
щызлэжьатэмэ, щыгъуэ щыгъын куэд щIауэ ящыгъэрэ я нэкIухэр
фIамыщIкIэ зэщIэцIэлауэ я гуэныхьхэм яхущIегъуэжынт. [22]Ауэ
сэ нывжызоIэ, къемэтмахуэм фэ гугъуехьу фшэчынум нэхърэ
Тиррэ Сидонрэ гугъуехьу яшэчынур нэхъ мащIэу къыщIэкIы-
нущ. [23] Уэ, Капернаум къалэ, уафэм удэкIуеину? Хьэуэ, жыхьэн-
мэм и куууrIэм нэсыху укIуэцIрыхунущ,* уи деж щызлэжьа
Iуэхушхуэхэр Содом къалэм* щызлэжьатэмэ, ар иджыри къэс
щытынути. [24]Ауэ сэ нывжызоIэ, къемэтмахуэм гугъуехьу уэ
пшэчынум нэхърэ Содом гугъуехьу ишэчынур нэхъ мащIэу
къыщIэкIынущ.

*Си деж фыкъакIуи, гузэгъэгъуэ фэстынщ*
*(Лука 10:21-22)*

[25]И псалъэм къыпищэу, Хьисэ жиIащ итIанэ:
– Си Адэ, уафэмрэ щIылъэмрэ я Зиусхьэн. Мы Iуэхухэр цIыху
губзыгъэхэмрэ цIыху Iущхэмрэ ящыбгъэпщкIуурэ, сабийхэм

---

11:19 хьэкътын ахъшэр – еплъ 5:46.

11:21 Къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – ахэр хамэ къалэу Галилей хэкум и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ хы Iуфэм Iутахэр аращ.

11:23 Уэ, Капернаум къалэ … укIуэцIрыхунущ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 14:13,15.

11:23 Содом къалэр – еплъ 10:15.

зэребгъэщIамкIэ фIыщIэ пхузощI. [26] Си Адэ, апхуэдэущ уэ узэрыхуеяр.

[27] – Псори си Адэм къысIэщIилъхьащ. Къуэ лъапIэр зыхуэдэр Адэ лъапIэм фIэкIа, зыми ищIэркъым. Адэ лъапIэр зыхуэдэри Къуэ лъапIэмрэ Къуэ лъапIэм ар зригъэщIэну хуей цIыхухэмрэ фIэкIа, зыми ищIэркъым.

[28] – ЦIыху ешаелIа, хьэлъэ уэндэгъу зытелъ псори, си деж фыкъакIуэ, гузэгъэгъуэ фэстынущи. [29] Си бжьыр зытефлъхьэ, жысIэр зэвгъащIэ, сэ сигур щабэщ икIи пагагъэ схэлъкъыми. ПсэмкIэ гузэгъэгъуэ вгъуэтынущ итIанэ; [30]си бжьыр шэчыгъуафIэщ, си хьэлъэри уэндэгъукъыми.

## 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм гуэдз щхьэмыжхэр щэбэт махуэм къызэрыпачар*
*(Марк 2:23-28; Лука 6:1-5)*

Хьисэ гуэдз хьэсэхэм хэтурэ кIуэрт щэбэт махуэ гуэрым. И гъуэгу ирикIуэхэр мэжэлIати, гуэдз щхьэмыжхэр къыпачурэ яшхыу щIадзащ щэбэт махуэ* гуэрым. [2] Фарисейхэм* ар щалъагъум, Хьисэ къыжраIащ:

– Еплъыт, щэбэт махуэм хабзэкIэ пщIэ мыхъунур* уи гъуэгу ирикIуэхэм ящIэ.

[3] – Даутрэ Даут и гъусэхэмрэ мэжалIэ щыхъум, абы ищIам* феджакъэ? – яжриIащ Хьисэ. [4] – Ар Тхьэм и унэм щIыхьэри, Тхьэм и пащхьэм цIыхухэм иралъхьа щIакхъуэр* езыми и гъусэхэми яшхащ. ХабзэмкIэ дин пашэхэм фIэкI нэгъуэщI гуэрым а щIакхъуэр ишх мыхъуну щытащ, ауэ Даути и гъусэхэми яшхащ. [5] Дин пашэхэр Тхьэм и унэшхуэм щIэту, щэбэт махуэм

---

12:1 щэбэт махуэр – журтхэм я махуэ лъапIэщ. А махуэм Iуэху ящIэну зыри хуиткъым.

12:2 фарисейхэр – еплъ 3:7.

12:2 пщIэ мыхъунур – Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм и унафэм тету, щэбэт махуэм гуэдз къэпх хъунутэкъым. Еплъ 2 Мусэ 34:21.

12:3-4 абы ищIар – еплъ Самуел бегъымбарым и хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым (1-я Царств) 21:1-6.

12:4 Тхьэм и пащхьэм цIыхухэм иралъхьа щIакхъуэр – еплъ 3 Мусэ 24:5-9.

лажьэурэ, а махуэр ямыгъэлъапIэ пэтми,* лажьэ ямыIэу къызэ-
рынэр Мусэ и Торэт хабзэм зэритми феджакъэ? [6]Ауэ сэ
вжызоIэ, Тхьэм и унэшхуэм нэхърэ нэхъ лъапIэу зыгуэр
къыфхэтщ. [7] «Къурмэн щIыныракъым сызыхуейр, атIэ
гущIэгъур арщ» – Тхьэм жиIа а псалъэхэм* къригъэкIыр
къывгурыIуэу щытатэмэ, лажьэ зимыIэхэр вгъэкъуэншэнтэ-
къым; [8] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр* щэбэт
махуэм и зиусхьэнщи.

*Зи Iэ лъэныкъуэр гъуа лIы гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Марк 3:1-6; Лука 6:6-11)*

[9]Хьисэ а щIыпIэм икIри, журтхэм я синэгуэгум* щIыхьащ
итIанэ. [10] Зи Iэ лъэныкъуэр гъуа лIы гуэр щIэтт абы. Апхуэдэу
щыхъум, Хьисэ зэрагъэкъуэншэн щхьэусыгъуэ гуэр къагъуэтын
щхьэкIэ, къеупщIащ:

– Сымаджэр щэбэт махуэм бгъэхъужыныр хабзэм къезэгърэ,
хьэмэ къемызэгърэ?

[11] – Фэ фщыщу хэт и мэл закъуэр щэбэт махуэм мащэм
ихуамэ, къизымыхыжынур? – яжриIащ Хьисэ абыхэм. [12] –
ЦIыхур мэлым нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъапIэкъэ? Аращи, щэбэт
махуэм фIы пщIэну хабзэм къозэгъ.

[13] Хьисэ а лIым жриIащ итIанэ:

– Уи Iэр къэший!

ЛIым и Iэр къишийри, адрей Iэм хуэдэу хъужащ.

[14]Синэгуэгум щIэкIыжауэ, Хьисэ ягъэкIуэдыну мурад ящIати,
зэрагъэкIуэдыну щIыкIэмкIэ зэчэнджэщыжырт фарисейхэр абы
щыгъуэ.

*Тхьэм езым хуэлэжьэну къыхихар*

[15]Абыхэм я мурадыр къыщищIэм, Хьисэ а щIыпIэм икIы-
жащ. Хьисэ и ужь цIыху куэд иуващ, икIи абыхэм яхэт сымаджэ
псори игъэхъужащ. [16]Ауэ Хьисэ езыр хэтми цIыхухэм къра-

---

12:5 дин пашэхэр щэбэт махуэм лажьэурэ, а махуэр ямыгъэлъапIэ пэтми – абыхэм Тхьэм къурмэн хуащIурэ Iуэху ящIэрт. Еплъ Мусэ бегъымбым и еплIанэ тхылъым 28:9-10.

12:7 Тхьэм жиIа псалъэхэр – еплъ Хьошеа (Осие) бегъымбарым и тхылъым 6:6.

12:8 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ 8:20.

12:9 синэгуэгу – еплъ 4:23.

мыгъэщIэну абыхэм яриухылIащ. [17]Апхуэдэу щIэхъуар Мэссихь
теухуауэ Тхьэм жиIауэ Ешайа бегъымбарым и тхылъым ит
мы псалъэхэр* пэж хъун щхьэкIэщ:

[18] «Мыращ къысхуэлэжьэну къыхэсхар.
Ар фIыуэ солъагъу, си гум ирихьыр арщ.
Сэ си псэр абы и гум ислъхьэнурэ,
хамэ лъэпкъхэр щыпкъагъэм иригъэдэIуэнущ абы.
[19]Хьэлэбэлыкъ макъ игъэIунукъым абы икIи гуоунукъым.
Абы и макъыр уэрамхэми зыми щызэхихынукъым.
[20] НыкъуэкъищIыкI хъуа* къамыл кърищIыкIынукъым,
ерагъыу блэ уэздыгъэку* игъэункIыфIынукъым,
щыпкъагъэр тригъэкIуэху.
[21] Лъэпкъхэр зыщыгугъыу зыпэплъэр Аращ».

*Хьисэрэ жин бзаджэхэм я пашэ Велзевулрэ*
*(Марк 3:20-30; Лука 11:14-23; 12:10)*

[22]Жин бзаджэм иIыгъ лIы нэф икIи бзагуэ гуэр Хьисэ деж
къашащ цIыхухэм. Хьисэ лIым и бзэр къригъэутIыпщыжьащ,
и нэхэри кърherigъэплъэжащ. [23] ЦIыху гупышхуэм, хуабжьу ягъэ-
щIагъуэу, жаIащ:

– Мыр Даут и Къуэу* Мэссихьыр* армырауэ пIэрэ?

[24]Фарисейхэм, ар щызэхахым, мыпхуэдэу жаIащ:

– Жин бзаджэхэм я пашэ Велзевул* и къарукIэщ жин бза-
джэхэр цIыхухэм абы зэрахихур.

[25]Ауэ Хьисэ, абыхэм я гум илъыр ищIэрти, яжриIащ:

– Дэтхэнэ къэралри, лъэныкъуитI зэрыгъэхъумэ, зэхэкъутэ-
нущ. Абы ещхьу, ар ирекъалэ е иреунагъуэ, лъэныкъуитI зэры-
гъэхъумэ, щыIэжын лъэкIынукъым. [26] ШейтIаным цIыху гуэр
зыIыгъ шейтIаныр абы хихумэ, езым и щхьэкIэ лъэныкъуитI
зэрыгъэхъуауэ арщ. Апхуэдэу хъумэ, абы и тепщэныгъэр щыIэ-

12:17 Тхьэм жиIауэ .. мы псалъэхэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 42:1-4.

12:20 ныкъуэкъищIыкI хъуа къамыл … ерагъыу блэ уэздыгъэку – зи щхьэ зымыхъумэжыф, къару зимыIэ цIыхухэращ.

12:23 Даут и Къуэр – еплъ 9:27.

12:23 Мэссихь – еплъ 1:17.

12:24 Велзевул – еплъ 10:25.

жын дауэ лъэкIыну? [27] НтIэ, сэ жин бзаджэхэр цIыхухэм Вел-
зевул и къарукIэ щахэсхукIэ, фэ фи цIыхухэм жин бзаджэхэр
цIыхухэм зэрыхахужыр хэт и къарукIэ? Аращи, фэ фи цIыху-
хэрщ фызыгъэкъуэншэнур. [28]Ауэ сэ жин бзаджэхэр цIыхухэм
зэрахэсхур Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и IэмыркIэщи, абы къикIыр
Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къыфхыхьауэ арщ.

[29] – Абы ещхьу, лIы къаруущIэ гуэрым и унэ щIыхьэу, абы и
хьэпшыпхэр къихъунщIэн зылъэкIынур хэт, лIы къарууфIэр
япэщIыкIэ имыпхмэ? А лIыр ипхэмэ, абы и унэр къихъунщIэн
лъэкIынущ.

[30] –Сэ си мыгъусэр си пэрыуэгъущ, си гъусэу зэхуэзымыхьэ-
сым зэбгредз. [31]Аращи, нывжызоIэ, цIыхухэм сыт хуэдэ гуэныхь
ящIами, сыт хуэдизу Тхьэр ягъэпцIами, къахуэгъункIэ Iэмал
щыIэщ, ауэ, хэту щытми, Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зыгъэпцIым
къыхуэгъунукъым. [32] Хэту щытми, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм
псалъэ Iей хужызыIэм къыхуэгъункIэ Iэмал щыIэщ, ауэ Тхьэм
и Псэ ЛъапIэм псалъэ Iей хужызыIэм мы дунейми ахърэтым
къыщыхуэгъунукъым.

### *Жыгыр зыхуэдэр къыпыкIэмкIэ пщIэнущ*
*(Лука 6:43-45)*

[33] – Жыгыр фIымэ, къыпыкIэри фIынущ. Жыгыр Iеймэ, къы-
пыкIэри Iеинущ; жыгыр зыхуэдэр къыпыкIэмкIэ къэпщIэнущ.
[34] Фэ, блэ щылъхухэ, апхуэдиз бзаджагъэ фхэлъу фIы зэрыжы-
фIэнур дауэ? Жьэм къыжьэдэкIыр гум илъырщ. [35] ЦIыхуфIым
игу илъ фIым фIыгъуэр къыдокIуэ, цIыху бзаджэм игу илъ
бзаджагъэм бзаджагъэ къыдокIуэ. [36] Сэ нывжызоIэ, цIыхухэм
жаIэ дэтхэнэ зы псалъэ купщIэншэми щхьэкIэ къемэтмахуэм
деж Тхьэм жэуап иратыжын хуей хъунущ; [37]уи псалъэхэм
елъытауэ, Тхьэм уиухеинущ икIи уи псалъэхэм елъытауэ Тхьэм
уигъэкъуэншэнущи.

### *Уафэм нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ къахуригъэхыну фарисейхэр Хьисэ къызэрелъэIуар*
*(Марк 8:11-12; Лука 11:29-32)*

[38]Торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ ящыщ гуэрхэм
Хьисэ къыжраIащ:

– Дин егъэджакIуэ, нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ гуэр дыбгъэлъагъуну дыхуейщ.

[39] – Иджырей цIыху бзаджэу Тхьэр зымыщIэхэр нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэ хуейщ, ауэ Инус бегъымбарым* и нэщэнэм фIэкIа Тхьэм абыхэм нэщэнэ къаритынукъым; [40] Инус бегъымбарыр бдзэжьей иным и ныбэм жэщищ-махуищкIэ зэрилъам ещхьу, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэри щIылъэм и кууупIэм жэщищ-махуищкIэ щIэлъынущ. [41] Ниневие къалэм дэса цIыхухэр, къемэтмахуэм къэтэджыжынурэ, иджырей цIыхухэм къедэуэнущ икIи ахэр къагъэкъуэншэнущ, Инус ахэр Тхьэм и псалъэхэм иригъэдаIуэ щыхъум, ящIа гуэныхьхэм хущIегъуэжащи, ауэ сэ нывжызоIэ, Инус нэхърэ нэхъ лъапIэ гуэр къыфхэтщ. [42]Абы ещхьу ипщэ къэралым щыщ пащтыхь цIыхубзыр*, къемэтмахуэм къэтэджыжынурэ иджырей цIыхухэм къедэуэнущ, икIи ахэр къигъэкъуэншэнущ. А пащтыхь цIыхубзыр Сэлмэн пащтыхьым* и акъылыфIагъэм едэIуэн щхьэкIэ щIылъэм и гъунэ дыдэм къикIри, къэкIуащи, ауэ сэ нывжызоIэ, Сэлмэн пащтыхьым нэхърэ нэхъ лъапIэ гуэр къыфхэтщ.

### *Жин бзаджэм къызэригъэзэжыр*
*(Лука 11:24-26)*

[43] – Жин бзаджэ гуэр, цIыху гуэрым къыщыхэкIыжкIэ, псы здэщымыIэ губгъуэ нэщIым макIуэри, зыщигъэпсэхун щIыпIэ лъыхъуэурэ къекIухь, ауэ игъуэтыркъым. [44] Зыщигъэпсэхун щIыпIэ щимыгъуэткIэ, жеIэ: «Сызыхэса цIыхум, си унэу щытам деж, згъэзэжынщ». Абы деж къегъэзэжри, унэр нэщIу, пхъэнкIауэ, зэлъыIухауэ кърохьэлIэж. [45]Апхуэдэу щыхъукIэ, езым нэхърэ нэхъ Iейуэ нэгъуэщI жин бзаджибл здешэри, макIуэри, унэм щIотIысхьэ. ИкIэм-икIэжым а цIыхум и Iуэхур япэм нэхърэ нэхъ Iей мэхъу. Аращ иджырей цIыхухэм къащыщIынур.

---

12:39 Инус бегъымбарыр – еплъ Инус бегъымбарым и хъыбар зэрыт тхылъым (Ионэ) 1:17.

12:42 пащтыхь цIыхубзыр – еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым (3-я Царств) 10:1-10.

12:42 Сэлмэн пащтыхьыр – Соломон пащтыхьыр арщ.

*Хьисэ и анэмрэ и къуэшхэмрэ*
*(Марк 3:31-35; Лука 8:19-21)*

46 А псалъэхэр цIыху гупышхуэм щажриIэм, Хьисэ и анэмрэ
и къуэшхэмрэ къепсэлъэну хуейуэ къэкIуауэ пщIантIэм дэтт.
47 Хьисэ зыгуэрым къыжриIащ:

– Мес, уи анэмрэ уи къуэшхэмрэ къэкIуауэ, къопсэлъэну хуей-
уэ пщIантIэм дэтщ.

48 – Хэт си анэри, хэт си къуэшхэри? – еупщIащ Хьисэ ар
къыжезыIам. 49 ИтIанэ и гъуэгу ирикIуэхэм Iэ яхуищIри, жиIащ:

– Мыхэращ сэ си анэри си къуэшхэри; 50 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
хэту щытми, си Адэу уафэм щыIэр зыхуейр зыгъэзащIэр арщ
сэ си къуэшри, си шыпхъури, си анэри.

# 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Жылэ зысэм теухуа ущие хъыбарыр*
*(Марк 4:1-9; Лука 8:4-8)*

Унэм щIэкIри, Хьисэ гуэл Iуфэм IутIысхьащ а махуэ дыдэм.
2 Абы деж къыщызэхуэса цIыхухэр апхуэдизкIэ куэд хъурти,
езыр кхъуафэжьейм итIысхьащ. ЦIыху гупышхуэр псы Iуфэм
Iутт. 3 Ущие хъыбаркIэ цIыхухэм Iуэхугъуэ куэд яжриIащ Хьисэ
итIанэ:

– ФыкъэдаIуэ. Жылэ исэну лIы гуэр дэкIащ. 4 Здисэм, жылэм
щыщ гъуэгум телъэлъащ. Къуалэбзухэр къэлъатэри, ар ящы-
пащ. 5 ЩIыр къызэмэщIэкI мывалъэм хэлъэлъащ жылэм щыщ.
ЩIыр куутэкъыми, щIэх дыдэ къыхэжащ жылэр, 6 ауэ дыгъэр
къыщыдэкIуейм, исыжащ икIи лъабжьэ куу зэримыIам щхьэкIэ
гъужащ. 7 А жылэ дыдэм щыщ банэхэм хэлъэлъащ. Банэхэм
зыкъаужьри, жылэм къикIыкIар ятхьэлащ. 8 А жылэм щыщ
щIыгулъ фIыцIэми хэлъалъэщ, къэкIри, щхьэмыжхэр къыпы-
кIащ. Зы гуэдз хьэдзэр хьэдзищэ хъуащ, адрейр гуэдз хьэдзэ
хыщI хъуащ, ещанэр хьэдзэ щэщI хъуащ.

9 Хьисэ щIигъужащ итIанэ:

– ТхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ.

### *Ущие хъыбархэр*
### *Хьисэ цIыхухэм щIахуиIуэтар*
*(Марк 4:10-12; Лука 8:9-10)*

10И гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэдыхьэри, Хьисэ къеупщIащ абы щыгъуэ:

– ЦIыхухэм захуэбгъазэурэ, ущие хъыбархэр сыт щIахуэпIуатэр?

11 – Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм и щэхухэр фщIэну абы хуитыныгъэ къывитащ фэ, ауэ адрей цIыхухэм къарита-
къым, – яжриIащ Хьисэ абыхэм. 12 – Ар хэтуи ирехъу, зиIэм
нэхъыбэ къритынущ Тхьэм, къелыжу хуигъэбэгъуэнущ, ауэ зимыIэм иIэ тIэкIури Iихыжынущ Тхьэм. 13 Сэ цIыхухэм захуэ-
згъазэурэ, ущие хъыбархэр щIахуэсIуатэр мыращ:

«Плъэ пэтми, абыхэм ялъагъуркъым,
даIуэ пэтми, зэхахыркъым
икIи къагурыIуэркъым».

14 – Тхьэм езым и псалъэу Ешайа бегъымбарым игу ирилъхьэу къыжригъэIахэр* пэж хъуащ абыхэм къехъулIа IуэхумкIэ:

«Фэ зэхэфх зэпыту фыщытынущ,
ауэ къывгурыIуэнукъым;
фэ флъагъу зэпыту фыщытынущ,
ауэ гу лъыфтэнукъым.
15 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы цIыху лъэпкъыр
гулъытэншэ хъуащ.
Я тхьэкIумэхэмкIи ерагъыу зэхах къудейщ,
я нэхэри яуфIыщIащ.
Апхуэдэу щымытамэ, я нэхэмкIи ялъагъунт,
я тхьэкIумэхэмкIи зэхахынт,
ягухэмкIи зэхащIыкIынт,
си дежи къагъэзэжынти,
сэ ахэр згъэхъужынт итIанэ».

---

13:14-15 Тхьэм … Ешайа бегъымбарым … къыжригъэIахэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 6:9-10. Ешайа бегъымбарыр Хьисэ къэхъун и пэкIэ 759-698 гъэхэм псэуащ.

16 – Ауэ фэ фи нэхэми фи тхьэкIумэхэми я насыпщ, абыхэм
икIи ялъагъу, икIи зэхах. 17 Пэжыр ныбжызоIэ, бегъымбар куэди
щыпкъагъэ зигу илъ цIыху куэди фэ флъагъур ялъагъуну хуеящ,
ауэ ялъэгъуакъым, фэ зэхэфхри зэхахыну хуеящ, ауэ зэха-
хакъым.

*Жылэ зысэм теухуа ущие хъыбарым къикIыр*
*(Марк 4:13-20; Лука 8:11-15)*

18 – Жылэ зысэм теухуа ущие хъыбарым къикIым фыкъедаIуэ
абы щыгъуэ: 19 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и хъыбарыр зыгуэ-
рым зэхихрэ, ар къыгурымыIуэмэ, шейтIаныр къокIуэри, а
цIыхум игу илъ жылэфIыр ирехыж. Мыр гъуэгум телъэлъа жы-
лэм хуэдэщ. 20 Адрей цIыхури щIы мывалъэм хэлъэлъа жылэм
хуэдэщ. А цIыхуращ Тхьэм и псалъэхэр зэрызэхихыу, щыгуфIы-
кIыурэ зыщтэр. 21 Ауэ абы игукIэ лъабжьэ зэримыIэм щхьэкIэ,
фIэщхъуныгъэм и гъуэгум куэдрэ теткъым. Тхьэм и псалъэхэм
щхьэкIэ гузэвэгъуэ зэрыхэхуэу, е цIыхухэм абы гугъуехь ирагъэ-
шэчу зэрыщIадзэу, фIэщхъуныгъэм и гъуэгум токIыж ар. 22 Нэ-
гъуэщI цIыху гуэр банэхэм хэлъэлъа жылэм хуэдэщ. Тхьэм и
псалъэхэр зэхех апхуэдэм, ауэ мы дунейм щызекIуэ гугъуехь-
хэмрэ беягъэм и пцIымрэ Тхьэм и псалъэу и гум илъхэр ятхьэ-
лэри, абы фIыгъуэ къыпыкIыркъым. 23 НэгъуэщI зыри щIыгулъ
фIыцIэм хэлъэлъа жылэм хуэдэщ. А цIыхуращ Тхьэм и псалъэ-
хэр зэхихыу зэхэзыщIыкIыр. Абы фIыгъуэ къыпокI, - е хуэдищэ,
е хуэдэ хыщI, е хуэдэ щэщI.

*Ежьужьым теухуа ущие хъыбарым къикIыр*

24 Хьисэ нэгъуэщI ущие хъыбари яхуиIуэтащ абыхэм:
– Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр хьэсэм
жылэфI хэзысарщ. 25 АрщхьэкIэ, цIыхухэр жейм хэту, а цIыхум
и жагъуэгъур къакIуэщ, и гуэдз хьэсэм ежьужь* къыхисэри
ежьэжащ. 26 А жылэр къэкIыурэ, щхьэмыж ищIу щыхуежьэм,
абы щIыгъуу удз ежьужьри къыхэкIащ.
27 – Хьэсэр зейм деж и лэжьакIуэхэр кIуэри жраIащ: «Зи
щIыхь ин, уи хьэсэм жылэфI тепсатэкъэ? НтIэ мы удз
ежьужьыр дэнэ къикIа?»

[28] – «Жагъуэгъу гуэрщ ар къызэзыщIар», – яжриIащ абы. –
«Дэ дыкIуэу ахэр къыхэтчыну ухуей?» еупщIащ лэжьакIуэхэр
хьэсэр зейм.

[29] – Ауэ абы жиIащ: «Хьэуэ, ар хъунукъым, ежьужьым
щIыгъуу гуэдзри къыхэфчынкIэ мэхъури. [30] ТIури зэщIыгъуу
хэгъуэм нэсыху къызэдрекI. Къахыжын щыхъукIэ, гъавэр къэзыххэм сэ яжесIэнущ: Япэ щIыкIэ ежьужьыр зэхуэфхьэси, пхыр
фщIы, мафIэкIэ вгъэсын щхьэкIэ; итIанэ гуэдзыр зэхуэфхьэси,
си гуэнхэм ифкIутэ».

*Хъардэл* хьэдзэмрэ пщагъэмрэ теухуа ущие хъыбархэр*
*(Марк 4:30-32; Лука 13:18-21)*

[31]Абыхэм нэгъуэщI ущие хъыбари къахуиIуэтащ Хьисэ:

– Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр хъардэл* хьэдзэрщ. Ар лIы гуэрым къищтэри, и хьэсэм щыхисащ.
[32] Хьэдзэ псоми нэхърэ нэхъ цIыкIу пэтми, ар къэкIа нэужь, зы
илъэс зи ныбжь къэкIыгъэхэм нэхърэ нэхъ ин мэхъу. Къуалэбзухэр къэлъатэурэ и къудамэхэм къытетIысхьэу, ахэр жьауапIэ
яхуохъу.

[33] НэгъуэщI ущие хъыбар яхуиIуэтащ итIанэ:

– Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр пщагъэрщ. ЦIыхубз гуэрым ар къищтэщ, IэнлъищкIэ хупцIынэ ипщэри, хупцIынэ псори игъэтэджащ.

[34]А псори Хьисэ цIыхухэм ущие хъыбархэмкIэ ягуригъэIуащ.
Ущие хъыбар хэмыту зыри яжриIэртэкъым. [35]Хьисэ цIыхухэм
захуигъазэурэ ущие хъыбархэр щIахуиIуэтар бегъымбарым
жиIа мы псалъэхэр пэж хъун щхьэкIэщ:

«Ущие хъыбархэр Iуэтэным
си жьэр хузэщIэсхынурэ,
дунейр къызэриухуэрэ гъэпщкIуауэ щыт Iуэхугъуэхэм
я щэхухэр нахуэ къэсщIынущ».

13:31 хъардэл – горчицэ; андэгурэдэгу лIэужыгъуэ.

*Гуэдз хьэсэм жагъуэгъу гуэрым хиса ежьужьым*
*теухуа ущие хъыбарым къикIыр*
*Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм къазэрыгуригъэIуар*

36 Хьисэ зыхэт цIыху гупышхуэхэм къахэкIри, зыщIэса унэм
щIыхьэжащ абы и ужькIэ. И гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэдыхьэ-
ри, Хьисэ къеупщIащ:
– Хьэсэм къыхэкIа удз ежьужьым теухуа ущие хъыбарым
къикIыр къыдгурыгъаIуэ.
37 – ЖылэфIыр зысар ЦIыху Лъэпкъым и Къуэрщ,* – жиIащ
Хьисэ. 38 – Хьэсэ хъужыр дунейр арщ. ЖылэфI хъужыр Тхьэм
и Тепщэныгъэшхуэм* щIэт цIыхухэр арщ. Ежьужь хъужыр
шейтIаным и цIыхухэр арщ. 39 Адрейуэ, а ежьужьыр гуэдз хьэ-
сэм щызыса жагъуэгъур шейтIанырщ. Хэгъуэм къизгъэкIыр
мы дунейм и кIэухырщ, гъавэр къэзыхыжхэр жыхуэсIэр мелы-
Iычхэрщ.
40 – Удз ежьужьыр, къыхачурэ, мафIэмкIэ зэрагъэсым хуэ-
дэущ зэрыхъунур мы дунейм и кIэухым деж: 41 ЦIыху Лъэп-
къым и Къуэм и мелыIычхэр игъэкIуэнурэ, удз ежьужьыр гъа-
вэм къызэрыхачым хуэдэу, цIыхухэм гуэныхь езыгъащIэ цIыху-
хэри, бзаджагъэ зыщIэ нэгъуэщI цIыхухэри Тхьэм и Тепщэ-
ныгъэшхуэм щIагъэкъэбзыкIынущ. 42 МелыIычхэм а цIыхухэр
зэхуашэсынурэ, мафIэшхуэ зэрылъ хьэкум ирадзэнущ. Абы гъы
макърэ дзэ зэрыгъэшх макърэ къыщыIунущ. 43 Щыпкъагъэ зигу
илъ цIыхухэр дыгъэ нэбзийхэм хуэдэу Адэ лъапIэм и Тепщэны-
гъэшхуэм къыщынэхунущ абы щыгъуэ. ИридэIуэну тхьэкIумэ
зиIэр иредаIуэ.

*Ущие хъыбарищ*

44 – Абы нэмыщIкIэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр
зыхуэдэр хьэсэм щыгъэпщкIуауэ щыта мылъкушхуэр арщ. А
мылъкушхуэр цIыху гуэрым къыщигъуэтым, игъэпщкIужщ,
гуфIэурэ кIуэщ, иIэ псори ищэжри, а хьэсэр къищэхуащ.
45 – ИтIанэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэ-
дэр налкъутналмэс дэгъуэхэр къэзылъыхъуэ сатуущIэращ.

---

13:37 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ 8:20.

[46] Налкъутналмэс лъапIэ къыщигъуэтым, кIуэщ, иIэ псори
ищэжри, ар къищэхуащ.

[47] – ИтIани, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэ-
дэр хым хадзэу бдзэжьей лъэпкъыгъуэ Iэджи къызэраубыда
хъырщ. [48]Бдзэжьейр из хъуа нэужь, бдзэжьеящэхэм ар хы Iуфэм
къытралъэфэжащ. Ахэр тIысщ, бдзэжьей нэхъыфIхэр пэгунхэм
иралъхьэри, бдзэжьей нэхъыкIэхэр хыфIадзэжащ. [49]Апхуэдэущ
зэрыхъунур мы дунейм и кIэухым деж. МелыIычхэр къехынурэ,
щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэм цIыху бзаджэхэр къыхашурэ,
[50] мафIэшхуэ зэрылъ хьэкум ирадзэнущ. Абы гъы макърэ дзэ
зэрыгъэшх макърэ къыщыIунущ.

### *МылъкущIэмрэ мылъкужьымрэ*

[51]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм еупщIащ абы и ужькIэ:

– Мы Iуэхугъуэ псори фIыуэ къывгурыIуа?

– ФIыуэ къыдгурыIуащ, Зиусхьэн, – жэуап къатыжащ абыхэм.

[52] – Абы къыхэкIкIэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэ-
шхуэм щIыхьэ дэтхэнэ торэт егъэджакIуэ пашэри* унэр зей
гуэрым хуэдэщ. Абы и мылъку гъэтIылъыпIэм мылъкущIи
мылъкужьи кърех.

### *Назарет дэс цIыхухэм Хьисэ зэрамыщтар*

*(Марк 6:1-6; Лука 4:16-30)*

[53]А ущие хъыбархэр щиухым, Хьисэ а щIыпIэм икIыжащ.
[54] И анэ и къалэм къэкIуэжри, Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм си-
нэгуэгум щаригъащIэу щIидзащ. ЦIыхухэм зэраригъащIэ щIы-
кIэр ягъэщIагъуэу жаIащ:

– Мы лIым мыпхуэдиз акъылыфIагъэ дэнэ къриха? Мыпхуэ-
дэ лъэкIыныгъэшхуэ зыхэлъ телъыджэлажьэхэр дэнэ къикIрэ?
[55]ПхъащIэм и къуэр аракъэ мыр? Мыбы и анэкъэ МэриемкIэ
зэджэр? Екъуб, Иосий, Симон, Иудэ сымэ мы лIым и къуэшкъэ?
[56] И шыпхъу псори дэ къытхэскъэ? Апхуэдэу щыщыткIэ, мы
лIым а псори дэнэ къриха?

[57]Апхуэдэу щIэупщIэурэ, Хьисэ щхьэкIэ я гум мыхъун къра-
гъэхьащ.

---

13:52 торэт егъэджакIуэ пашэ – еплъ 2:4.

– Бегъымбарым щIыхь хуэзымыщIыр езыр щапIа къалэм дэсхэмрэ и унагъуэм щыщхэмрэ я закъуэщ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.

58Абыхэм фIэщхъуныгъэ зэрамыIэм щхьэкIэ, Хьисэ Iуэху телъыджэ куэд абдежым щилэжьакъым.

# 14-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*УмэхъакIуэ Иуан и щхьэр зэрыпаупщIар*
*(Марк 6:14-29; Лука 9:7-9)*

Пщы Ирод,* Хьисэ и хъыбарыр зэхихати, 2 и Iуэхутхьэб-
защIэхэм яжриIащ а махуэхэм:

– Ар умэхъакIуэ Иуанырауэ къыщIэкIынщ. Ар лIахэм къахэтэджыкIыжащ, аращ апхуэдэ къару зыхэлъ телъыджэхэр щIилэжьыр.

3,4 Ирод ар щIыжиIар мыращ: ФилиппкIэ зэджэ и къуэшыр псэу пэтми, Ирод а Филиппым и фыз Иродиадэ зи цIэр къишэ-
жат. Абы ар къызэришэжам щхьэкIэ, Иуан Ирод жриIэрт: «Уи къуэшым и фыз къэпшэжыныр хабзэм къезэгъыркъым». Иродиадэ и лъэIукIэ Ирод и зауэлIхэм Иуан ятригъэубыдщ, Iэхъулъэхъу ярыригъалъхьэри, лъэхъуэщым щIригъэдзащ абы
и ужькIэ. 5 Ирод Иуан иригъэукIыну хуейт, ауэ цIыхухэм
ящышынэрт, абыхэм Иуан бегъымбару ялъытэрти.

6 Ирод къыщалъхуа махуэр щагъэлъапIэм, Иродиадэ и пхъур зэхуэсахэм я пащхьэм къыщыфащ икIи ар пщы Ирод игу ири-
хьащ.

7 Ирод хъыджэбзыр игу ирихьати, абы тхьэ хуиIуащ:

– Сыт ухуейми, уэстынщ.

8 И анэм игъэIущати, хъыджэбзым жиIащ:

– УмэхъакIуэ Иуан и щхьэр лагъэм илъу къызэт.

9 Пащтыхьым ар щызэхихым, хуабжьу гущIыхьэ щыхъуащ, арщхьэкIэ хьэщIэхэм я пащхьэм тхьэ щиIуати, хъыджэбзыр зыхуейр иратыну унафэ ищIри, 10 Иуан и щхьэр лъэхъуэщым

14:1 пщы Ирод – Ирод Антипэ хъужырщ. Хьисэ къэхъун и пэкIэ 4-рей гъэм къыщыщIэдзауэ Хьисэ къэхъуа нэужь 39-рей гъэм нэсыху, ар Галилей, Перей хэкухэм япщу щытащ.

щыпиупщIыну зауэлI гуэр игъэкIуащ. [11] Иуан и щхьэр лагъэм
илъу къахьри, хъыджэбзым иратащ, абы ар и анэм хуихьащ.
[12]Иуан и гъуэгу ирикIуэхэр къакIуэщ, Иуан и хьэдэр лъэхъуэ-
щым къыщIахыжри щIалъхьэжащ итIанэ. ЩIалъхьэжа нэужь,
кIуэри къэхъуар Хьисэ хуаIуэтэжащ.

*Хьисэ цIыху минитху зэригъэшхар*
*(Марк 6:30-44; Лука 9:10-17; Иуан 6:1-14)*

[13]А хъыбарыр щызэхихым, цIыхухэм яхэкIри, щIыпIэ пхыдза
гуэрымкIэ и закъуэу кхъуафэжьейкIэ иунэтIащ Хьисэ. Ар щы-
зэхахым, цIыху гупышхуэ къалэхэм къыдэкIри, Хьисэ лъэсу
кIэлъыкIуащ. [14]Хьисэ кхъуэфэжьейм къикIыу, цIыху гупышхуэр
щилъагъум, игу ящIэгъури, сымаджэу яхэтыр игъэхъужащ.

[15]Пщыхьэщхьэр къыщысым, и гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэ-
дыхьэри, Хьисэ къыжраIащ:

– Мы щIыпIэр пхыдзащ, махуэри хэкIуэтакIэщ. Жылэхэм
кIуэуэ гъуэмылэ къыщащэхун щхьэкIэ, цIыхухэр утIыпщ.

[16]– Ахэр щIэкIуэн щыIэкъым. Фэ вгъашхэ ахэр, – яжриIащ
Хьисэ абыхэм.

[17]– Дэ щIакхъуитхурэ бдзэжьеитIрэ фIэкIа диIэкъым, – къыж-
раIащ адрейхэм.

[18]– Ахэр сэ къысхуэфхьыт, – жиIащ Хьисэ.

[19]Хьисэ цIыху гупышхуэхэм яжриIащ удзыпцIэм хэтIысхьэ-
ну. ЩIакхъуитхумрэ бдзэжьеитIымрэ къищтэщ, уафэм дэплъей-
ри, Тхьэм фIыщIэ хуищIащ. ЩIакхъуэхэр зэгуищIыкIыурэ, и
гъуэгу ирикIуэхэм яритащ итIанэ; абыхэм цIыху гупышхуэхэм
хуагуэшащ. [20]Арати, псори шхащ, псоми загъэнщIащ. Къадэхуа
щIакхъуэ бзыгъэхэр зэхуахьэсыжри, матэ пщыкIутIым ярызу
хъуащ. [21]ЦIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ нэмыщI, шхахэр цIыху
минитху хуэдиз хъурт.

*Хьисэ псы гущIыIум тету зэрыкIуар*
*(Марк 6:45-52; Иуан 6:16-21)*

[22] Хьисэ цIыху гупышхуэхэр иригъэжьэжыху зыпимыгъа-
плъэу, и гъуэгу ирикIуэхэр кхъуафэжьейм иригъэтIысхьащ итIа-
нэ, гуэлым зэпрыкIын щхьэкIэ. [23] ЦIыхухэр иутIыпщыжа нэужь,
Тхьэм елъэIуну Iуащхьэм и закъуэ дэкIуеящ. Пщыхьэщхьэр щы-
хъуам, ар и закъуэу абдеж къытенащ. [24] Плъэмэ, кхъуафэжьейр

гуэлым и кум нэсат, ауэ жьы къепщэрти, толъкъунхэр къыжьэ-
хэуэурэ, кхъуафэжьейр зэхэзедзэ хъуащ.

25 Джэд Iуэгъуэм деж Хьисэ, псы щIыIум тету, кхъуафэжьейм
исхэм я лъэныкъуэкIэ кIуащ. 26 Псы гущIыIум тету Хьисэ къа-
кIуэу щалъагъум, и гъуэгу ирикIуэхэм ар хьэдэджадэу къафIэ-
щIри, хуабжьу шынауэ зэрыгъэкIиящ. 27 Хьисэ абыхэм къаж-
риIащ а сыхьэтым:

– Фымыдзыхэ, сэращ ар, фымышынэ!

28 – Зиусхьэн, ар уэрауэ щытмэ, псы гущIыIум сытету, уи
деж сынэкIуэну унафэ щIы, – жриIащ Петр Хьисэ.

29 – КъакIуэ! – жиIащ Хьисэ.

Петр кхъуафэжьейм къикIри, псы гущIыIум тету, Хьисэ деж
кIуэну ежьащ. 30 Ауэ жьышхуэр къыщыкъуэум, гузавэри,
къэшынащ. Псым щIилъафэ щыхъум, къэгуоуащ:

– Зиусхьэн, сыкъегъэл.

31 Петр ар щыжиIэм, Хьисэ и Iэр хуишийщ, ар иубыдри
жриIащ:

–Уэ, фIэщхъуныгъэ зи мащIэ, дзыхь щхьэ къысхуумыщIырэ?

32 Арати, кхъуафэжьейм исхэм тIури яхэтIысхьэжащ, жьап-
щэри увыIэжащ. 33 ЩыувыIэжым, кхъуафэжьейм исхэр лъэ-
гуажьэмыщхьэу Хьисэ и пащхьэм итIысхьэри, жаIащ:

– ИпэжыпIэкIэ, уэ Тхьэм ури-Къуэщ.

*Геннисарет хэкум Хьисэ сымаджэхэр зэрыщигъэхъужар*
*(Марк 6:53-56)*

34 Гуэлым зэпрыкIри, Геннисарет нэсащ. 35 А щIыпIэм щы-
псэухэм Хьисэ къыщацIыхужым, а хэкум дэнэкIи ис цIыхухэм
хъыбар ирагъащIэри, сымаджэу ис псори абы къыхуашащ.
36 НэгъуэщI мыхъуми, Хьисэ и щыгъын кIапэм иригъэIусэну
лъаIуэрт сымаджэхэр, щыгъын кIапэм еIуса псори узыншэ
хъужырт.

# 15-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Адэжьхэм къащIэна хабзэхэр*
*(Марк 7:1-23)*

Ерусалим къикIа фарисейхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ
Хьисэ деж къакIуэри, къеупщIащ:
2 – Уи гъуэгу ирикIуэхэр ди адэжьхэм къытхуагъэна хабзэхэм
сыт щIытекIыр? Я Iэхэр ямытхьэщIэу машхэ ахэр.
3 – Фэри фи адэжьхэм я хабзэм фытетын щхьэкIэ, Тхьэм и
унафэм сыт фыщIытекIыр? – яжриIащ Хьисэ. 4 – Тхьэм жиIащ:*
«Уи адэмрэ уи анэмрэ пщIэ яхуэщI!» икIи «Зи адэ е зи анэ
IейкIэ тепсэлъыхьыр ирелIэ». 5,6 Ауэ фэ жывоIэ: «Зыгуэрым и
адэм е и анэм: Сэ тыгъэу фэстын слъэкIыну щытар иджы Тхьэм
тыгъэ хуэсщIынущ, жриIэмэ, абы щыгъуэ абыхэм пщIэ яхуи-
мыщIми хъунущ». Апхуэдэу фщIыурэ, фи адэжьхэм къыф-
хуагъэна хабзэхэмкIэ Тхьэм и псалъэхэр лъэныкъуэ ивогъэз.
7 БзитIщхьитIхэ! Ешайа бегъымбарым фэ къыфтеухуауэ пэжыр
жиIащ мыпхуэдэу:*

8 «Я жьэкIэ сагъэлъапIэ щхьэкIэ,
мы цIыхухэр ягукIэ спэжыжьэщ.
9 Абыхэм цIыхухэм Iуэхугъуэхэр ирагъащIэурэ,
цIыху хабзэр Тхьэм и унафэм
зэрыхуагъадэм щхьэкIэ,
сэ сызэрагъэлъапIэр пщIэншэщ».

10 Хьисэ цIыху гупышхуэр къриджэри яжриIащ абы и ужькIэ:
– ФыкъэдаIуэ икIи жысIэр зыгурывгъаIуэ. 11 ЦIыхур мыкъа-
бзэ зыщIыр и жьэм къыжьэдыхьэр аракъым, атIэ жьэм къы-
жьэдэкIырщ.
12 И гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэдыхьэри, Хьисэ еупщIащ:
– Фарисейхэм* а жыпIахэр зэхаха нэужь, я гум мыхъун къы-
зэрырагъэхьар пщIэрэ?

---

15:4 Тхьэм жиIащ – еплъ 2 Мусэ 20:12; 21:17.

15:7-9 Ешайа бегъымбарым жиIащ мыпхуэдэу – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 29:13.

15:12 фарисейхэр – еплъ 3:7.

[13] – Си Адэу уафэм щыIэм химыса дэтхэнэ къэкIыгъэри лъаб-
жьэкIэ къыхатхъыжынущ, – яжриIащ Хьисэ. [14] – Абыхэм я ужь
фикI. Мы фарисейхэр цIыху нэфхэм я нэф пашэхэщ. Зы нэфыр
адрей нэфым гъуазэ хуэхъумэ, тIури мащэм ихуэнущ.
[15]Ар щызэхихым, Петр Хьисэ къыжриIащ:
– А ущие хъыбару къыджыпIам къикIыр къыдгурыгъаIуэт.
[16] – Зыри къывгурымыIауэ ара иджыри? – жиIащ Хьисэ.
[17] – Жьэм жьэдыхьэ псори ныбэм нэсмэ, пкъым къызэрыхэ-
кIыжыр къывгурыIуэркъэ? [18]Ауэ жьэм къипсэлъыр гум къокI.
Аращ цIыхур мыкъабзэ зыщIыр; [19] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гум
къикIыр мыращ: Гупсысэ бзаджэхэр, цIыху укIыныр, зинэ
щIэныр, дыгъуэныр, цIыхухэм пцIы ятелъхьэныр, яхуэпсэлъэ-
ныр. [20]Аращ цIыхур мыкъабзэ зыщIыр. Ахъумэ Iэ мытхьэщIкIэ
шхэным цIыхур мыкъабзэ ищIыркъым.

### *Ханаан хэкум щыщ цIыхубзым иIа фIэщхъуныгъэр*
*(Марк 7:24-30)*

[21] А щIыпIэм икIри, Хьисэ къалэхэу Тиррэ Сидонрэ* я Iэхэ-
лъахэм кIуащ итIанэ. [22]А лъэныкъуэм къикIа, Ханаан хэкум
щыщ цIыхубз гуэр* Хьисэ деж къакIуэри, кIий-гуоуэ жиIащ
абы щыгъуэ:
– Зиусхьэну Даут и Къуэ,* гущIэгъу къысхуэщI. Жин бзаджэ
гуэрым си пхъур хуабжьу гугъу ирегъэхь.
[23]АрщхьэкIэ Хьисэ а цIыхубзым зы псалъи жриIакъым, зы
жэуапи иритыжакъым. И гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэдыхьэри,
Хьисэ къыжраIащ:
– Мыр кIийуэ ди ужь йомыгъэту, утIыпщ.
[24] – Израил цIыхуу мэл щхьэрыуахэм я закъуэщ сэ Тхьэм
сыкъызыхуигъэкIуар, – жиIащ Хьисэ.
[25]Ауэ цIыхубзыр Хьисэ къыбгъэдыхьэщ, и пащхьэм лъэгуа-
жьэмыщхьэу къитIысхьэри, жиIащ:
– Уэ, Зиусхьэн, къыздэIэпыкъу!
[26] – ЩIакхъуэр сабийхэм къаIэщIэпхыу хьэхэм яхуэбдзыныр
къезэгъыркъым.

---

15:21 къалэхэу Тиррэ Сидонрэ – еплъ 11:21.

15:22 Ханаан хэкум щыщ цIыхубз гуэр – а цIыхубзыр журткъым, Рим къэра-лыгъуэшхуэм хыхьэ Сирие хэкум къыщыхъуащ. Еплъ Марк 7:26.

15:22 Даут и Къуэр – еплъ 9:27.

[27] – Пэжщ, Зиусхьэн, – жиIащ цIыхубзым, – ауэ хьэхэм яшх
ахэр зейхэм я Iэнэм къехуэха щIакхъуэ щыкъуейхэр.
[28] – Уэ фIэщхъуныгъэу уиIэр инщ, цIыхубз – жриIащ Хьисэ
абы. – Ауэ щыхъукIэ, уэ узэрыхуейм хуэдэу къыбдрехъу.

ЦIыхубзым и пхъур а зы напIэзыпIэм хъужащ.

*Хьисэ цIыху куэд зэригъэхъужар*

[29]Абы и ужкIэ, а щIыпIэм икIыжщ, Галилей гуэлым Iухьэщ,
Iуащхьэм дэкIуейри, Хьисэ абдежым щытIысащ. [30] Iэшэ, лъашэ,
нэф, дэгу, нэгъуэщI узыфэ зиIэхэр къыздашэурэ, цIыху гупышхуэ Хьисэ деж къакIуэри, сымаджэхэр абы и пащхьэм кърагъэлъхьащ. И пащхьэм къыщралъхьэм, Хьисэ ахэр игъэхъужащ.
[31] Бзагуэхэр псалъэу, Iэшэхэр Iэбэфу, лъашэхэр тэмэму зекIуэу,
нэфхэр къэплъэжу щалъагъум, цIыху гупышхуэм ягъэщIэгъуащ
икIи Израил и Тхьэм щIыхь хуащIащ.

*Хьисэ цIыху миниплI зэригъэшхар*
*(Марк 8:1-10)*

[32]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къриджэри яжриIащ:
– Мы цIыхубэм сигу ящIогъу; махуищ мэхъу зэрызигъусэри,
шхын яIухуакъым. МэжалIэу сутIыпщыжыну сыхуейкъым. Къарууншэ хъунурэ, гъуэгум текIуэдэнущ ахэр.
[33] – Мыпхуэдиз цIыхум яхурикъун щIакхъуэ мы губгъуэ нэщIым дэнэ щыбгъуэтын? – къыжраIащ и гъуэгу ирикIуэхэм
Хьисэ.
[34] – ЩIакхъуэ дапщэ фиIэр? – еупщIащ Хьисэ абыхэм.
– ЩIакхъуиблрэ бдзэжьей тIэкIурэ диIэщ, – жаIащ абыхэм.
[35]Ар щыжаIэм, Хьисэ цIыху гупышхуэм унафэ яхуищIащ
етIысэхыну. [36] ШIакхъуиблымрэ бдзэжьейхэмрэ къищтэри,
Тхьэм фIыщIэ хуищIащ. ЩIакхъуэхэр зэгуищIыкIри, и гъуэгу
ирикIуэхэм яритащ итIанэ. Абыхэми цIыхухэм хуагуэшащ.
[37] ЦIыху псори шхащ икIи загъэнщIащ. Къадэхуа щIакхъуэ бзыгъэхэр матиблым ярызу зэхуахьэсыжащ. [38] ЦIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ нэмыщI, шхахэр цIыху миниплI хуэдиз хъурт. [39] Хьисэ
цIыху гупышхуэр иутIыпщыжа нэужь, кхъуафэжьейм итIысхьэри, Магадан хэкум кIуащ итIанэ.

# 16-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Нэщэнэ гъэщІэгъуэныщэ гуэр уафэм къахуригъэхыну фарисейхэр Хьисэ зэрелъэІуар*
*(Марк 8:11-13; Лука 11:29-32)*

Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ* Хьисэ деж къакІуэри, ягъэу-
нэхун мурадкІэ, нэщэнэ гъэщІэгъуэныщэ гуэр уафэм къа-
хуригъэхыну елъэІуащ. 2 Хьисэ абыхэм яжриІащ:
– Пщыхьэщхьэм мыпхуэдэу жывоІэ: «Уафэ нэзыр пшэплъщи,
пщэдей уэфІ хъунущ». 3 Пщэдджыжьым мыпхуэдэу жывоІэ:
«Уафэм пшэр тезщ икІи пшэплъщ. Нобэ уэлбанэ хъунущ». Уа-
фэм и теплъэм къикІыр къывгуроІэ, ауэ мы зэманым и нэщэ-
нэхэм къарыкІыр къывгурыІуэн флъэкІыркъым. 4 Иджырей
цІыху бзаджэу Тхьэр зымыщІэхэр нэщэнэ гъэщІэгъуэныщэ
хуейщ, ауэ Инус бегъымбарым и нэщэнэм* фІэкІа Тхьэм абыхэм
къаритынукъым.
Ар жиІэщ, абыхэм яхэкІри, Хьисэ ежьэжащ.

*Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ я пщагъэр*
*(Марк 8:14-21)*

5 Гуэлым щызэпрыкІыжым, Хьисэ и гъуэгу ирикІуэхэм щІа-
кхъуэ къыздащтэну ящыгъупщат. 6 Хьисэ абыхэм яжриІащ:
– Фысакъ! Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ я пщагъэм зыщы-
фхъумэ.
7 – ЩІакхъуэ диІэкъыми, аращ абы апхуэдэу щІыжиІэр, –
тепсэлъыхьырт и гъуэгу ирикІуэхэр а Іуэхум.
8 Абыхэм жаІэм гу лъитати, Хьисэ жиІащ:
–ФІэщхъуныгъэ зи мащІэхэ, щІакхъуэ зэрывимыІэм фы-
щІытепсэлъыхьыр сыт? 9 КъывгурымыІуэу ара иджыри? ФщІэ-
жыркъэ, щІакхъуитхур цІыху минитхум щахузэгуэсщІыкІам,
щІакхъуэ бзыгъэхэр ярызу матэ дапщэ зэхуэфхьэсыжар? 10 Хьэ-
мэрэ щІакхъуиблыр цІыху миниплІым щахузэгуэсщІыкІам,
щІакхъуэ бзыгъэхэр ярызу матэ дапщэ зэхуэфхьэсыжар?

---

16:1 Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ – еплъ 3:7.

16:4 Инус бегъымбарым и нэщэнэ – еплъ 12:39-40.

11 «Фарисейхэмрэ саддукейхэмрэ я пщагъэм зыщыфхъумэ»,
щыжысIэм, щIакхъуэракъым сэ жыхуэсIар, ар щхьэ къывгуры-
мыIуэрэ?

12Хьисэ жыхуиIар щIакхъуэ пщагъэр артэкъым, атIэ фари-
сейхэмрэ саддукейхэмрэ цIыхухэм ирагъащIэу щыта Iуэхурт.
Абы зыщахъумэн зэрыхуейр Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм къагу-
рыIуащ абы щыгъуэ.

### *«Уэращ Мэссихьу Тхьэм и Къуэр», жиIэу Петр Хьисэ зэрыжриIар*

*(Марк 8:27-30; Лука 9:18-21)*

13 Кесарфилиппие къалэм* и Iэхэлъахэм щынэсым, Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм еупщIащ:

– Сэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр, цIыхухэм сыхэту жаIэрэ?

14 – ЦIыхухэр зыумэхъ у-Иуану жаIэ язынықъуэхэм, – жаIащ
абыхэм. – У-Иляс бегъымбару* жаIэ нэгъуэщIхэми. У-Иеремие
бегъымбару е бегъымбархэм уащыщ гуэру жызыIи щыIэщ.

15 – АтIэ фэ сэ сыхэту жыфIэрэ? – еупщIащ Хьисэ абыхэм.

16 – Уэращ Мэссихьу* гъащIэр къызыбгъэдэкI Тхьэм и Къуэр,
– жиIащ Симон Петр.

17 – Гъуэгу махуэ утеуващ, уэ Инус и къуэ Симон, – жриIащ
Хьисэ абы. – Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мыр зэхозыгъэщIыкIар
цIыхуракъым, атIэ си Адэу уафэм щыIэр арщ. 18 Сэ ныбжызоIэ,
уэ у-Петрщ, уэ мывэм ухуэдэщ, сэ си члисэр уэ птесщIыхьынущ
икIи лIэныгъэм и къарухэр а члисэм пэлъэщынукъым. 19 Тхьэуэ
уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм* и IункIыбзэхэр уэстынущ;
щIылъэм сыт уэ хуит щумыщIыр уафэми хуит щыхъунукъым;
щIылъэм сыт уэ хуит щыпщIыр уафэми хуит щыхъунущ.

20Ар зэры-Мэссихьыр зыми жрамыIэну Хьисэ и гъуэгу ири-
кIуэхэм унафэ быдэ яхуищIащ абы щыгъуэ.

---

16:13 Кесарфилиппие къалэр – Галилей гуэлым километр 40-кIэ пэжыжьэу ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIащ.

16:14 Иляс бегъымбарыр – абы щIылъэм къигъэзэжыну, Мэссихь и гъуэгур хуигъэпсыну журтхэр пэплъэу щытт. Еплъ Малахие бегъымбарым и тхылъым 4:5-6.

16:16 Мэссихь – еплъ 1:17.

16:19 Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ 3:2.

### *Езыр зэраукIынури лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынури Хьисэ къызэрыжиIар*
*(Марк 8:31-9:1; Лука 9:22-27)*

[21]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ягуригъаIуэу хуежьащ а зэманым къыщыщIэдзауэ:

– Сэ Ерусалим сыкIуэн хуейщ. Нэхъыжьхэми,* дин пашэшхуэхэми, торэт егъэджакIуэ пашэхэми* гугъуехь куэд сагъэшэчын икIи саукIын хуейщ, ауэ лIахэм сакъыхэтэджыкIыжын хуейщ ещанэ махуэм.

[22]Апхуэдэу щыжиIэм, Петр Хьисэ лъэныкъуэкIэ Iуишри, жиIар хуимыдэу щIидзащ:

– Зиусхьэн, Тхьэм ар иремыдэ. Ар къыпщыщI хъунукъым.

[23]Хьисэ Петр зыкъыхуигъазэри жриIащ:

– ЗбгъэдэкI, шейтIан. Уэ пэрыуэгъу укъысхуохъу, уэ уи гупсысэкIэр Тхьэм и гупсысэкIэу щыткъым, атIэ цIыхум и гупсысэкIэщи.

[24] Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ итIанэ:

– Си ужь зыгуэр къиувэну хуеймэ, езыр зыхуей Iуэхугъуэхэр къремыгъанэ, лIэныгъэм и жорыр кърещти, си ужь къреувэ. [25] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи псэр мыкIуэду къезыгъэлыну хуей дэтхэнэми и псэр фIэкIуэдынущ, ауэ сэр щхьэкIэ зи псэр зыфIэкIуэд дэтхэнэми и псэр мыкIуэду къелынущ. [26] Дуней псор зы цIыхум ей хъуурэ, езыр кIуэдмэ, а цIыхум фIыуэ къыхухэкIынур сыт? Хьэмэрэ зы цIыхум и псэм щхьэкIэ уасэу итыфынур сыт? [27]ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр, и мелыIычхэр щIыгъуу, и Адэм и щIыхьышхуэм хуэдэ щIыхьышхуэ иIэу къэкIуэжынущ. Хэти ищIам хуэфащэ иригъэгъуэтыжынущ абы щыгъуэ. [28] Пэжыр нывжызоIэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм и Тепщэныгъэшхуэр иIэу къакIуэу ялъагъуху, лIэныгъэр зылъэмыIэсын яхэтщ мыбдежым щыт цIыхухэм.

---

16:21 нэхъыжьхэр – журтхэм пщIэшхуэ зыхуащIу щыта динырылажьэ тхьэмадэ гупщ. Абыхэм ящыщ гуп Тхьэмадэ Хасэшхуэм хэту щытащ.

16:21 дин пашэшхуэхэми торэт егъэджакIуэ пашэхэми – еплъ 2:4.

# 17-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ и теплъэм зэрызихъуэжар*
*(Марк 9:2-13; Лука 9:28-36)*

Махуих дэкIа нэужь, Хьисэ Петри, Екъуби, абы и къуэш
Иуани зыщIигъури, абыхэм я закъуэ бгы лъагэ дишащ. 2Абде-
жым Хьисэ и теплъэм зыщихъуэжащ абыхэм я пащхьэм. И
напэр дыгъэм хуэдэу зэщIэлыдащ, и щыгъынхэри уэсым хуэдэу
хужьыбзэ хъуащ. 3 Плъэмэ, бегъымбархэу Мусэрэ Илясрэ Хьи-
сэ къепсалъэу къахуэлъэгъуащ абы и гъуэгу ирикIуэ цIыхуи-
щым.

4 – Зиусхьэн, мыбдежым дызэрыщыIэр фIыщ, – къыжриIащ
Петр Хьисэ. – Уэ ухуеймэ, мыбдежым шэтырищ щызгъэувынщ,
зыр уэр щхьэкIэ, зыр Мусэ щхьэкIэ, ещанэр Иляс щхьэкIэ.

5 Петр здэпсалъэм, пшэ Iэрамэ нэху напIэзыпIэм абыхэм
къащхьэщыхьащ. А пшэм макъ къыхэIукIащ:

– Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр.*
Абы жиIэм федаIуэ.

6Ар щызэхахым, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр хуабжьу къэ-
шынэри, щIым бгъэгукIэ зытрадзащ. 7Хьисэ абыхэм къабгъэ-
дыхьэри, IэпэкIэ еIусэурэ жиIащ:

– Фыкъэтэдж, фымышынэ.

8 Къыщыдэплъейм, Хьисэ фIэкIа зыри ялъагъужакъым.

9Бгым къыщехыжым, абыхэм унафэ яхуищIащ Хьисэ:

– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр* лIахэм къахэтэджыкIыжыху,
флъэгъуар зыми хуэвмыIуэтэж.

10 И гъуэгу ирикIуэ цIыхуищыр Хьисэ къеупщIащ:

– НтIэ, торэт егъэджакIуэ пашэхэм «Иляс бегъымбарыр
къэкIуэн хуейщ япэщIыкIэ»* щIыжаIэр сыт?

11 – Пэжщ, Иляс къакIуэу Iуэху псори захуагъэм тету зэтри-
гъэувэжын хуейщ, – яжриIащ Хьисэ. 12 – Ауэ сэ нывжызоIэ, Иляс
къэкIуакIэщ, ауэ ар къацIыхужакъым, Iейуэ иращIэну зыхуеяри
иращIащ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэми гугъуехь ирагъэшэчынущ
абыхэм.

---

17:5 Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр – еплъ 3:17.

17:9 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ 8:20.

17:10 Иляс бегъымбарыр къэкIуэн хуейщ япэщIыкIэ – еплъ 16:14.

13Хьисэ жыхуиIар умэхъакIуэ Иуаныр зэрыарар Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм къагурыIуащ абдежым.

*Жин бзаджэм иIыгъ щIалэ гуэр Хьисэ зэригъэхъужар*
*(Марк 9:14-29; Лука 9:37-43а)*

14Абы и ужькIэ, Хьисэрэ и гъусищымрэ цIыху гупышхуэм я
деж къыщагъэзэжым, лIы гуэр Хьисэ къыбгъэдыхьэщ, и пащ-
хьэм лъэгуажьэмыщхьэу къитIысхьэри, 15 жиIащ:

– Зи щIыхь ин, си къуэм гущIэгъу къыхуэщI. МазэщIэр къы-
щыунэхукIэ, хьэзабышхуэ телъщ абы. МафIэми псыми куэд
дыдэри хохуэ. 16 Уэ уи гъуэгу ирикIуэхэм къахуэсшат ар, арщ-
хьэкIэ ягъэхъужын яхузэфIэкIакъым.

17 – Е-ей, фIэщхъуныгъэ зимыIэу къуаншагъэ зылэжь иджы-
рей цIыхухэ, – жиIащ Хьисэ. – Сыт хуэдизрэ сыфхэтын хуей?
Сыт хуэдизрэ фысшэчын хуей? Къысхуэфшэ а щIалэр.

18 Къыщыхуашэм, Хьисэ жин бзаджэм егийри, жиныр
щIалэм хэкIыжащ. ЩIалэри асыхьэтым хъужащ.

19 Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ я закъуэу къыщынэм, ахэр
Хьисэ къыбгъэдыхьэри къеупщIащ итIанэ:

– Жин бзаджэр хэтхун дэ щхьэ тхузэфIэмыкIарэ?

20 – Фэ фи фIэщхъуныгъэр мащIэти, аращ, – яжриIащ Хьисэ.
– Пэжыр нывжызоIэ, хъардэл* хьэдзэм хуэдиз фIэкI мыхъу
фIэщхъуныгъэ фиIэмэ, мы Iуащхьэм «IукIи, модэ кIуэ!» же-
фIэмэ, IукIынурэ кIуэнущ. ФхузэфIэмыкIыну зы Iуэхуи щыIэну-
къым итIанэ.

21 – Апхуэдэ жин лIэужьыгъуэр Тхьэм узэрелъэIумрэ узэрынэ-
щIымрэ фIэкIа, нэгъуэщIкIэ цIыхум хэпхуфынукъым, – щIи-
гъужащ Хьисэ.

*ЗэраукIынури лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынури*
*Хьисэ етIуанэу къызэрыжиIар*
*(Марк 9:30-32; Лука 9:43-45)*

22Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Галилей хэкум щыщызэхуэ-
сыжам щыгъуэ, Хьисэ абыхэм яжриIащ:

17:20 хъардэл – тарчица; андэгурэдэгу лIэужыгъуэ.

– ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр цIыхухэм яIэщIыхьэнурэ, [23] абыхэм ар яукIынущ, ауэ ар лIахэм къахэтэджыкIыжынущ ещанэ махуэм.

Хьисэ ар щажриIэм, абыхэм зэхахар хуабжьу гущIыхьэ ящыхъуащ.

*Хьисэрэ Петррэ Тхьэм и унэшхуэм щхьэкIэ хьэкъытын ахъшэр зэратар*

[24] Капернаум къалэм къыщыкIуам щыгъуэ, Тхьэм и унэшхуэм щхьэкIэ хьэкъытын ахъшэу дидрахм зи цIэр* хэзыххэр Петр деж къакIуэри, жаIащ:

– Хьэкъытын ахъшэу дидрахмыр фи дин егъэджакIуэм Тхьэм и унэшхуэм щхьэкIэ итрэ?

[25] – Ет, – жиIащ Петр.

Петр унэм щыщIыхьэм, езым жимыIэIа щIыкIэ, Хьисэ абы къеупщIащ итIанэ:

– Уэ дауэ уеплърэ, Симон? Дунейм тет пащтыхьхэм хьэпшыпхэм тралъхьэ хьэкъымрэ цIыхухэм тралъхьэ хьэкъымрэ хэт къызыIахыр? Езыхэм я къуэхэра, е нэгъуэщI цIыхухэра?

[26] – НэгъуэщI цIыхухэращ, – къритыжащ жэуап Петр.

– Аращи, я къуэхэм хьэкъ тралъхьэркъым, пэжкъэ? – жриIащ Хьисэ абы. [27] – Ауэ мы цIыхухэм гукъанэ къытхуамыщIын щхьэкIэ, гуэлым кIуэ, бдзэжьей къунтх хэдзи, япэ къэбубыд бдзэжьейр къапщтэрэ и жьэр зэтепхмэ, дыжьын ахъшэ къыжьэдэпхынущ. Ар къащти, хьэкъытыну уэрэ сэрэ щхьэкIэ абыхэм ет.

---

17:24 ахъшэу дидрахм зи цIэр – балигъ хъуа дэтхэнэ журтми илъэс къэс Тхьэм и унэшхуэм сэджыту иритын хуейт махуитIым къриубыдэу къилэжьым хуэдиз ахъшэ.

# 18-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыхухэм*
*ящыщу нэхъ ин дыдэр хэт?*
*(Марк 9:33-37; Лука 9:46-48)*

И гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэдыхьэри, Хьисэ къеупщIащ:
– Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэт цIыхухэм
ящыщу хэт нэхъ ин дыдэр?
2 Хьисэ сабий гуэр къриджэщ, яку дигъэувэри, 3 жиIащ:
– Пэжыр нывжызоIэ, фи гум илъыр зэфхъуэкIыу, сабийхэм
хуэдэ фымыхъумэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм
фыщIыхьэнукъым. 4 Аращи, мы сабийм хуэдэу зи щхьэр зыгъэ-
лъахъшэ дэтхэнэри Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм
щIэт цIыхухэм я нэхъ ин дыдэщ. 5 Мыпхуэдэ сабийр си цIэкIэ
езыгъэблагъэ дэтхэнэми сэ сригъэблэгъауэ мэхъу.

*ЦIыхухэм гуэныхь ящIэну дезыгъэхьэх Iуэхуэхэр*
*(Марк 9:42-48; Лука 17:1-2)*

6 – Ауэ сэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ мы цIыкIухэм ящыщ
гуэрым гуэныхь ищIэну дезыгъэхьэх дэтхэнэми и пщэм щхьэл
мывэ кIэращIэу, хым и кууупIэм хадзэрэ ирагъэтхьэлатэмэ,
езым дежкIэ нэхъыфIт. 7 ЦIыхухэм гуэныхь ящIэну дезыгъэхьэх
Iуэхухэм я зэранкIэ дунейр гъуэгу мыгъуэ теуващ. Пэжщ, ап-
хуэдэ Iуэхухэр къэхъун хуейщ, ауэ ахэр къызыбгъэдэкI цIыхур
гъуэгу мыгъуэ теуващ. 8 Уи Iэм е уи лъакъуэм гуэныхь пщIэну
удригъэхьэхмэ, пыупщIи, хыфIэдзэ. Уи IитIыр е уи лъакъуитIыр
уиIэу, мыункIыфIыжын мафIэм ухадзэ нэхърэ, уIэшэу е улъашэу
мыкIуэдыжын гъащIэ бгъуэтыныр уэркIэ нэхъыфIщ. 9 Апхуэдэ
дыдэу, уи нэми гуэныхь пщIэну удригъэхьэхмэ, къитхъыжи,
хыфIэдзэ. Уи нитIыр уиIэу, жыхьэнмэм и мафIэм ухадзэ нэхърэ,
зы нэ лъэныкъуэм фIэкIа уимыIэми, мыкIуэдыжын гъащIэ
бгъуэтыныр уэркIэ нэхъыфIщ.
10 – Фысакъ, мы цIыкIухэм ящыщ зыри нэмыплъ евмыт; сэ
нывжызоIэ, мы цIыкIухэм я мелыIыч уафэгурысхэм си Адэу
уафэм щыIэм и нэгур зэпымыууэ ялъагъури. 11 ЦIыху Лъэпкъым
и Къуэр къыщIэкIуар цIыху кIуэдам лъыхъуэурэ, мыкIуэду
кърихъэлын щхьэкIэщ.

### *Мэл кIуэдам теухуа ущие хъыбарыр*
*(Лука 15:3-7)*

12 – Фэ дауэ феплърэ? Зыгуэрым мэлищэ иIэу жытIэнщ. Абы-
хэм ящыщ зыр фIэкIуэдмэ, адрей бгъущIрэ бгъур Iуащхьэм
къытринэу, кIуэуэ, а мэл кIуэдам лъыхъуэнукъэ? 13 Пэжыр ныв-
жызоIэ, а мэлыр къыщигъуэтыжкIэ, фIэмыкIуэда мэл бгъущIрэ
бгъум нэхърэ а зы мэлым нэхъ щыгуфIыкIынущ. 14Апхуэдэу,
фи Адэ лъапIэу уафэм щыIэр мы цIыкIухэм ящыщ зыри кIуэ-
дыну хуейкъым.

### *Гуэныхь зыщIэ къуэшыр*
*(Лука 17:3)*

15 – Уи къуэшым* уэркIэ гуэныхь къихьамэ, абы деж кIуэи,
ар зэрыгуэныхьыр фи закъуэу гурыгъаIуэ. КъодаIуэмэ, абы
щыгъуэ уи къуэшыр къыпхуэнэжащ. 16КъомыдаIуэмэ, зы цIыху
е цIыхуитI зыщIыгъуи, уи къуэшым деж кIуэ. «ЩыхьэтитIым
е щыхьэтищым жаIэмкIэ* дэтхэнэ псалъэри гъэщыпкъа хъу-
нущ» итIанэ. 17Абыхэми едэIуэн имыдэмэ, члисэ зэхуэсым
щыщхэм я пащхьэм илъхьэ Iуэхур. Члисэ зэхуэсыми едэIуэн
имыдэмэ, ар хамэ лъэпкъхэм ящыщ е хьэкъытын ахъшэр хэзых*
гуэрхэм яхуэдэ ирехъу уэркIэ.
18 – Пэжыр нывжызоIэ, щIылъэм фэ хуит щывмыщIыр, уафэ-
ми хуит щыхъунукъым; щIылъэм фэ хуит щыфщIыр, уафэми
хуит щыхъунущ.*
19 – Иджыри нывжызоIэ, щIылъэм тет фщыщ цIыхуитI фызэ-
гурыIуэрэ сыт ищIыскIи фелъэIумэ, си Адэу уафэм щыIэм ар
къыфхуищIэнущ. 20 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ си цIэкIэ цIыхуитI
е цIыхуищ щызэхуэскIэ, сэри абыхэм сахэтщи.

### *ГущIэгъу зыхэмылъ унэIутым теухуа ущие хъыбарыр*

21Петр Хьисэ къыбгъэдыхьэри къеупщIащ:
– Зиусхьэн, си къуэшым сэркIэ гуэныхь къихьамэ, дапщэрэ
хуэзгъэгъун хуей? Блэнейрэ хуэзгъэгъун хуейуэ ара?

---

18:15 къуэш –еплъ 5:22

18:16 щыхьэтитIым е щыхьэтищым жаIэмкIэ – еплъ 5 Мусэ 19:15.

18:17 хьэкъытын ахъшэр хэзыхыр – еплъ 5:46.

18:18 Еплъ 16:19.

[22] – Сэ ныбжызоIэ, блэней къудейкъым, атIэ блыр блыщIкIэ
гъэбэгъуауэщ.

[23] – Аращи, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр
зэщхьыр и унэIутхэм ятелъ щIыхуэр илъытэну хэта пащты-
хьырщ. [24]Илъытэну щыщIидзэм, талант* минипщI щIыхуэу
зытелъ гуэр къыхуашащ. [25]ЩIыхуэр зэрипшыныжын зэ-
римыIэм къыхэкIкIэ, ари, абы и фызри, и бынхэри, иIэ псори
ящэу, щIыхуэр иригъэпшыныжыну, пащтыхьым унафэ ищIащ.

[26] – Апхуэдэу щыхъум, пащтыхьым и пащхьэм лъэгуажьэ-
мыщхьэу итIысхьэри, унэIутым жиIащ: «Сыхыумыгъэзыхь.
Псори уэстыжынщ». [27] Пащтыхьым а унэIутым гущIэгъу
хуищIщ, щIыхуэр хуигъэгъури, иутIыпщыжащ.

[28] – А унэIутыр щIэкIыжри, адрей унэIутхэм ящыщу езым и
динарищэ* щIыхуэу зытелъым щыхуэзэм, «Си щIыхуэр
къызэтыж» жиIэщ, къиубыдри итхьэлэу хуежьащ.

[29]Адрей унэIутым абы и пащхьэм зыщридзыхри, лъаIуэу
щIидзащ: «Сыхыумыгъэзыхь, тIэкIу къыспэплъэ, уэстыжы-
нущ».

[30] – Ауэ мыдрейм ар имыдэу, кIуэри, ар лъэхъуэщым
щIригъэдзащ, щIыхуэр къритыжыху. [31]Адрей унэIуту ар
зылъэгъуахэм я гум икъукIэ къеуати, пащтыхьым деж кIуэри,
къэхъуа псори хуаIуэтэжащ.

[32] – Пащтыхьым а унэIутыр къригъашэри жриIащ: «Уэ,
унэIут бзаджэ, укъызэлъэIуати, си щIыхуэу птелъ псори
пхуэзгъэгъуащ. [33] Сэ уэ гущIэгъу зэрыпхуэсщIам хуэдэу, уэри
адрей унэIутым гущIэгъу хуэпщIын хуеякъэ?» [34] Пащтыхьыр
икъукIэ къэгубжьри, и щIыхуэу телъ псори къритыжыху
яIыгъыну, а унэIутыр лъэхъуэщ хъумакIуэхэм яритащ.

[35] (ИтIанэ Исус щIигъужащ:) – И къуэшым кърищIар игукIэ
хуэзымыгъэгъу фщыщ дэтхэнэми сэ си Адэу уафэм щыIэри
апхуэдэущ къызэрыхущытынур.

---

18:24 талант – зы талантыр динар миних хуэдиз мэхъу. Зы динарыр лэжьакIуэм и махуэ лэжьапщIэу щытащ.

# 19-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Фыз игъэкIыжсыным теухуауэ*
*(Марк 10:1-12)*

А псалъэхэр жиIа нэужь, Галилей хэкум икIри, Иордан псым
и адрыщIым щыIэ Иудей хэкум кIуащ Хьисэ. 2 Абы и ужь иту
цIыху куэд кIэлъыкIуащ икIи абыхэм яхэт сымаджэхэр а хэкум
щигъэхъужащ.

3 Фарисей гуэрхэр къыбгъэдыхьэри, щагъэуэн мурадкIэ Хьисэ
къеупщIащ:

– ЛIым и фызыр сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ иригъэкIыж
хъуну?

4 – Тхьэуэ дунейр къэзыгъэщIам щIэдзапIэм деж цIыхухэр
«цIыхухъурэ цIыхубзу къигъэщIащ», жиIэу Тхьэм и псалъэу тха-
хэм хэту* феджакъэ? – жэуап итыжащ Хьисэ.
5 – «Абы къыхэкIкIэ, лIыр и адэ-анэм яхэкIынурэ, и фызым
щIыгъуу, тIури зыпкъ хъунущ», жиIэу Тхьэм зэрыжиIам* фе-
джакъэ? 6 Аращи, ахэр зыпкъщ, пкъитI хъужыркъым. Апхуэдэу
щыщыткIэ, Тхьэм гъусэ зэхуищIа цIыхуитIыр цIыхум зэбгъэ-
дигъэкIыж хъунукъым.

7 – АтIэ, «ЛIым зэрыригъэкIыж тхылъ фызым иритмэ, фы-
зыр иригъэкIыж хъунущ» жиIэу, Мусэ бегъымбарым сыт унафэ
щIищIар?* – къыжраIащ фарисейхэм Хьисэ.

8 – Фэ фи ерыщыгъэм къыхэкIкIэ, фи фызхэр ивгъэкIыжыну
Мусэ бегъымбарым хуит фищIащ, – яжриIащ Хьисэ, – ахъумэ
нэхъапIэм апхуэдэу щытакъым. 9 Ауэ сэ нывжызоIэ, и фыз зинэ
имыщIауэ ар изыгъэкIыжу нэгъуэщI фыз къэзышэж дэтхэнэми
зинэ ищIауэ мэхъу. Абы ещхьу, лIы гуэрым иригъэкIыжа фыз
къэзышэжми зинэ ищIауэ мэхъу.

10 – ЛIымрэ фызымрэ зэрызэхущытыр апхуэдэмэ, абы щы-
гъуэ къыумышэххэныр нэхъыфIщ, – къыжраIащ Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэхэм.

11 – Сэ жысIар хэти ищтэн лъэкIынукъым, – яжриIащ Хьисэ.
– Ар зыщтэн зылъэкIыр Тхьэм лъэкIыныгъэ зрита къудейрщ;

---

19:4 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэту – еплъ 1 Мусэ 1:27.

19:5 Тхьэм зэрыжиIар – еплъ 1 Мусэ 2:24.

19:7 Мусэ бегъымбарым унафэ щIищIар – еплъ 5 Мусэ 24:1.

[12] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къашэни дэкIуэни ялъэмыкIыну я анэхэм къызэралъхум щхьэкIэ, язынықъуэ цIыхухэм къашэнукъым икIи дэкIуэнукъым. ЦIыхухэм язынықъуэхэри яугуэщхъуащи, ар яхузэфIэкIынукъым. Язынықъуэхэми, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэтын щхьэкIэ, къашэнуи дэкIуэнуи ядэркъым. Ар зыщтэн зылъэкIынум ирещтэ.

*Хьисэрэ сабийхэмрэ*
*(Марк 10:13-16; Лука 18:15-17)*

[13]ЦIыхухэм сабийхэр Хьисэ къыхуашэрт, Тхьэм и нэфI къащыхуэн щхьэкIэ, и Iэхэр ятрилъхьэну икIи Тхьэм яхуелъэIуну. Ауэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ар цIыхухэм хуадэртэкъым.
[14]Хьисэ жиIащ:

– Сабийхэр си деж къарекIуэ, фапэрымыуэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэтщи.

[15] Хьисэ и Iэхэр абыхэм ятрилъхьащ итIанэ. А щIыпIэм икIыжащ Хьисэ абы и ужькIэ.

*ЩIалэ бейр*
*(Марк 10:17-31; Лука 18:18-30)*

[16] Хьисэ къыбгъэдыхьэри, щIалэ гуэр къеупщIащ:

– Дин егъэджакIуэ, мыкIуэдыжын гъащIэ згъуэтын щхьэкIэ, сыт фIыуэ сщIэн хуейр?

[17] – ФIымкIэ щхьэ укъызэупщIрэ? – жриIащ Хьисэ а щIалэм. – Тхьэм фIэкIа фIы щыIэкъым. МыкIуэдыжын гъащIэ бгъуэтыну ухуеймэ, Тхьэм и унафэхэр гъэзащIэ.

[18] – А унафэхэр сыт хуэдэ?* – къеупщIащ щIалэр Хьисэ.

– «ЦIыху умыукI, зинэ умыщIэ, умыдыгъуэ, нэгъуэщI цIыхухэм пцIы ятумылъхьэ,
[19] уи адэмрэ уи анэмрэ пщIэ яхуэщI, уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ лъагъу», – жиIащ Хьисэ.

[20] – Си щIалэгъуэм щыщIэдзауэ а псори согъэзащIэ, – къыжриIащ щIалэм Хьисэ. – Сыт иджыри си щыщIагъэр?

[21] – Уи щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, цIыху нэгъэса ухъуну ухуеймэ, кIуэ, уи мылъкур щэжи, ахъшэр тхьэмыщкIэ-

---

19:18-19 А унафэхэр сыт хуэдэ? – еплъ 2 Мусэ 20:12-16, 3 Мусэ 19:18.

хэм яхуэгуэш, – жриIащ Хьисэ. – Уафэм мылъкушхуэ ущиIэ
хъунущ абы щыгъуэ. Си ужь къиувэ итIанэ.
22 Ар щызэхихым, игу някъуэу, щIалэр IукIыжащ, мылъку-
шхуэ иIэти.
23 – Пэжыр нывжызоIэ, Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэны-
гъэшхуэм щIыхьэныр бейм дежкIэ гугъущ, – яжриIащ Хьисэ и
гъуэгу ирикIуэхэм. 24 – Иджыри нывжызоIэ, бейр Тхьэм и Теп-
щэныгъэшхуэм щIыхьэн нэхърэ мастэнэм махъшэкIэ икIыныр
нэхъ тыншщ.
25 Хьисэ жиIар и гъуэгу ирикIуэхэм щызэхахым, ар икъукIэ
ягъэщIагъуэри, къеупщIащ:
– Апхуэдэу щыщыткIэ, мыкIуэду зыкъригъэлын зыхузэфIэ-
кIынур хэт?
26 Абыхэм еплъри, Хьисэ яжриIащ:
– ЦIыхухэм езыхэм мыкIуэду зыкърагъэлын яхузэфIэкIыр-
къым, ауэ Тхьэм хузэфIэмыкIын Iуэху зыри щыIэкъым.
27 – Мис, дэ диIа псори къэдгъанэри, уи ужь дыкъиуващ, –
къыжриIащ Петр Хьисэ. – Абы щхьэкIэ дэ Iыхьэфlу къэдгъуэ-
тынур сыт?
28 – Пэжыр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм, – ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэм ахърэтым щIыхьышхуэ щиIэу и тахътэм
щытетIысхьэкIэ, фэ, си ужь къиувахэр, тахътэ пщыкIутIым
фытетIысхьэнурэ, Израил и унагъуэ лъэпкъ пщыкIутIым
хьэкум* ятефщIыхьынущ. 29 ИкIи е и унэхэр, е и къуэшхэр, е и
шыпхъухэр, е и адэ, е и анэ, е и бынхэр, е и щIапIэр сэр щхьэкIэ
къэзыбгына дэтхэнэми хуэдищэ игъуэтыжынущ икIи мыкIуэды-
жын гъащIэ IыхьэфIу къылъысынущ. 30 Ауэ я пэ итхэм ящыщ
куэд я ужь къинэнущ, я ужь итхэри япэ ищынущ.

## 20-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЖызумгъэкIхэм ятеухуа ущие хъыбарыр*

– Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр* зыхуэдэр мы-
ращ. Жызум хадэ зиIэ гуэрым и жызум хадэм щигъэлэжьэн

---

20:1 Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ 3:2.

лэжьакIуэхэр къилъыхъуэну пщэдджыжьым жьыуэ дэкIащ.
[2] ЛэжьакIуэхэр къыщигъуэтым, епсалъэщ, махуэм динар зырыз
яритыну зэгурыIуэри, и жызум хадэм игъэкIуащ игъэлэжьэну.
[3] – Жызым хадэр зейр пщэдджыжьым сыхьэтыр бгъум* дэ-
кIри, нэгъуэщI лIы Iуэхуншэхэр бэзэрым тету ирихьэлIащ.
[4] ЩрихьэлIэм, мыпхуэдэу яжриIащ: «Фэри си жызум хадэм фы-
кIуи, къэвлэжьыр фэстынущ». Ахэри кIуащ жызум хадэм.
[5] – Жызум хадэр зейр шэджагъуэм дежи,* сыхьэтыр щым
дежи,* аргуэру дэкIри, нэгъуэщI Iуэхуншэ гуэрхэри хадэм
игъэкIуащ. [6] ИкIэм-икIэжым, сыхьэтыр тхум деж* аргуэру
дэкIри, нэгъуэщIхэри къыщрихьэлIэм, абыхэми яжриIащ:
«Махуэ псом зыри фымыщIэу мыбдежым щхьэ фыщызэхэт?»
[7] – «Iуэху дэзыгъэлэжьын дгъуэтакъым», къыжраIащ абыхэм.
– «Фэри фыкIуи, си жызум хадэм фыщылажьэ. Къэвлэжьыр
фэстынщ», яжриIащ абы.
[8] –Пщыхьэщхьэр къыщысым, жызум хадэр зейм лэжьакIуэ-
хэм я унафэщIым жриIащ: «ЛэжьакIуэхэм къеджи, я ужькIэ
къэкIуахэм щыщIэдзауэ япэу къэкIуахэм нэсыху, я махуэ
лэжьапщIэр ет».
[9] – Сыхьэтыр тхум Iуэхур зыублахэр къыщыкIуэм, лэжьа-
кIуэхэм я унафэщIым абыхэм динар зырыз яритащ. [10] Iуэхур
япэу зыублахэр къыщыкIуэм, нэхъыбэ къратын ягугъащ, ауэ
абыхэми динар зырызщ яритар. [11] Ахъшэр Iахри, жызум хадэр
зейм едауэу щIадзащ. [12] «Дэ махуэ псом хуабэвэхым дыхэту,
гугъу дехьу дылэжьа пэтми, ди ужькIэ къэкIуауэ зы сыхьэт
нэхъ мылэжьахэм дахуэбгъэдащ», жаIащ.
[13] – Жызум хадэр зейм абыхэм ящыщ зым жриIащ: «Си ны-
бжьэгъу, мыхъун уэсщIэркъым. Зы динаркъэ дызэрызэгу-
рыIуар? [14] Уи лэжьапщIэр щтэи, кIуэж. ИужькIэ къэкIуами уэ
уэстам хуэдиз естыну сыхуейщ. [15] Си ахъшэм сэ сызыхуейр
есщIэну сыхуитыжкъэ? Хьэмэ уэ уфыгъуэрэ сэ сызэрыхьэлэлым
щхьэкIэ?»

---

20:3 пщэдджыжьым сыхьэтыр бгъум – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «ещанэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикIыр пщэдджыжьым сыхьэтыр бгъурщ.

20:5 шэджагъуэм деж – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «еханэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикIыр шэджагъуэрщ.

20:5 сыхьэтыр щым деж – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «ебгъуанэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикIыр шэджагъуэ нэужьым сыхьэтыр щырщ.

20:6 сыхьэтыр тхум деж – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «епщыкIузанэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикIыр шэджагъуэ нэужьым сыхьэтыр тхурщ.

[16] (ИтIанэ Хьисэ щIигъужащ:) – Апхуэдэу я ужь итхэр япэ
ищынущ, япэ итхэри я ужь къинэнущ; къеблэгъахэр куэдщ, ауэ
хэплъыхьауэ яхэтыр мащIэщ.

*ЗэраукIынури лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжынури Хьисэ ещанэу къызэрыжиIар*
*(Марк 10:32-34; Лука 18:31-34)*

[17] Хьисэ ЕрусалимкIэ дэкIуейуэ гъуэгу здытетым, и гъуэгу
ирикIуэ цIыху пщыкIутIыр я закъуэу лъэныкъуэкIэ Iуишри,
яжриIащ:
[18] – Мис иджы дэ ЕрусалимкIэ дыдокIуей. ЦIыху Лъэпкъым
и Къуэр* дин пашэшхуэхэмрэ торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ
ерагъэубыдынущ. Абыхэм укI къытралъхьэнущ, [19] икIи къыщы-
дыхьэшхынурэ щIопщкIэ къеуэнущ, жорым ираIулIынурэ ар
хамэ лъэпкъхэм* IэщIалъхьэнущ; ар лIахэм къахэтэджыкIы-
жынущ ещанэ махуэм.

*Зеведей и къуэхэм я анэр Хьисэ зэрелъэIуа Iуэхугъуэр*
*(Марк 10:35-45)*

[20]Зеведей и къуэхэм* я анэр, и къуэхэр и гъусэу, Хьисэ къыб-
гъэдыхьэри, и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу къитIысхьащ,
зыгуэркIэ къелъэIуну хуейти.
[21] – Сыт уэ узыхуейр? – еупщIащ Хьисэ цIыхубзым.
– Уи тепщэныгъэшхуэр къыщыскIэ, мы си къуитIым зыр уи
ижьырабгъумкIэ, адрейр уи сэмэгурабгъумкIэ тIысыну хуит
щIы, – къыжриIащ цIыхубзым.
[22] – Фэ фызыщIэлъэIур фщIэркъым, – жиIащ Хьисэ. – Сэ
сызэфэну гугъуехь фалъэм итым фэ фефэн флъэкIыну, е цIыху-
хэм гугъуехькIэ сызэраумэхъынум* хуэдэу, фэ абыхэм зевгъэу-
мэхъын флъэкIыну?
– ТлъэкIынщ, – къыжраIащ абыхэм.
[23] – Сэ сызэфэну гугъуехь фалъэм итым фэри фефэнущ, –
яжриIащ Хьисэ. – ЦIыхухэм сэ гугъуехькIэ сызэраумэхъынум
хуэдэу, фэри фаумэхъынущ. Ауэ си ижьырабгъумкIэ е си сэмэ-

20:19 хамэ лъэпкъхэр – Рим цIыхуу тепщэныгъэ зиIэхэрщ.

20:20 Зеведей и къуэхэр – апостолу Екъубрэ Иуанрэщ.

20:22 умэхъыныр – еплъ 3:1.

гурабгъумкIэ фыкъэтIысыну хуит фысщIын слъэкIынукъым.
А тIысыпIэхэр си Адэм зыхуигъэхьэзыра цIыхухэм яйщ.

[24]Адрей цIыхуипщIу Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ар щызэха-
хым, а зэшитIым яхуэгубжьащ. [25]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр
къриджащ:

–Фэ фощIэ, – яжриIащ Хьисэ, – мы дунейм тет тепщэхэр
цIыхухэм я пщэм зэрыдэсыр, пашэхэми цIыхухэм тепщэныгъэ
зэрыхуаIэри фощIэ. [26]Ауэ апхуэдэ зэхущытыкIэкъым фяку дэ-
лъын хуейр фэ. Фэ фщыщ ин хъуну хуеймэ, ар Iуэхутхьэбзащlэ
къыфхурехъу. [27] Фэ фщыщ япэ итыну хуеймэ, ар пщылI къыф-
хурехъу. [28]ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къыщIэкIуар цIыхухэм я
сэбэп зригъэкIын щхьэкIэкъым, атIэ езым и сэбэп цIыхухэм
яригъэкIын икIи цIыху куэдым щхьэкIэ и псэр щхьэщэхужу
итын папщIэщ.

### *Хьисэ лIы нэфитI зэригъэхъужар*
*(Марк 10:46-52; Лука 18:35-42)*

[29]Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Ерихон къалэм* къыщы-
дэкIыжым, Хьисэ и ужь цIыху гупышхуэ къиуващ. [30]ЛIы нэфитI
гъуэгу напщIэм тест. Хьисэ зэрыблэкIыр щызэхахым, макъы-
шхуэкIэ къаджэу щIадзащ абыхэм:

– Зиусхьэну Даут и Къуэ,* гущIэгъу къытхуэщI!

[31] ЦIыху гупышхуэм ямыдэу, «Шывгъэт!» жраIащ, арщхьэкIэ
лIы нэфитIыр нэхъ макъышхуэкIэ къэджащ аргуэру:

– Зиусхьэну Даут и Къуэ, гущIэгъу къытхуэщI!

[32]Хьисэ къэувыIэщ, ахэр къриджэри, яжриIащ:

– Сыт фхуэсщIэну фызыхуейр?

[33] – Зиусхьэн, ди нитIыр къытхуэбгъэплъэжынырщ дызы-
хуейр, – къыжраIащ абыхэм.

ГущIэгъу яхуищIри, Хьисэ абыхэм я нэхэм еIусащ. Абыхэм я нэхэр къэплъэжащ асыхьэтым икIи Хьисэ и ужь иуващ.

---

20:29 Ерихон къалэр – Ерусалим и ищхъэрэ къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ, километр 24-кIэ пэжыжьэу, Иордан псым и дыгъэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэщ.

20:30 Даут и Къуэр – еплъ 9:27.

# 21-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЩIыхьышхуэ иIэу, Хьисэ Ерусалим зэрыдыхьар*
*(Марк 11:1-11; Лука 19:28-38; Иуан 12:12-19)*

Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Ерусалим пэгъунэгъу хъуащ.
Елеон Iуащхьэм* и лъапэм тес Виффагие жылэм щынэсым,
Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ цIыхуитI япэ иригъэщаш,
2 мыпхуэдэу яжриIэри:

– Фяпэ ит жылэм фыдыхьэ. Фызэрыдыхьэу зы шыдыбз, и
шыд шыщIэр щIыгъуу, епхауэ фрихьэлIэнущ. Ар къыкIэрыф-
тIэтыкIи, си деж къафшэ. 3 Зыгуэрым зыгуэр къывжиIэмэ, «Зиу-
схьэныр мыбыхэм хуейщ» жефIи, шыдхэр къэфшэну хуит
фищIынущ асыхьэтым.

4 Апхуэдэу щIэхъуар бегъымбарым жиIа мы псалъэхэр пэж
хъун щхьэкIэщ:

5 «Сион къалэу* пхъум хуэдэм жефIэ:
Мис, гущабагъэ иIэу, шыдым тесу
уи пащтыхьыр къыпхуокIуэ;
ар зытесыр шыдыбзым и шыд шыщIэрщ».

6 И гъуэгу ирикIуэхэр кIуэри, Хьисэ зэражриIам тету ящIащ.
7 Шыдыбзымрэ шыд шыщIэмрэ къашэри, я щыгъынхэр абыхэм
тралъхьащ, щыгъынхэм я щIыIум Хьисэ тетIысхьащ. 8 ЦIыху
гупышхуэм я щыгъынхэр гъуэгум хутраубгъуэрт абы, нэгъуэ-
щIхэми жыгхэм къудамэ къыпаупщIурэ гъуэгум хутралъхьэрт.
9 ЦIыху гупышхуэу Хьисэ и пэ иту кIуэхэми и ужь иту кIуэхэми
макъышхуэкIэ жаIащ:*

– Хьусаннэ* Даут и Къуэм деж!
Зиусхьэным и цIэкIэ къакIуэм
щIыхьышхуэр ейщ!
Хьусаннэ! Тхьэуэ Лъагэм
щIыхьышхуэр ейщ!

---

21:1 Елеон Iуащхьэр – Зейтун Iуащхьэр аращ. Ерусалим и гъунэгъуу, дыгъэ къуэ-кIыпIэмкIэ, Кедрон аузым и адрыщIым итщ.

21:4-5 бегъымбарым жиIа мы псалъэхэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 62:11; Зэчрей бегъымбарым и тхылъым 9:9.

21:5 Сион къалэр – Ерусалим къалэр арщ.

21:9 макъышхуэкIэ жаIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур)117:25-26.

21:9 Хьусаннэ – щIыхь псалъэщ.

10 Хьисэ Ерусалим щыдыхьэм, къалэ псор къызэщIэхъеяуэ,
цIыхухэм жаIэрт:
– Хэт мыр?
11 – Ар Хьисэщ, Галилей хэкум щыщ Назарет къикIа бегъымбарырщ, – жаIэрт цIыхубэм.

*Хьисэ сатуущIэхэр Тхьэм и унэшхуэм къызэрыщIихуар*
*(Марк 11:15-19; Лука 19:45-48; Иуан 2:13-22)*

12 Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм щIыхьэри, абы щIэт сатуущIэхэри*
щэхуакIуэхэри псори къыщIихуу щIидзащ абы и ужькIэ; ахъшэ
зыхъуэжхэм* я Iэнэхэмрэ тхьэрыкъуэ зыщэхэм я шэнтхэмрэ
щхьэпридзащ. 13 Хьисэ абыхэм яжриIащ:
–Тхьэм къызэрыжиIэр и псалъэу тхахэм хэтщ:* «Сэ си унэр тхьэлъэIупIэу щытынущ», ауэ фэ ар «хъунщIакIуэ тIысыпIэм»* ещхь фощI.
14 Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм щIэту, нэфхэмрэ лъашэхэмрэ
къакIуэри, абдежым щигъэхъужащ. 15 Дин пашэшхуэхэмрэ торэт
егъэджакIуэ пашэхэмрэ* Хьисэ илэжьа Iуэху телъыджэхэр щалъагъум, сабийхэр Тхьэм и унэшхуэм щIэту, «Хьусаннэ Даут и Къуэм* деж!» жаIэу къызэрыджар щызэхахым, ямыдэу
16 Хьисэ къыжраIащ:
–Абыхэм жаIэр зэхэпхрэ?
–Зэхызох, – яжриIащ Хьисэ, – ауэ феджакъэ Даут Тхьэм мыпхуэдэу зэрыжриIам:*
«Сабийхэмрэ сабий быдзафэхэмрэ
я жьэкIэ щIыхь зыхуебгъэщIащ»?
17 Хьисэ абыхэм яхэкIщ, къалэм дэкIщ, Вифание жылэм* кIуэри, жэщыр абы щрихащ.

---

21:12 сатуущIэхэр – абыхэм къурмэныпхъэ былымхэр Тхьэм и унэшхуэм и пщIантIэм щащэрт.

21:12 ахъшэ зыхъуэжхэр – Тхьэм и унэшхуэм щхьэкIэ хьэкъытын ахъшэр зытхэми къурмэныпхъэ былымхэр къэзыщэхухэми щхьэкIэ абыхэм хамэ ахъшэхэр яхъуэжырт.

21:13 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 56:7.

21:13 хъунщIакIуэ тIысыпIэ – еплъ Иеремие бегъымбарым и тхылъым 7:11.

21:15 Даут и Къуэр – еплъ 9:27.

21:16 Тхьэм зэрыжриIар – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 8:3.

21:17 Вифание жылэр – Ерусалим километрищкIэ пэжыжьэу, и къуэкIыпIэмкIэ щыIэщ.

### *Хьисэ ахъуо жыгым зэребгар*
*(Марк 11:12-14, 20-24)*

[18] Нэху щауэ, Ерусалим къыздэкIуэжым, Хьисэ къэмэжэлIащ.
[19]Гъуэгубгъум зы ахъуо жыг щилъагъури, абы бгъэдыхьащ, ауэ
тхьэмпэ фIэкI зыри пигъуэтакъым; жыгым мыпхуэдэу жриIащ:
– ИгъащIэкIэ зыри уэ къыппымыкIэжын ирехъу!
Ар зэрыжиIэу, ахъуо жыгыр гъуащ. [20]Ар щалъагъум, Хьисэ
и гъуэгу ирикIуэхэм ягъэщIагъуэу жаIащ:
– Ахъуо жыгыр дауэ апхуэдэу псынщIэу гъужынкIэ хъуа?
[21] – Пэжыр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ абыхэм, – фи гум
шэч къивмыгъэхьэу фIэщхъуныгъэ фиIэмэ, ахъуо жыгым ещIам
хуэдэ къудейкъым фщIэн флъэкIынур, мы Iуащхьэми «ЗыкъэIэ-
ти, хым зыхэдзэ!» жефIэмэ, зыхидзынущ. [22] ФIэщхъуныгъэ
фиIэмэ, сыткIэ фелъэIуми, Тхьэм ар къыфхуищIэнущ.

### *Хьисэ и тепщэныгъэр журт пашэхэр къезытамкIэ къызэреупщIар*
*(Марк 11:27-33; Лука 20:1-8)*

[23] Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм щIыхьэри, Тхьэм и псалъэхэр
цIыхухэм яригъащIэу щIидзащ. ЯригъащIэ щыхъум, дин
пашэшхуэхэмрэ цIыхухэм я нэхъыжьхэмрэ къыбгъэдыхьэри
къыжраIащ:
– Мы Iуэхухэр блэжьыну хуитыныгъэ дэнэ къыздипхар? Ахэр
блэжьыну тепщэныгъэ хэт уэ къозытар?
[24] – Сэри фэ зы Iуэхугъуэ гуэркIэ сынывэупщIынущ, – яж-
риIащ Хьисэ. – Жэуап къызэфтыжмэ, сэри нывжесIэнщ мы
Iуэхухэр злэжьыну хуитыныгъэ къыздисхар. [25] ЦIыхухэр иу-
мэхъын* щхьэкIэ, Иуан хэт къэзыгъэкIуар? ЦIыхухэра, хьэмэрэ
Тхьэра?
– «Тхьэращ Иуан къэзыгъэкIуар» жытIэмэ, езым къыд-
жиIэнщ: «НтIэ, Иуан жиIар сыт фи фIэщ щIэмыхъуар?» –
зэчэнджэщыжурэ жаIэрт абыхэм. [26] – «ЦIыхухэращ Иуан къэ-
зыгъэкIуар», жытIэмэ, цIыхухэм дащышынэн хуейщ, цIыху
псоми Иуан бегъымбару ялъытэри. [27]Арати:
– ТщIэркъым, – къыжраIащ Хьисэ.

---

21:25 умэхъыныр – еплъ 3:1.

– Апхуэдэу щыщыткIэ, сэри нывжесIэнукъым мы Iуэхухэр
злэжьыну хуитыныгъэ къыздисхар, – яжриIащ Хьисэ абыхэм.

*КъуитIым ятеухуа ущие хъыбарыр*

Хьисэ жиIащ итIанэ:
28 – Фэ дауэ феплърэ? ЛIы гуэрым къуитI иIэт. А лIыр и зы
къуэм бгъэдыхьэри, жриIащ: «Си щIалэ, кIуэи, нобэ си жызум
хадэм щылажьэ».
29 – Абы жэуап къритащ: «СыкIуэнукъым», арщхьэкIэ
иужьым щIегъуэжри, кIуащ.
30 – Адэр адрей и къуэми бгъэдыхьэри, ар дыдэр жриIащ.
ЩIалэм жиIащ: «СыкIуэнщ, ди адэ», ауэ кIуакъым.
31 – Хэт а тIум щыщу адэр зыхуейр зыгъэзэщIар?
– Япэр арщ, – къыжраIащ абыхэм.
– Пэжыр нывжызоIэ, – яжриIащ Хьисэ, – хьэкъытын ахъшэр
хэзыххэмрэ псэжьхэмрэ фэ фяпэ щIыхьэнущ Тхьэм и Тепщэны-
гъэшхуэм. 32 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ щыпкъагъэм и гъуэгу фыт-
ригъэхьэн щхьэкIэщ Иуан къыщIэкIуар, ауэ фэ абы дзыхь хуэф-
щIакъым, хьэкъытын ахъшэр хэзыххэмрэ псэжьхэмрэ Иуан жиIар
я фIэщ хъуащ. Ар я фIэщ зэрыхъуар флъэгъуа пэтми, фэ фы-
щIегъуэжакъым икIи Иуан дзыхь хуэфщIакъым.

*ЖызумгъэкI бзаджэхэм ятеухуа ущие хъыбарыр*
*(Марк 12:1-12; Лука 20:9-19)*

33 – НэгъуэщI ущие хъыбари фыкъедаIуэ. Унэр зей гуэрым
жызум хадэ игъэтIысащ. Хадэр мывэ сэрейкIэ къищIыхьщ, жы-
зум пIытIалъэри ищIри, бэтэгъей игъэуващ. ЖызумгъэкI гуэр-
хэм хадэр яIэщIилъхьэри, хамэ къэрал гуэрым кIуащ езыр.
34 Жызум пычыжыгъуэр къыщысым, и жызум Iыхьэр къыIахыну
жызумгъэкIхэм я деж унэIутхэр игъэкIуащ абы.
35 – ЖызумгъэкIхэм унэIутхэр яубыдри, зыр яубэрэжьащ,
адрейр яукIащ, ещанэри яукIащ, мывэкIэ еуэурэ. 36 Хадэр зейм
унэIутхэр игъэкIуащ аргуэру, япэу игъэкIуахэм нэхърэ нэхъы-
бэжу, ауэ абыхэми ар дыдэр къращIащ. 37 ИкIэм-икIэжым «Си
къуэм пщIэ къыхуащIынщ», жиIэри, и къуэр абыхэм я деж
игъэкIуащ хадэр зейм.
38 – ЖызумгъэкIхэм хадэр зейм и къуэр щалъагъум, зым
адрейм жриIащ: «Жызум хадэр къызыхуэнэжынур мыращ. Ар

дывгъэукIи, хадэр дэ къытхуэнэнщ». [39]Арати, ар яубыдщ, жы-
зум хадэм ирашыжри яукIащ.

[40] – АтIэ, жызум хадэр зейр къакIуэмэ, а жызумгъэкIхэм сыт
ярищIэнур? – щIэупщIащ Хьисэ.

[41] – Абы а бзаджащIэхэр кIуэдыкIейуэ игъэкIуэдынурэ, жы-
зум пычыжыгъуэр къыщыскIэ, и жызум Iыхьэр къезытыжыну
нэгъуэщI жызумгъэкIхэм хадэр яIэщIилъхьэнущ, – къыжраIащ
абыхэм Хьисэ.

*УхуакIуэхэм зрамыпэсу хыфIадзэжа мывэр*

[42]Хьисэ яжриIащ итIанэ:

– Тхьэм и псалъэу тхахэм* мыпхуэдэу зэрыхэтым феджакъэ?

«УхуакIуэхэм зрамыпэсу хыфIадзэжа мывэр
унэр зытезыIыгъ мывэ лъабжьэ хъуащ.
Мыр Зиусхьэным къыбгъэдэкI Iуэхущ,
икIи ар дэ тфIэтелъыджэщ».

[43] – Аращи, нывжызоIэ, – къыпищащ Хьисэ, – Тхьэм и Тепщэ-
ныгъэшхуэм* фыщIыхьэнымкIэ хуитыныгъэр фэ къыфтрихы-
нурэ, и Тепщэныгъэшхуэм хуэфащэу фIыгъуэр зыгъэзащIэ нэ-
гъуэщI лъэпкъ гуэрым иритынущ. [44] Мы мывэм къытехуэр зэп-
къриудынущ, езыр зытехуэр ипIытIынущ.

[45] Мы ущие хъыбархэр дин пашэшхуэхэмрэ фарисейхэмрэ
щызэхахым, а хъыбархэр езыхэм зэратеухуар къагурыIуати,
[46]Хьисэ яубыдыну хэтащ, ауэ цIыхубэм ящышынащ, абыхэм
ар бегъымбару ялъытэрти.

# 22-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ХьэгъуэлIыгъуэм теухуа ущие хъыбарыр*
*(Лука 14:15-24)*

Хьисэ ущие хъыбархэмкIэ цIыхухэм аргуэру яжриIащ:

[2] – Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр зыхуэдэр мы-
ращ. Пащтыхь гуэрым и къуэм къригъашэри, хьэгъуэлIыгъуэ

21:42 Тхьэм и псалъэ тхахэр – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 117:22-23.

21:43 Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр – еплъ 3:2.

хуищIащ. [3] Къеблэгъэнухэм я деж пащтыхьым и унэIутхэр
игъэкIуащ, ауэ абыхэм къэкIуэн ядакъым.

[4] – Пащтыхьым нэгъуэщI унэIутхэр игъэкIуащ, мыпхуэдэу
яжриIэри: «Фыкъеблагъэ зыжесIахэм яжефIэ: Iэнэр хьэзырщ,
выхэри, хьэгъуэлIыгъуэм хуэзгъэшха нышхэри фIезгъэгъэжащ,
псори хьэзырщ, хьэгъуэлIыгъуэм фыкъеблагъэ».

[5] – Ауэ абыхэм унэIутхэм нэмыплъ къратри, зыр и хьэсэм
кIуащ, адрейр и сату и ужь ихьэжащ. [6]Адрейхэм пащтыхьым и
унэIутхэр яубыдщ, лей кърахри къаукIащ. [7] Пащтыхьым ар
щызэхихым, къэгубжьщ, и дзэр игъакIуэщ, а лIыукIхэр зэтры-
ригъэукIэри, я къалэри мафIэкIэ иригъэгъэсащ.

[8] – Пащтыхьым и унэIутхэм яжриIащ итIанэ: «ХьэгъуэлIы-
гъуэр хьэзыр хъуакIэщ, ауэ къезгъэблэгъахэм ар яхуэфащэ-
тэкъым. [9]Аращи, гъуэгу зэхэкIыпIэхэм фыкIуи, хэт вгъуэтми,
хьэгъуэлIыгъуэм къевгъэблагъэ». [10]УнэIутхэр гъуэгухэм техьэ-
ри, ягъуэта псори, цIыхуфIхэри цIыху бзаджэхэри, кърагъэ-
блэгъащ; хьэгъуэлIыгъуэм къекIуэлIар унэм щIэз хъуащ.

[11] – ХьэщIэхэр зригъэлъагъуну къыщыщIыхьэм, хьэгъуэ-
лIыгъуэм хуэфащэ щыгъын щымыгъыу лIы гуэр илъэгъуащ
пащтыхьым. [12] Щилъагъум, пащтыхьыр а лIым еупщIащ: «Си
ныбжьэгъу, мыпхуэдэу фейцейуэ ухуэпауэ, дауэ укъеблэгъа?»
Ауэ адрейм зыри жиIакъым.

[13] – Пащтыхьым и унэIутхэм яжриIащ: «А лIым и Iэхэри и
лъакъуэхэри фыпхи, кIыфIыгъэм и кууупIэм хэвдзэ. Абы гъы
макърэ дзэ зэрыгъэшх макърэ къыщыIунущ».

[14] – Къеблэгъар куэдщ, ауэ хэплъыхьауэ яхэтыр мащIэщ, –
къыщIигъужащ Хьисэ.

### *Хьэкътын ахъшэм теухуауэ*
*(Марк 12:13-17; Лука 20:20-26)*

[15]Фарисейхэр кIуэри, Хьисэ псалъэ гуэрым зэрытраубыдэн
щIыкIэмкIэ зэчэнджэщыжащ абы щыгъуэ. [16]Арати, фарисейхэм
я гъуэгу ирикIуэхэр Хьисэ деж ягъэкIуащ, Ирод пащтыхьым и
лъэужь ирикIуэхэр* я гъусэу. Абыхэм жаIащ:

– Дин егъэджакIуэ, щыпкъагъэ зигу илъ цIыхуу узэрыщытми,
щыпкъагъэм тету Тхьэм и гъуэгур цIыхухэм зэребгъащIэм ды-

22:16 Ирод пащтыхьым и лъэужь ирикIуэхэр – ахэр Рим Iэтащхьэм хуэмейуэ, пащтыхь Ирод Иным къытехъукIа цIыхухэм ящыщ гуэр пащтыхь яхуэхъуну хуеящ.

щыгъуазэщ. ЦIыхухэм жаIэм зыкIи уигъэгузавэркъым, цIыху-
хэм я фэм уемыплъу, цIыху псори уи зэхуэдэщи. [17]Аращи, къыд-
жеIэ: Дауэ уеплърэ? Кесарым* хьэкъытын ахъшэр* етт хъуну,
хьэмэ мыхъуну?
[18]Абыхэм я бзаджагъэм гу лъитати, Хьисэ жиIащ:
– Сыщывгъэуэну фыщIыхэтыр сыт фэ, бзитIщхьитIхэ? [19]Хьэ-
къытын ахъшэр* сывгъэлъагъу.
Динар ахъшэ Хьисэ къыхуахьащ абыхэм.
[20] – Хэт и сурэт мыбы тетыр, хэт и цIэ мыбы тетхари? –
щIэупщIащ Хьисэ.
[21] – Кесарырщ, – жаIащ абыхэм.
– Апхуэдэу щыщыткIэ, кесарым ейр кесарым ефтыж, Тхьэм
ейри Тхьэм ефтыж, – яжриIащ Хьисэ.
[22]Ар щызэхахым, абыхэм ягъэщIэгъуащ икIи Хьисэ къагъа-
нэри, ежьэжащ.

### *ЛIахэм я къэтэджыжыкIэ хъунумкIэ Хьисэ къызэреупщIар*
*(Марк 12:18-27; Лука 20:27-40)*

[23]ЛIахэр къызэрытэджыжынур зи фIэщ мыхъу саддукейхэм*
ящыщ зы гуп къыбгъэдыхьэри, Хьисэ къеупщIащ а махуэ ды-
дэм:
[24] – Дин егъэджакIуэ, Мусэ бегъымбарым жиIащ:* »ЛIы гуэр
бын имыIэу лIэмэ, а лIым унагъуэ хуищIын щхьэкIэ, и къуэшым
фызабэр къишэжын хуейщ». [25] Дэ зэкъуэшибл къытхэтт. Нэхъы-
жьым къишауэ, дунейм ехыжащ. Бын иIэтэкъыми, абы и фызыр
и къуэшым къыхуэнащ. [26]Адрейхэми - етIуанэми, ещанэми, еб-
ланэм нэсыху - ар къащыщIащ. [27]А псом я ужькIэ фызри дунейм
ехыжащ. [28]Аращи, лIахэр къыщытэджыжкIэ, мы зэшиблым
ящыщу хэт ар зи фызынур? Ар зэшыблыми я щхьэгъусакъэ?
[29] –Фыщоуэ, – жэуап яритащ Хьисэ абыхэм. – ФыщIыщыуэр
Тхьэм и псалъэу тхахэмрэ Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэмрэ зэрыв-
мыщIэр арщ. [30] ЛIахэр къыщытэджыжкIэ, физ къашэжыну-

---

22:17 кесар – а лъэхъэнэм, Хьисэ къэхъуа нэужь 14-37 гъэхэм, Тиверий зи цIэр Рим кесару щытащ.

22:17 хьэкъытын ахъшэр – еплъ 5:46.

22:23 саддукейхэр – еплъ 3:7.

22:24 Мусэ бегъымбарым жиIащ – еплъ 5 Мусэ 25:5-6.

къым, лIыи дэкIуэжынукъым, атIэ уафэм щыIэ мелыIычхэм
ещхьу щытынущ. [31]Ауэ лIахэр къэтэджыжыныр пэж, жыфIэу
фыщIэупщIэмэ, Тхьэм жиIа мы псалъэхэм* феджакъэ: [32] «Сэращ
Ибрэхьими, Исхьэкъи, Екъуби я Тхьэр»? Тхьэр псэухэмрэ лIауэ
жыхуаIэхэмрэ я Тхьэу зэрыщытырщ абы къикIыр.

[33] ЦIыху гупышхуэхэм ар щызэхахым, Хьисэ яригъэщIа
Iуэхухэр ягъэщIэгъуащ.

*Тхьэм и унафэхэм щыщу нэхъ ин дыдэр*

*(Марк 12:28-34; Лука 10:25-28)*

[34]Хьисэ саддукейхэм жаIэнур ямыщIэжу къызэригъэнар фа-
рисейхэм щызэхахым, зэхуэсащ. [35]Абыхэм ящыщ торэт егъэ-
джакIуэ пашэ гуэр Хьисэ, игъэунэхун щхьэкIэ, къеупщIащ:

[36] – Дин егъэджакIуэ, Тхьэм и унафэхэм щыщу дэтхэнэра
нэхъ ин дыдэр?*

[37] – «Уэ уигу псомкIи, уи псэ псомкIи, уи зэхэщIыкI псомкIи
Зиусхьэну уи Тхьэр фIыуэ лъагъу», – жриIащ Хьисэ. [38] – Аращ
я нэхъ ин дыдэу япэрей унафэр. [39] ЕтIуанэ унафэри* апхуэдэщ:
«Уи щхьэр фIыуэ зэрыплъагъум хуэдэу, уи гъунэгъури фIыуэ
лъагъу». [40] Мы унафитIым къызэщIаубыдэ Мусэ бегъымбарым
и Торэт хабзэм ит псори, адрей бегъымбархэми жаIа псори.

*Мэссихьыр хэт зи къуэр?*

*(Марк 12:35-37; Лука 20:41-44)*

[41] Фарисейхэр къызэхуэса нэужь, Хьисэ абыхэм еупщIащ:

[42] –Мэссихь теухуауэ сыт жыфIэн? Хэт ар зи къуэр?

– Даут и къуэщ ар, – жаIащ абыхэм.

[43] – Апхуэдэу щытмэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм Даут и гум
кърилъхьэу, Мэссихь теухуауэ «Си Зиусхьэн» жиIэурэ къы-
зэрыжригъэIар дауэ къызэрыбгурыIуэнур? – яжриIащ Хьисэ. –
Даут мыпхуэдэу жиIакъэ:*

---

22:31-32 Тхьэм жиIа мы псалъэхэм – еплъ 2 Мусэ 3:2-6.

22:36-37 Тхьэм и унафэхэм щыщу нэхъ ин дыдэр – еплъ 5 Мусэ 6:5.

22:39 етIуанэ унафэр – еплъ 3 Мусэ 19:18.

22:43-44 Даут жиIакъэ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 109:1.

44 «Тхьэуэ Зиусхьэным
сэ си Зиусхьэным къыжриIащ:
Уи бийхэр уи лъэгу къыщIэзгъэувэху,
си ижьырабгъумкIэ къызбгъэдэтIысхьэ»?

45 – Езы Даут Мэссихьым «Сэ си ЗиусхьэнкIэ» йоджэ, – къыщIигъужащ Хьисэ. – Апхуэдэу щыщыткIэ, Мэссихьыр Даут и къуэу дауэ зэрубжынур?

46 Хьисэ зы псалъэ къыпидзыжын зыми лъэкIакъым. Хьисэ нэгъуэщIкIэ еупщIыжыну зыри тегушхуакъым а махуэм щыщIэдзауэ.

## 23–НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ я къуаншагъэр Хьисэ къызэрыщIигъэщар*
*(Марк 12:38-40; Лука 11:37-52; 20:45-47)*

Хьисэ цIыху гупышхуэхэмрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ яжриIащ абы щыгъуэ:

2 – Торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ фарисейхэмрэ Мусэ бегъымбарым и тахътэм тетIысхьащ. 3 Аращи, фщIэн хуейуэ икIи вгъэзэщIэн хуейуэ абыхэм къывжаIэ псори вгъэзащIэ, ауэ ящIэр фымыщIэ, абыхэм жаIэ фIэкI, жаIэр ягъэзащIэркъыми. 4 Хьэлъэ зехьэгъуейхэр зэкIуэцIапхэри, цIыхухэм я дамащхьэм тралъхьэ, ауэ цIыхухэм ядэIэпыкъуну езыхэм я зы Iэпхъуамби ягъэхъейркъым.

5 – Абыхэм я Iуэхуф I псори цIыхухэм ирагъэлъагъун щхьэкIэщ щIащIэр. Абыхэм я нэмэз пхъуантэ цIыкIуэхэр* нэхъ ин, я фащэ кIыхьхэм я къуакIэр нэхъ кIыхь ящI. 6 Гухэхъуэ Iэнэ щытрагъэувэн щыгъуи, синэгуэгухэм цIыхухэр щыщызэхуэскIи тхьэмадэ тIысыпIэхэр яубыдын яфIэфIщ. 7 ЦIыху зэхыхьэпIэхэм езыхэм цIыхухэм пщIэ лей защыхурагъэщIынри «дин егъэджакIуэкIэ» зрагъэджэнри ящIасэщ.

8 –Ауэ фэ «дин егъэджакIуэкIэ» зэвмыгъаджэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дин егъэджакIуэу фиIэ закъуэр Мэссихьщ икIи фэ

---

23:5 нэмэз пхъуантIэ цIыкIуэхэр – пхъуантэ цIыкIуэхэу (фэм къыхэщIыкIа дэлъхьэпIэ цIыкIухэр) я тхылъ лъапIэхэм ярытым щыщ зыдэлъхэр журтхэм фэ кIапсэкIэ я натIэмрэ я Iэпщэхэмрэ ирашIэ. Еплъ 5 Мусэ 6:8; 11:18.

псори фызэкъуэшщ. 9 Зыми щIылъэм фи «адэкIэ» фыщемыджэ,
фэ адэу фиIэ закъуэр уафэм щыIэ фи Адэ лъапIэрщи. 10Апхуэдэ
дыдэу, «ущиякIуэкIи» зэвмыгъаджэ, ущиякIуэу фиIэ закъуэр
Мэссихьщи. 11 Фэ фщыщ нэхъ ин дыдэр Iуэхутхьэбзащ1э фэ
къыфхурехъу. 12 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зи щхьэ зыгъэин дэтхэ-
нэри Тхьэм игъэлъэхъшэнущ, ауэ зи щхьэ зыгъэлъахъщэ дэтхэ-
нэри Тхьэм игъэинынущи.

13 – Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ, торэт егъэджакIуэ пашэхэри
фарисейхэри, бзитIщхьитхэ! Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэны-
гъэшхуэм и куэбжэр цIыхухэм я пащхьэм щывгъэбыдэ. Фэ езы-
хэри а тепщэныгъэшхуэм фыщIыхьэркъым, щIыхьэну хуейхэ-
ри хуит фщIыркъым. 14 Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ, торэт егъэ-
джакIуэ пашэхэри фарисейхэри, бзитIщхьитIхэ! Фызабэхэм я
унэхэр къатывох икIи цIыхухэм зевгъэгъэщIэгъуэн щхьэкIэ, фи
тхьэлъэIухэр кIыхьлIыхь фощI. Тхьэм хуабжьу фигъэпшынэнущ
абы щхьэкIэ.

15 – Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ, торэт егъэджакIуэ пашэхэри
фарисейхэри, бзитIщхьитIхэ! Фэ щIыми хыми къыщывокIухь,
фи диным зы цIыху закъуэ къивгъэхьэн щхьэкIэ. Ар къыщывэ-
хъулIэкIэ, фэр нэхърэ тIукIэ нэхъ Iейуэ жыхьэнмэ бын ар фощI.

16 – Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ фэ, пашэ нэфхэу мыпхуэдэу жы-
зыIэхэр: «Тхьэм и унэшхуэм и цIэкIэ зыгуэрым тхьэ иIуэмэ,
абы зыри къикIыркъым, ауэ Тхьэм и унэшхуэм и дыщэм и цIэкIэ
зыгуэрым тхьэ иIуэмэ, тхьэрыIуэ мэхъу». 17 Фэ, акъыл зимы-
Iэу цIыху нэфхэ! Дэтхэнэра нэхъ лъапIэр: дыщэра, хьэмэрэ
Тхьэм и унэшхуэу дыщэр лъапIэ зыщIыра? 18 Мыпхуэдэуи жы-
воIэ: «КъурмэнщIыпIэм и цIэкIэ зыгуэрым тхьэ иIуэмэ, абы
зыри къикIыркъым, ауэ къурмэнщIыпIэм телъ къурмэныпхъэм
и цIэкIэ зыгуэрым тхьэ иIуэмэ, тхьэрыIуэ мэхъу». 19Фэ, цIыху
нэфхэ! Дэтхэнэра нэхъ лъапIэр, къурмэныпхъэра, хьэмэрэ къур-
мэныпхъэр лъапIэ зыщI къурмэнщIыпIэра? 20Аращи, къурмэн-
щIыпIэм и цIэкIэ тхьэ зыIуэм къурмэнщIыпIэм и цIэкIи абы
телъ псом я цIэкIи тхьэ иIуа мэхъу. 21Тхьэм и унэшхуэм и цIэкIэ
тхьэ зыIуэм Тхьэм и унэшхуэм и цIэкIи абы щIэсым и цIэкIи
тхьэ иIуа мэхъу. 22 Уафэм и цIэкIэ тхьэ зыIуэм Тхьэм и тахътэм
и цIэкIи абы тесым и цIэкIи тхьэ иIуа мэхъу.

23 – Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ торэт егъэджакIуэ пашэхэри
фарисейхэри, бзитIщхьитIхэ! ХадэхэкI нэхъ пудхэм ящыщу
пщIанэр Тхьэм щхьэкIэ фот, ауэ нэхъ вгъэзэщIапхъэу Торэт

хабзэм зи гугъу ищI захуагъэм, гущIэгъу пхэлъыным, Тхьэм
хуэщыпкъэным фыбгъэдокI. Ахэращ фызытекI мыхъунур,
адрей фи фарзэхэр зыщывмыгъэгъупщэу. 24 Фэ, пашэ нэфхэ!
Фызэфэм аргъуейр хэфхыурэ, махъшэу хэлъыр зыжьэдыволъа-
фэ.

25 – Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ, торэт егъэджакIуэ пашэхэри
фарисейхэри, бзитIщхьитIхэ! Фэ фи фалъэхэмрэ фи лагъэхэмрэ
я щIыфэр фогъэкъабзэ, ауэ я кIуэцIым нэпсеягъэмрэ зымы-
шыIэныгъэмрэ изщ. 26 Уэ, фарисей нэф! Фалъэмрэ лагъэмрэ я
кIуэцIыр гъэкъабзэ япэщIыкIэ, я щIыфэри къабзэ хъунущ
итIанэ.

27 – Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ, торэт егъэджакIуэ пашэхэри
фарисейхэри, бзитIщхьитIхэ! Хужьу яла кхъэ мащэхэм фахуэ-
дэщ фэ. Ахэр дахэу къолъагъуэ, арщхьэкIэ я кIуэцIыр хьэдэ
къупщхьэрэ фIей зэмылIэужьыгъуэкIэ кудащ. 28Щыпкъагъэ зигу
илъхэм фахуэдэу цIыхухэм закъыфIывогъэщI фи фэкIэ, ауэ
фигухэм бзитIщхьитIыгъэмрэ бзаджагъэмрэ изщ.

29 – Гъуэгу мыгъуэ фытеуващ, торэт егъэджакIуэ пашэхэри
фарисейхэри, бзитIщхьитIхэ! Бегъымбархэм щхьэкIэ кхъэлэгъу-
нэхэр фогъэув, щыпкъагъэ зигу илъа цIыхухэм я сынхэри фо-
гъэщIэращIэ. 30 Апхуэдэу щыт пэтми, «Ди адэжьхэм я зэманым
дыпсэуатэмэ, абыхэм бегъымбархэм я лъыр щагъажэм, гъусэ
дахуэхъунтэкъым», жывоIэ. 31Апхуэдэу жыфIэурэ, бегъымбар-
хэр зыукIахэм я щIэблэу фызэрыщытым фэр-фэру щыхьэт фы-
тохъуэ. 32 ФеуэжьэрэкI-тIэ, абы щыгъуэ фи адэжьхэм къаубла
Iуэхур вгъэбатэ.

33 – Фэ, блэхэ! Фэ, блэ щылъхухэ! Жыхьэнмэр унапIэ фхуи-
щIащ Тхьэм, абы дауэ фыIэщIэкIын? 34Абы къыхэкIкIэ, бегъым-
бархэри, акъылыфIагъэ зиIэ цIыхухэри, дин егъэджакIуэхэри
сэ ныфхузогъакIуэ. Абыхэм ящыщ зы гупыр жорым ефIулIы-
нурэ, фыукIынущ; адрей гупми фи синэгуэгухэм щIопщкIэ
фыщеуэнущ икIи зы къалэм дэфхунурэ адрей къалэм фхунущ.
35Аращи, дунейм щагъэжа лъы хей псори фэ къыфтехуэнущ,
щыпкъагъэ зигу илъ Хэбэл бегъымбарым и лъым къыщы-
щIэдзауэ Варахийм и къуэ Зэчрей бегъымбарым и лъыр
къыхиубыдэу. Зэчрей бегъымбарыращ Тхьэм и унэшхуэмрэ
къурмэнщIыпIэмрэ я зэхуакум дэвукIыхьар. 36 Пэжыр нывжы-
зоIэ, мы Iуэху мыхъумыщIэ псоми я лажьэр иджырей цIыхухэм
къатехуэнущ.

*Еууей, Ерусалим!*
*(Лука 13:34-35)*

[37] – Еууей, Ерусалим, Ерусалим! Уи цIыхухэм бегъымбархэр
яукI, Тхьэм и лIыкIуэхэри, мывэкIэ еуэурэ, яукI. Бзум и шыр-
хэр и дамэ щIагъым зэрыщызэхуишэсым хуэдэу, уи бынхэр сэ
зэхуэсшэсыну сыт хуэдизрэ сыхуея, ауэ фэ фыхуеякъым. [38] АтIэ,
фи къалэм Тхьэр нэфIкIэ къеплъыжынукъым. [39] Сэ нывжызоIэ,
«Зиусхьэным и цIэкIэ къакIуэм щIыхьышхуэр ейщ» щыжыфIэну
махуэм нэсыху, сыкъэфлъагъужынукъым.

## 24-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и унэшхуэр зэрызэтекъутэнур Хьисэ къызэрыжиIар*
*(Марк 13:1-2; Лука 21:5-6)*

Хьисэ Тхьэм и унэшхуэм къыщIэкIыжри, ежьэж щыхъум,
Тхьэм и унэшхуэм хэт унэхэр ирагъэлъагъуну Хьисэ и гъуэгу
ирикIуэхэр щхьэхуэу къыбгъэдыхьащ.
[2] – Мы псори флагъурэ? – яжриIащ Хьисэ абыхэм. – Пэжыр
нывжызоIэ, мывитI къызэтемынэжу, псори зэтекъутэнущ.

*Гугъуехь куэдым я къежьапIэр*
*(Марк 13:3-13; Лука 21:7-19)*

[3]Хьисэ Елеон Iуащхьэм* тесу, и гъуэгу ирикIуэхэр я закъуэ
къыбгъэдыхьэри къеупщIащ абы щыгъуэ:
– КъыджеIэт, а жыхуэпIа Iуэхухэр сыт щыгъуэ къыщыхъунур,
икIи уэ дунейм укъызэрыкIуэжынумрэ мы дунейм и кIэухыр
къызэрыкIуэнумрэ я нэщэнэхэр сыт?
[4] – Зыми фыкъызэримыгъэпцIэным фыхуэсакъ! – яжриIащ
Хьисэ. [5] – Си цIэр зыфIащурэ, «Мэссихьыр сэращ» жаIэу, цIыху
куэд къэкIуэнущ, цIыху куэди къагъэпцIэнущ. [6] Гъунэгъуури жы-
жьэуи зауэ хъыбар щызэхэфхынущ, ауэ фыщIэшынэн щыIэ-
къым. А Iуэхухэр къэхъун хуейщ, ауэ дунейм и кIэухыр иджыри

---

24:3 Елеон Iуащхьэр – еплъ 21:1.

къэсауэ аркъым. 7 Зы лъэпкъыр адрей лъэпкъым, зы къэралри
адрей къэралым езэуэну къызэщIэтэджэнущ. Гъабли къэхъу-
нущ, щIыр щIыпIэ-щIыпIэхэмкIи хуабжьу щыхъеинущ. 8А Iуэху
псори гугъуехь куэд шэчыным я къежьапIэ къудейщ.

9 – ЦIыхухэм фэ гугъуехь фагъэшэчын щхьэкIэ, тепщэныгъэ
зиIэхэм фырагъэубыдынурэ фрагъэукIынущ икIи сэ си цIэр зэ-
рывгъэлъапIэм щхьэкIэ лъэпкъ псори жагъуэгъу къыфхуэхъу-
нущ. 10ЦIыху куэд фIэщхъуныгъэм и гъуэгум текIынущ абы
щыгъуэ; зым адрейр тепщэныгъэ зиIэхэм яригъэубыдынущ,
зым адрейр илъагъу мыхъу хъунущ. 11 Бегъымбар нэпцI куэд
къежьэнущ, цIыху куэди къагъэпцIэнущ. 12 Бзаджагъэм къызэ-
рыхэхъуэм къыхэкIкIэ, цIыху куэдым я фIылъагъуныгъэр уп-
щIыIунущ. 13 Ауэ икIэм нэсыху теубыдэныгъэ зиIэр Тхьэм мы-
кIуэду къригъэлынущ. 14Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа
хъыбарыфIым щIылъэ псом тет цIыхухэр ирагъэдэIуэн хуейуэ
щытщ, цIыху лъэпкъ псоми я пащхьэм щыхьэт щыхъун щхьэкIэ.
Дунейм и кIэухыр къэсынущ абы и ужькIэ.

### *Гузэвэгъуэшхуэр*
*(Марк 13:14-23; Лука 21:20-24)*

15 – Аращи, Даниил бегъымбарыр зытепсэлъыхьа «Зэхэ-
зыкъутэ ГущыкIыгъуэур»* щIыпIэ лъапIэм иту щыфлъагъукIэ
(еджэм ар къыгурыреIуэ), 16 Иудей хэкум ис цIыхухэр Iуащхьэ-
хэм ирекIуэлIэж. 17 Унащхьэм тетыр къехыжмэ, зыгуэр зди-
щтэн щхьэкIэ, унэм щIремыхьэж. 18 Губгъуэм итми, и щыгъын
щIыIутелъыр здищтэн щхьэкIэ, къремыгъэзэж. 19ЦIыхубз лъэ-
щыджэхэмрэ сабий быдзафэ зиIэхэмрэ гъуэгу мыгъуэ теувэ-
нущ а махуэхэм. 20 Фыщежэжьэнур щIымахуэм е щэбэт махуэм
темыхуэн щхьэкIэ, Тхьэм фелъэIу; 21а махуэхэм гузэвэгъуэшхуэ
къэхъунущи. Дунейр къыщыхъуам къыщыщIэдзауэ иджыри
къэсыху щыIакъым дяпэкIи щыIэнукъым апхуэдэ гузэвэгъуэ-
шхуэ. 22А махуэхэр нэхъ мащIэ мыхъуатэмэ, зы цIыхуи

---

24:15 «Зэхэзыкъутэ ГущыкIыгъуэр» – Хьисэ а «Зэхэзыкъутэ ГущыкIыгъуэр» жыхуиIа псалъэхэр Даниил бегъымбарыр и хъыбар зэрыт тхылъым 9:27; 11:31; 12:11 итщ. Даниил бегъымбарыр зытепсэлъыхьар пащтыхь Антиок Епифан тхьэ нэпцIхэм щхьэкIэ къурмэнщIыпIэу Тхьэм и унэшхуэм щигъэувыгъар арщ. Ар къыщыхъуар Хьисэ къэхъуным и пэкIэ 167-рэ гъэр арщ. Ауэ Хьисэ «Зэхэзыкъутэ ГущыкIыгъуэм» щытепсэлъыхьам жыхуиIар Тхьэм и фIэлIыкI зи гум имылъу, цIыху бзаджэ дыдэ гъэунэхуа гуэрщ. Дунейм и ужьрей дыдэ махуэхэм а цIыхур къэлъэгъуэн хуейщ.

мыкIуэду къелынутэкъым. Езым къыхиха цIыхухэм я хьэтыркIэ
Тхьэм а махуэхэр нэхъ мащIэ ищIынущ. 23А махуэхэм «Мис,
Мэссихь мыбы щыIэщ», жиIэу, е «Мэссихь модэ щыIэщ», жиIэу
зыгуэрым къывжиIэмэ, фи фIэщ фымыщI; 24 Мэссихь нэп-
цIхэмрэ бегъымбар нэпцIхэмрэ къежьэнущи. Абыхэм нэщэнэ
гъэщIэгъуэнхэри Iуэху телъыджэхэри къагъэлъагъунущ, Тхьэм
къыхиха цIыхухэри ягъэпцIэн мурадкIэ, ялъэкIмэ. 25 Мис, а
Iуэхухэр къэхъун и пэкIэ абыхэм я хъыбар нывжесIащ.
26 – Аращи, «Мис, Мэссихь губгъуэ нэщIым щыIэщ», къы-
щывжаIэкIэ, абы фымыкIуэ «Мис, Мэссихь пэшым щIэтщ»,
къыщывжаIэкIи фи фIэщ фымыщI; 27 къуэкIыпIэмкIэ къыщы-
хъуэпскI уафэхъуэпскIым къухьэпIэм нэсыху дунейр зэригъэ-
нэхум хуэдэу, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къыщыкIуэжыну ма-
хуэри хъунущи. 28 ФщIэркъэ хьеуан псэхэлIэр здэщыIэм
бгъэжьхэри зэрыщызэхуэсынур.

*ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм дунейм къызэригъэзэжынур*
*(Марк 13:24-27; Лука 21:25-28)*

29 – А гузэвэгъуэшхуэ махуэхэм я ужь дыгъэр напIэзыпIэм
ункIыфIынущ, мазэри къэунэхужынукъым. Вагъуэхэри уафэм
къехуэхынущ, уафэм щыIэ къарухэри къызэщIэхъеенущ. 30ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэм и нэщэнэ уафэм къыщылъэгъуэнущ икIи
дунейм тет лъэпкъ псори гъыурэ я бгъэм еуэжынущ абы
щыгъуэ. ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр, пшэхэм хэтрэ лъэкIыны-
гъэшхуэрэ щIыхьышхуэрэ иIэу, къакIуэу цIыхухэм ялъагъунущ.
31Бжьамиишхуэм и макъ жаныр къэIунущ итIанэ икIи ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэм и мелыIычхэр иригъэжьэнущ икIи абыхэм
дуней лъэныкъуиплIкIи, зы уафэ гъунэм щыщIэдзауэ адрей
уафэ гъунэм нэсыху, езым къыхиха цIыхухэр къыхашурэ, абы
къыхузэхуашэсынущ.

*Ахъуо жыгым щыпкъагъэу къыдгуригъаIуэр*
*(Марк 13:28-31; Лука 21:29-33)*

32 –Ахъуо жыгым къыщыщIымкIэ зыгурывгъаIуэ: абы и къу-
дамэхэм псы къыщIыхьэу, и пщIащэхэр къыпыкIэ щыхъукIэ,
гъэмахуэр къызэрыблэгъар къывощIэ. 33Фэри, мы Iуэху псори
щыфлъагъукIэ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр гъунэгъуу, куэбжэм
деж зэрыщытыр зэвгъащIэ. 34 Пэжыр нывжызоIэ, мы лъэпкъыр

мыкIуэдыж щIыкIэ, мы Iуэху псори къэхъунущ. 35 Уафэмрэ
щIылъэмрэ кIуэдыжынущ, ауэ си псалъэхэр кIуэдыжынукъым.

### *А махуэмрэ а сыхьэтымрэ къыщысынур зыми ищIэркъым*
*(Марк 13:32-37; Лука 17:26-30, 34-36)*

36 – А махуэр е а сыхьэтыр къыщысынур зыми ищIэркъым.
Уафэхэм щыIэ мелыIычхэми ящIэркъым, Тхьэм и Къуэми
ищIэркъым. Адэ лъапIэм и закъуэщ ар зыщIэр. 37 Нухь бегъым-
барым и махуэхэм Iуэхухэр зэрыщытам хуэдэу, ЦIыху Лъэп-
къым и Къуэр дунейм къыщыкIуэжынум дежи Iуэхухэр абы
тетынущ. 38 Псыдзэр* къащIэмыуауэ, а махуэхэм цIыхухэр
шхэрт икIи ефэрт, къашэрт икIи дэкIуэрт. Абы тетащ Нухь
кхъухьым щитIысхьа махуэр нэсыху. 39 Къэхъунур ямыщIэурэ,
псыдзэр къащIэуэри, ахэр псори ихьащ икIи итхьэлащ. ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэр дунейм къыщыкIуэжынум дежи апхуэдэущ
Iуэхухэр зэрыщытынур. 40ЦIыхуитI губгъуэм итынущ абы щы-
гъуэ, зыр мелыIычхэм уафэм яхьынущ, адрейр къагъэнэнущ.
41 ЦIыхубзитI зы щхьэлым щыхьэжэнущ, зыр мелыIычхэм
уафэм яхьынущ, адрейр къагъэнэнущ.
42 – Аращи, фымыжейуэ фысакъ, Зиусхьэныр дунейм къы-
щыкIуэжыну махуэр фщIэркъыми. 43Ауэ мыр зэвгъащIэ: Унэр
зейм дыгъуакIуэр къыщыкIуэну сыхьэтыр ищIэу щытатэмэ,
жеинтэкъым икIи и унэм щIигъыхьэу щIэлъыр иригъэдыгъун-
тэкъым. 44Абы къыхэкIкIэ, фэри фыхьэзырын хуейщ, ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэр фыщымыгугъэ сыхьэт гуэрым дунейм къэ-
кIуэжынущи.

### *Узыщыгугъ хъун унэIут е узыщыгугъ мыхъун унэIут*
*(Лука 12:41-48)*

45 – Хэт атIэ, зэхэщIыкI иIэрэ, зыщыгугъ хъун унэIуту тепщэм
езым и унэIутхэм унафэщI яхуищIар, шхын ичэзум къаритын
щхьэкIэ? 46А унэIутыр гъуэгу махуэ теуващ, тепщэр къэкIуэжрэ
апхуэдэу ищIэу кърихьэлIэжмэ. 47 Пэжыр нывжызоIэ, тепщэм
и мылъку псори а унэIутым и IэмыщIэ ирилъхьэнущ. 48Ауэ а
унэIутым бзаджагъэкIэ игукIэ «Си тепщэр къэгувэнущ» жиIэу

---

24:38-39 псыдзэр – еплъ 1 Мусэ 6:13-7:24.

49 адрей унэIутхэм яхэуэу икIи ефакIуэхэм ядефэу-ядешхэу
щиублэкIэ, 50а унэIутым тепщэр къэкIуэжыну щимыгугъэ ма-
хуэм икIи щыпэмыплъэ сыхьэтым ар къэсынущ. 51А унэIутыр
хьэлэчу иубэрэжьынущ тепщэм икIи бзитIщхьитIхэм гугъуехь
щадишэчыну щIыпIэм игъэкIуэнущ. Абы гъы макъру дзэ
зэрыгъэшх макъру къыщыIунущ.

## 25-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ХъыджэбзипщIым теухуа ущие хъыбарыр*

– Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр* а махуэм зыхуэ-
дэу щытынур мыращ. ХъыджэбзипщI, я уэздыгъэхэр къызда-
щтэри, щауэм пежьэну дэкIащ. 2Абыхэм ящыщу тхур ахьмакъыт,
тхур Iущт. 3 Ахьмакъхэм я уэздыгъэхэр къыщащтэм, дагъэр
къыздащтакъым. 4 Iущхэм уэздыгъэхэри дагъэ зэрыт дагъэ-
лъэхэри къыздащтащ. 5 Щауэр къыщыгувэм, псори щхьэукъуэри
жеящ.

6 – Жэщ ныкъуэм деж макъ гуэр къэIуащ: «Мес, щауэр
къокIуэ, фыпежьэ!»

7 – Ар щызэхахым, хъыджэбз псори къэтэджри, я уэз-
дыгъэхэр ягъэхьэзыращ. 8 Ахьмакъхэр Iущхэм елъэIуащ: «Фи
дагъэм щыщ къыдэфт, ди уэздыгъэхэр мэункIыфIри».

9 –Хъыджэбз Iущхэм жэуап къратащ: «Фэри дэри ар тху-
рикъунукъым. Дагъэ зыщэхэм я деж фыкIуэрэ дагъэ къэфщэ-
хумэ, нэхъыфIщ».

10 – Ахэр дагъэ щэху кIуауэ, щауэр къэсащ икIи хьэзыру щыта
хъыджэбзитхур зыщIигъэущ, джэгу щащI унэм щIыхьэри, бжэри
къагъэбыдэжащ.

11 – Адрей хъыджэбзхэри абы и ужькIэ къэкIуэжри, мып-
хуэдэу жаIащ: «Зиусхьэн, Зиусхьэн, куэбжэр къытхуIух!».

12 – Ауэ абы жиIащ: «Пэжыр нывжызоIэ, фэ хэт фыщыщми,
сэ сщIэркъым».

13 – Аращи, фымыжейуэ фысакъ, – къыщIигъуащ Хьисэ, –
ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр дунейм къыщыкIуэжыну махуэри
сыхьэтри фщIэркъыми.

*Талант зи цIэ ахъшэхэм ятеухуа ущие хъыбарыр*
*(Лука 19:11-27)*

[14] – КъинэмыщIауэ Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэр
къызэрыкIуэнур зыхуэдэр мыращ. ЛIы гуэр хамэ къэрал кIуэн
щыхъум, и унэIутхэр къриджэри, и мылъкур яIэщIилъхьащ.
[15] Зым талантитху,* адрейм талантитI, ещанэми зы талант ири-
тащ. Щхьэж лъэкIыныгъэу иIэм елъытауэ яритри, гъуэгу те-
хьащ. [16] Талантитху зритар занщIэу кIуэри, лажьэурэ нэгъуэщI
талантитху къилэжьащ. [17]ТалантитI зритами нэгъуэщI талан-
титI къилэжьащ. [18]Ауэ тепщэм зы талант зритар кIуэщ, щIым
щIитIэри, и тепщэм и ахъшэр игъэпщкIуащ.

[19] – Зыкъом дэкIауэ, а унэIутхэм я тепщэр къэкIуэжащ икIи
и унэIутхэм ахъшэр къызэрагъэсэбэпамкIэ еупщIу щIидзащ.
[20] Талантитху зритар тепщэм бгъэдыхьэщ, адрей талантитху
къилэжьар иритри, жиIащ: «Зи щIыхь ин, талантитху къысIэ-
щIэплъхьащ. Мис, абыхэмкIэ нэгъуэщI талантитху къэзлэ-
жьащ».

[21] – Тепщэм абы жриIащ: «ФIыуэ пщIащ. Уэ сызыщыгугъ
хъун уунэIутыфIщ! Iуэху мащIэкIэ сызыщыгугъ хъун цIыхуу
узэрыщытам щхьэкIэ, Iуэху куэд ныпIэщIэслъхьэнущ. КъакIуи,
уи тепщэм и гуфIэгъуэм къыхыхьэ».

[22] – ТалантитI зритар тепщэм бгъэдыхьэри, жиIащ: «Зи
щIыхь ин, талантитI къысIэщIэплъхьащ. Мис, абыхэмкIэ нэ-
гъуэщI талантитI къэзлэжьащ».

[23] – Тепщэм абы жриIащ: «ФIыуэ пщIащ. Уэ сызыщыгугъ
хъун уунэIутыфIщ. Iуэху мащIэкIэ сызыщыгугъ хъун цIыхуу
узэрыщытам щхьэкIэ, Iуэху куэд ныпIэщIэслъхьэнущ. КъакIуи,
уи тепщэм и гуфIэгъуэм къыхыхьэ».

[24] – Зы талант зритами, тепщэм бгъэдыхьэри, жиIащ: «Зи
щIыхь ин, узэрылIы пхъашэр сщIэрт, жылапхъэ зытумысам
гъавэ къытыбохыж, зыхомыпхъами къыщызэхуохьэсыж. [25] Сы-
шынэрти, сыкIуэри, уи талантыр щIым щIэзгъэпщкIуащ. Мис,
ууейр узотыж».

[26] – Тепщэм абы жриIащ: «Уэ уунэIут бзаджэщ икIи уунэIут
щхьэхынэщ. Уэ пщIэрт сэ жылапхъэр зытезмысам гъавэ къы-
зэрытесхыжыр икIи зытезмыпхъам къызэрыщызэхуэсхьэсы-

25:15 талант – еплъ 18:24.

жыр. [27]Апхуэдэу щыщыткIэ, хагъэхъуэн щхьэкIэ си ахъшэр
сатуущIэхэм ептын хуеякъэ? СыкъэкIуэжа нэужь, хэхъуауэ си
ахъщэр къысIэрыхьэжынут абы щыгъуэ».
[28] – «Мы лIым талантыр къеIыфхи, талантипщI зиIэм ефт.
[29] Ар хэти ирехъу, зиIэм нэхъыбэ къритынущ Тхьэм икIи къе-
лыжу хуигъэбэгъуэнущ. Ауэ зимыIэм иIэ тIэкIури Iихыжынущ
Тхьэм. [30]Мы унэIут сэбэпыншэр кIыфIыгъэм и кууупIэм хэвдзэ.
Абы гъы макърэ дзэ зэрыгъэшх макърэ къыщыIунущ».
Ар жиIа нэужь, Хьисэ макъышхуэкIэ къыщIигъуащ:
– ИридэIуэну тхьэкIумэ зиIэр иредаIуэ.

### *ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм цIыху лъэпкъхэм хьэкум зэратрищIыхьынур*

[31] – ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм* щIыхьышхуэ иIэу, и мелыIыч
псори и гъусэу дунейм къыщыкIуэжкIэ, щIыхьышхуэ зиIэ и
тахътэм тетIысхьэнущ. [32] Лъэпкъ псори абы и пащхьэм къыщы-
зэхуэсынущ икIи мэлыхъуэм мэлхэмрэ бжэнхэмрэ зэрызэхи-
дзым хуэдэу, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм цIыхухэр зэхидзынущ.
[33] Мэлхэр ижьырабгъумкIэ, бжэнхэр сэмэгурабгъумкIэ игъэу-
вынущ.
[34] – Пащтыхьым и ижьырабгъумкIэ щытхэм яжриIэнущ абы
щыгъуэ: «Фэ, си Адэм и нэфI зыщыхуахэр, фыкъакIуи, Тхьэм
дунейр къыщигъэщIам къыщыщIэдзауэ къыфхуигъэхьэзыра те-
пщэныгъэр фи Iыхьэфlу къыфлъосри фубыд. [35] Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ сыщымэжалIэм сывгъэшхащ, псы сыщыхуэлIэм псы
севгъэфащ; хамэу сыщыщытым севгъэблэгъащ; [36] щыстIэгъэн
щызимыIэм сыфхуэпащ; сыщысымаджэм фыкъыскIэлъы-
плъащ; лъэхъуэщым сыщыщIэсым си деж фыкъэкIуащ».
[37] – Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэм къыжраIэнущ абы: «Зиус-
хьэн, сытым щыгъуэ дэ уэ умэжалIэу утлъагъуу ущыдгъэшхар,
е псы пхуэлIэу псы ущедгъэфар? [38] Сытым щыгъуэ уэ хамэу
утлъагъуу укъыщедгъэблэгъар, е зыщыптIэгъэн уимыIэу ущы-
тхуэпар? [39] Уэ усымаджэу е лъэхъуэщым ущIэсу сытым щы-
гъуэ утлъагъуу уи деж дыщынэкIуар?»

---

25:31 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр – еплъ 8:20.

[40] – Пащтыхьым абыхэм жэуап яритынущ: «Пэжыр нывжызоIэ, си къуэш* я нэхъ цIыкIу дыдэхэм ящыщ гуэрым хуэфщIар сэ къысхуэфщIауэ мэхъу».

[41] – Пащтыхьым и сэмэгурабгъумкIэ щытхэми яжриIэнущ: «Фызбгъэдэк1 фэ, Тхьэм и ней зыщыхуахэр. ШейтIанымрэ абы и мелыIычхэмрэ Тхьэм яхуигъэхьэзыра мыункIыфIыжын мафIэм фыкIуэ. [42] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сыщымэжалIэм сывгъэшхакъым; псы сыщыхуэлIэм севгъэфакъым; [43] хамэу сыщыщытым севгъэблэгъакъым, зыщыстIэгъэн щызимыIэми сыфхуэпакъым; сыщысымаджэми лъэхъуэщым сыщыщIэсми фыкъыскIэлъыплъакъым».

[44] – Абыхэм пащтыхьым къыжраIэнущ: «Зиусхьэн, уэ умэжалIэу, е псы пхуэлIэу, е ухамэу, е зыщыптIэгъэн уимыIэу, е усымаджэу, е лъэхъуэщым ущIэсу утлъагъуу, ди фIагъ уэдмыгъэкIыу сыт щыгъуэ укъыщыдгъэнар?»

[45] – Пащтыхьым абыхэм жэуап яритынущ: «Пэжыр нывжызоIэ, мы цIыкIу дыдэхэм ящыщ гуэрым хуэвмыщIар сэ къысхуэвмыщIауэ мэхъу».

[46] – Мыухыжын гугъуехь щашэчыну гъуэгум техьэнущ ахэр, ауэ щыпкъагъэ зигу илъ цIыхухэр мыкIуэдыжын гъащIэ къащылъысыну гъуэгум техьэнущ.

## 26-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэмадэ Хасэшхуэм щыщ тхьэмадэхэм Хьисэ гъэпцIагъэкIэ яукIыну мурад зэращIар*

*(Марк 14:1-2; Лука 22:1-2; Иуан 11:45-53)*

А псалъэ псори къиIуэта нэужь, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ:

[2] – IутIыж махуэшхуэр* къэсыным махуитI зэриIэр фощIэ. Жорым ираIулIын щхьэкIэ, тепщэныгъэ зиIэхэм яIэщIыхьэнущ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр.

---

26:2 IутIыж махуэшхуэр – IутIыж махуэшхуэмрэ ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэмрэ зэдагъэлъапIэурэ, Тхьэм Мысырым къызэрыригъэкIыжыгъар журтхэм ягъэлъапIэ. IутIыж махуэшхуэр Нисан зи цIэ мазэм и 14-нэ махуэм тохуэ (еплIанэрей мазэм и япэрей махуэм пэгъунэгъущ). ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэр Нисаным и 15-22 махуэхэм къриубыдэу ягъэлъапIэ. А махуэхэм тхьэвым пщагъэ халъхьэркъым.

3Дин пашэшхуэхэр,* торэт егъэджакIуэ пашэхэр, цIыхухэм
я нэхъыжьхэр* абы щыгъуэ къыщцызэхуэсащ Кайафэ дин пашэ-
шхуэм* и унэшхуэм. 4Хьисэ гъэпцIагъэкIэ яубыдыну икIи
яукIыну мурад ящIащ абыхэм.
5 – Ауэ, цIыхухэм зыкъамыIэтын щхьэкIэ, ар махуэшхуэм
трыремыхуэ, – жаIащ абыхэм.

*ЦIыхубз гуэрым дагъэ лъапIэр Хьисэ
Вифание жылэм къызэрыщцыщихуар.*
*(Марк 14:3-9; Иуан 12:1-8)*

6Хьисэ Вифание жылэм дыхьауэ, уэшын уз зэфыкI Симон и
унэм щIэст. 7Хьисэ абы здыщIэсым, цIыхубз гуэр унэм къы-
щIыхьащ. Алавастэр зи цIэ мывэм къыхэщIыкIауэ зы барщыбэ
иIыгът абы. А барщыбэм мэ IэфI къызыпих дагъэ лъапIэ итт.
Хьисэ, Iэнэм здыпэрысым, цIыхубзыр къыбгъэдыхьэри, абы и
щхьэм дагъэр трикIащ.
8Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ар щалъагъум, ар ягу иримыхьу,
жаIащ:
– Мы дагъэ лъапIэр пщIэншэу щIигъэкIуэдар сыт? 9Ар
лъапIэу ящатэмэ, ахъшэр тхьэмыщкIэхэм хуагуэш хъунут.
10Абы гу лъитэри, Хьисэ яжриIащ:
– ЦIыхубзыр сыт щIэвгъэукIытэр? Сэр щхьэкIэ псапэ ищIащ
абы. 11ТхьэмыщкIэхэр дапщэщи къыфхэтынущ, ауэ сэ
игъащIэкIэ сыфхэтынукъым. 12А цIыхубзым мы дагъэ лъапIэр
си пкъым къызэрытрикIамкIэ сызэрыщIалъхьэжынум сыхуи-
гъэхьэзырауэ арщ. 13Пэжыр нывжызоIэ, дуней псом хъыба-
рыфIыр* дэнэ щыщызэлъагъэщIыскIи, мы цIыхубзым ищIар
яIуэтэнущ, а цIыхубзыр цIыхухэм ягу фIыкIэ къагъэкIыжын
щхьэкIэ.

26:3 нэхъыжьхэр – еплъ 16:21.

26:3 дин пашэшхуэр – дин пашэхэм я тхьэмадэу икIи Тхьэмадэ Хасэшхуэм и тхьэ-
мадэу щытащ.

26:13 хъыбарыфIыр – Хьисэ Мэссихь теухуа хъыбарыфIыр арщ. Тхьэм бегъымбар-
хэм я жьэкIэ цIыхухэр къызэригъэгугъа Iуэхухэр Хьисэ Мэссихь илэжьа IуэхумкIэ
игъэпэжащ икIи апхуэдэу цIыхухэр мыкIуэду къызэрыригъэлын гъуэгу къаху-
зэIуихащ.

### *Иудэ зи цIэм Хьисэ дин пашэшхуэхэм яригъэубыдыну зэрагурыIуар*

*(Марк 14:10-11; Лука 22:3-6)*

[14]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым ящыщу Иудэ
ИскариоткIэ зэджэр дин пашэшхуэхэм я деж кIуэри, [15] жиIащ:
– Хьисэ фэзгъэубыдмэ, сыт къызэфтын?
Абыхэм дыжьын ахъшэ щэщI кърατыну къагъэгугъащ. [16]Абы
щегъэжьауэ, Хьисэ ядригъэубыдын щхьэкIэ, игъуэ щыхъунум
пэплъэу щIидзащ Иудэ.

### *Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм IутIыж пщыхьэщхьэшхэ зэрадэшхар*

*(Марк 14:12-21; Лука 22:7-14, 21-23; Иуан 13:21-30)*

[17] ЩIакхъуэ Мыгъэтэдж щашх махуэшхуэхэм* я япэ махуэм
Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къыбгъэдыхьэри, абы къеупщIащ:
– IутIыж пщыхьэщхьэшхэ щыпшхын щхьэкIэ, дэнэ щыдгъэ-
хьэзырыну ухуей?
[18] – Къалэм фыдыхьэ, – жиIащ Хьисэ. – Сэ хэсха лIы гуэ-
рым деж фыкIуи, жефIэ: «Дин егъэджакIуэм жеIэ: Сэ си уахъ-
тыр къэблэгъащ. Сэрэ си гъуэгу ирикIуэхэмрэ IутIыж пщыхьэ-
щхьэшхэ уи унэм щытшхынущ».
[19]Хьисэ зэрижриIам хуэдэу, и гъуэгу ирикIуэхэм ящIри,
IутIыж пщыхьэщхьэшхэр ягъэхьэзыращ.
[20] Пщыхьэщхьэр къыщысым, и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщы-
кIутIыр и гъусэу, Хьисэ Iэнэм пэрытIысхьащ. [21]Ахэр здэшхэм,
Хьисэ жиIащ:
– Пэжыр нывжызоIэ, тепщэнныгъэ зиIэхэм саригъэубыдынущ
фэ фщыщ гуэрым.
[22]Ахэр икъукIэ къэнэщхъеящ икIи Хьисэ гъуэрыгъуэурэ
къеупщIу щIадзащ:
– Зиусхьэн, сэрмырауэ пIэрэ а жыхуэпIэр?
[23] – Си гъусэу мы лагъэм зи IэкIэ щIакхъуэр хэзыгъэпщIарщ
тепщэныгъэ зиIэхэм сезыгъэубыдынур, – жэуап итыжащ Хьисэ.
[24] -Пэжщ, ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр дунейм ехыжынущ, абы
теухуауэ Тхьэм и псалъэу тхахэм зэрыхэтым хуэдэу. Ауэ ЦIыху
Лъэпкъым и Къуэр тепщэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдыр гъуэгу
мыгъуэ теуващ. А цIыхур къамылъхуауэ щытамэ, езым дежкIэ
нэхъыфIт.

[25] Хьисэ тепщэныгъэ зиIэхэм езыгъэубыдыну хэт Иудэ жи-
Iащ:

– Равви,* сэрмырауэ пIэрэ жыхуэпIэр?

– Уэращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ,* – жриIащ абы Хьисэ.

*Зиусхьэным и пщыхьэщхьэшхэр*

(Марк 14:22-26; Лука 22:15-20; 1 Кор. 11:23-25)

[26]Ахэр здэшхэм, Хьисэ щIакхъуэр къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ
хуищIащ, зэгуищIыкIщ, и гъуэгу ирикIуэхэм яритри жиIащ:

– Къафщти, фшхы. Мы щIакхъуэр сэ си пкъыращ.

[27] Зы фалъэ къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, щаритым,
яжриIащ итIанэ:

– Фэ псори мыбы итым щыщ фефэ. [28] Мы санэр - Тхьэм
езымрэ и цIыхухэмрэ яку дилъхьа зэгурыIуэныгъэр зыгъэ-
щыпкъэ си лъыращ*. ЦIыху куэдым фIы къахудэкIуэурэ, сэ
къысщIэкIыну лъыращ, я гуэныхьхэр къахуэгъун щхьэкIэ. [29] Сэ
нывжызоIэ фэ, иджы къыщыщIэдзауэ си Адэм и Тепщэныгъэ-
шхуэр къыщыкIуэнум нэсыху, санэ сефэжынукъым. А махуэм
абы аргуэру сывдефэнущ.

[30] Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ тхьэщIыхь уэрэд жаIа
нэужь, унэм щIэкIри, Елеон Iуащхьэм кIуащ итIанэ.

*«Сэ сыкъыумыцIыхуу жыпIэнущ», жиIэу Хьисэ Петр
зэрыжриIар*

*(Марк 14:27-31; Лука 22:31-34; Иуан 13:36-38)*

[31]Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ абы щыгъуэ:

– Фэ псоми си закъуэу утыкум сыкъивнэнущ ныжэбэ, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм абы теухуауэ жиIар и псалъэу тхахэм
хэтщ:* «Сэ мэлыхъуэр сукIынущ, мэл хъушэри зэбгрыкIыжы-

---

26:25 Равви – «дин егъэджакIуэр».

26:25 «Уэращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ» е «Уэ уи жьэкIэ жыбоIэ».

26:28 зэгурыIуэныгъэр зыгъэщыпкъэ си лъыращ – пасэрей зэгурыIуэныгъэу Тхьэм езымрэ и лъэпкъымрэ яку дилъхьар зыгъэщыпкъэ къурмэныпхъэм и лъыращ. А лъыр цIыхухэм траутхэгъащ. Еплъ 2 Мусэ 24:7-8. Апхуэдэу зэгурыIуэныгъэщIэу Тхьэм езымрэ и цIыхухэмрэ яку дилъхьар зыгъэщыпкъэр Хьисэ и лъыуэ жорым щыщIэкIар аращ. А зэгурыIуэныгъэм зэритым тету, цIыху гуэрым ХьисэкIэ фIэщхъуныгъэ иIэ хъумэ, Тхьэм ар мыкIуэду къригъэлынущ.

26:31 Тхьэм и псалъэу тхахэм хэтщ – еплъ Зэчрей бегъымбарым и тхылъым 13:7.

нущ». 32Ауэ лIахэм сакъыхэтэджыкIыжа нэужь, фэ фяпэ къихуэу
Галилей хэкум сыкIуэнущ.

33 – Утыкум псоми укъранэми, сэ зэикI укъизнэнукъым, –
къыжриIащ Петр Хьисэ.

34 – Пэжыр ныбжызоIэ, – жриIащ Хьисэ Петр, – ныжэбэ
дыдэм джэд мыIуэ щIыкIэ, сыкъыумыцIыхуу щэнейрэ жы-
пIэнущ.

35 – Уэ сыуигъусэу сылIэн хуей хъуми, узмыцIыхуу жысIэну-
къым, – къыжриIащ Петр Хьисэ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ адрей
лIы псоми жаIащ ар дыдэр.

## *Хьисэ Гефсимание жыг хадэм Тхьэм зэрыщелъэIуар*
*(Марк 14:32-42; Лука 22:39-46)*

36Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр и гъусэу, Гефсимание зи цIэ жыг
хадэм кIуащ абы и ужькIэ.

– Мыбдеж фыщыс, сэ модэ сыкIуэу, Тхьэм селъэIуху,– яжри-
Iащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм. 37Хьисэ Петррэ Зеведей и къуи-
тIымрэ здишэу кIуа нэужь, нэщхъейуэ, гузавэу щIидзащ.

38Абыхэм яжриIащ:

– СылIэн хуэдэ, хуабжьу согузавэ. Фымыжейуэ, фысакъыу
мыбы си гъусэу фыщыIэ.

39Хьисэ тIэкIу IукIуэтщ, щIым бгъэгукIэ зытридзэри, Тхьэм
елъэIуу жиIащ:

– Си Адэ, хъуну щытмэ, мы гугъуехьым и фалъэр сIых.
АтIэми сэ сызэрыхуейр мыхъуу, уэ узэрыхуейр ирехъу.

40Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыхуищым я деж къыщигъэзэ-
жым, ахэр Iурихауэ ярихьэлIэжащ.

– Зы сыхьэт закъуэкIэ фызигъусэу, фымыжейуэ, фысакъын
фхузэфIэкIакъым, аракъэ? – жриIащ Хьисэ Петр. 41 – Фы-
мыжейуэ фысакъ, гуэныхь щIэным фыдимыхьэхын щхьэкIэ
Тхьэм фелъэIу. Гур мэхъуапсэ, ауэ пкъым хузэфIэкIыркъым.
42 Хьисэ етIуанэуи IукIри, Тхьэм елъэIуурэ жиIащ:

– Си Адэ, мы гугъуехь шэчыным и фалъэр сIыпх мыхъунумэ,
уэ узэрыхуейуэ ирехъу.

43Хьисэ къыщигъэзэжым, а цIыхуищыр Iурихауэ кърихьэ-
лIэжащ, я нэхэр щIилъэфауэ. 44Ахэр аргуэру къигъанэри,
IукIыжащ, а псалъэ дыдэхэмкIэ Тхьэм ещанэу елъэIуащ.

---

26:36 Гефсимание – Елеон (Зейтун) Iуащхьэм и къухьэпIэ егъэзыхыгъуэм ит хадэщ.

45 Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я деж къигъэзэжри, яжриIащ:
– Зывгъэпсэхуу фыжейрэ иджыри? Мис, пIалъэр къэблэгъащ,
ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр гуэныхь зыщIэхэм яIэщIыхьэнущ.
46 Фытэдж! ФынакIуэ, абыхэм сезыгъэубыдынур къэблэгъащ.

### *Хьисэ зэраубыдар*

*(Марк 14:43-50; Лука 22:47-53; Иуан 18:3-12)*

47 Хьисэ и псалъэр имыухауэ, и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIутIым ящыщу Иудэу Хьисэ тепщэнычъэ зиIэхэм езыгъэубыдыну хэтыр къэкIуащ. Джатэхэмрэ бжэгъухэмрэ яIыгъыу, цIыху гупышхуэ щIыгъут абы. Дин пашэшхуэхэмрэ цIыхухэм я нэхъыжьхэмрэщ ахэр къэзыгъэкIуар.
48 – Сэ ба зыхуэсщIынуращ жыхуэсIэр. Ар къэвубыд, – жиIэри
Хьисэ зэраригъэубыдыну щIыкIэр и гъусэхэм яжриIат Иудэ.
49 Иудэ зэрынэсу, бгъэдыхьэри:
– ФIэхъус апщи, Равви,* – жиIэри, Хьисэ ба хуищIащ.
50 – Ныбжьэгъу, укъыщIэкIуар сыт? – жриIащ абы Хьисэ.
Адрейхэр къыбгъэдыхьэри, Хьисэ яубыдащ. 51 Хьисэ и
гъусэхэм ящыщ зым и джатэр кърихщ, дин пашэшхуэм и унэIутым еуэри, и тхьэкIумэ лъэныкъуэр къыпигъэхуащ.
52 Хьисэ абы жриIащ:
– Уэ уи джатэр дохъутэм илъхьэж, джатэ къэзыщтэ псори джатэм ихьыжынущ. 53 Хьэмэрэ си Адэм семылъэIуфын уи гугъэ?
СелъэIумэ, мелыIыч дзэ пщыкIутIым нэхърэ нэхъыбэ къысхуигъэкIуэнущ асыхьэту. 54 Ауэ Тхьэм и псалъэу тхахэр дауэ пэж
зэрыхъунур? Тхьэм и псалъэу тхахэм хэткъэ мыпхуэдэу зэрыхъун хуейр?
55 Хьисэ а цIыху гупышхуэм яжриIащ асыхьэтым:
– ХъунщIакIуэ фубыд хуэдэу, джатэхэмрэ бжэгъухэмрэ фIыгъыу фыкъыспежьаи? Тхьэм и унэшхуэм махуэ къэс сыщIэту, цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр езгъащIэрт, арщхьэкIэ сывубыдакъым.
56 Ауэ мы псори къыщIэхъуар бегъымбархэм ятхар пэж хъун щхьэкIэщ.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху псори, езыр утыкум къранэри, щIэпхъуэжащ абы щIыгъуэ.

### *Тхьэмадэ Хасэшхуэм и пащхьэм Хьисэ зэрырашар*
*(Марк 14:53-65; Лука 22:54-55, 66-71; Иуан 18:13-14, 19-24)*

57 Яубыда нэужь, Кайафэ зи цIэ дин пашэшхуэм деж яшащ
Хьисэ. Торэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ щы-
зэхуэсащ абы деж. 58 Петр Хьисэ и ужь жыжьэу иту, дин пашэ-
шхуэм и пщIантIэм нэс, кIэлъыкIуащ. ПщIантIэм дыхьэри, хъу-
макIуэхэм яхэтIысхьащ ар итIанэ, Хьисэ и Iуэху зэрыхъунум
еплъыну.

59 Дин пашэшхуэми, нэхъыжьхэми, Тхьэмадэ Хасэшхуэм*
щыщ адрей пашэ псоми Хьисэ укI тралъхьэн щхьэкIэ, щыхьэт
нэпцI ягъэувыну къалъыхъуэрт. 60 Щыхьэт нэпцI куэд къэ-
тэджри, Хьисэ Iэджэ тралъхьа пэтми, зыхуейр ягъуэтакъым.

ИкIэм-икIэжым щыхьэт нэпцIитI къэтэджри, 61 мыпхуэдэу
жаIащ:

– Мы лIым жиIэгъащ: «Тхьэм мы и унэшхуэр зэхэскъутэнурэ,
махуищкIэ ар зэтезгъэувэжын слъэкIынущ».

62 Дин пашэшхуэр къэтэджащ итIанэ.

– Мы лIыхэм уэ къыптралъхьэр сыт? Сыт зыри щIыжу-
мыIэр? – къыжриIащ абы Хьисэ. 63 Ауэ Хьисэ зыри жиIакъым.

– СынолъэIу, гъащIэр зи IэрыкI Тхьэм и цIэкIэ къыджеIэ,
уэра Мэссихьу Тхьэм и Къуэр? – къеупщIащ дин пашэшхуэр
Хьисэ.

64 – Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ,* – жиIащ Хьисэ. – Ауэ сэ
нывжызоIэ, иджы къыщыщIэдзауэ, лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ
Тхьэм и ижьырабгъумкIэ къыщысрэ, пшэхэм яхэту къакIуэу,
флъагъунущ ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр.

65 Дин пашэшхуэм и щыгъынхэр зэфIитхъащ* абдежым.

– Тхьэр игъэпцIащ, – жиIащ абы. – Сыт нэгъуэщI щыхьэт
дыщIыхуеижыр? Мис, Тхьэр зэригъэпцIар зэхэфхащ. 66 Дауэ
феплърэ?

– УкI хуэфащэщ! – жэуап къатыжащ адрейхэм.

67 Хьисэ и напэм щIэубжьытхэри, IэштIымкIэ еуащ ахэр.
НэгъуэщIхэри енэпэфауэурэ, мыпхуэдэу жаIащ:

68 – Мэссихь, убегъымбармэ, уэ къоуар хэтми къыджеIэт.

---

26:59 Тхьэмадэ Хасэшхуэр – еплъ 5:22.

26:64 «Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ» – е «Уэ уи щхьэкIэ жыбоIэ».

26:65 и щыгъынхэр къызэфIитхъащ – гущыкIыгъуэшхуэмрэ шынагъуэшхуэмрэ къыхэкIкIэ дин пашэшхуэм и щыгъынхэр зэфIитхъащ. Хьисэ Тхьэр игъэпцIауэ ялъытати.

### *Петр Хьисэ имыцIыхуу зэрыжиIар*
*(Марк 14:66-72; Лука 22:54-62; Иуан 18:15-18, 25-27)*

[69]Петр пщIантIэм дэст абы щыгъуэ. Зы унэIут хъыджэбз,
абы къыбгъэдыхьэри, къыжриIащ:
– Галилей щыщ Хьисэ уригъусэу щыташ уэри.
[70] – Хьэуэ, уэ жыхуэпIэр сщIэркъым, – щыжиIащ Петр псоми
я пащхьэ.
[71] Петр куэбжэмкIэ иунэтIащ итIанэ. НэгъуэщI унэIут хъыд-
жэбз гуэрми ар къилъагъури, абдеж щытхэм яжриIащ:
– Мы лIыри Назарет щыщ Хьисэм и гъусэу щыташ.
[72]Аргуэру, «Ар сцIыхуркъым» жиIэри, Петр тхьэ иIуащ.
[73] ТIэкIу дэкIа нэужь, абдежым щытхэр къыбгъэдыхьэри,
Петр къыжраIащ:
– Пэж дыдэу, уэри абыхэм уащыщщ, уи псэлъэкIэм ар нахуэ
къещIри.
[74] – Тхьэр согъэпцI, жысIэр мыпэжмэ, а лIыр сцIыхуркъым,
– жиIэри, тхьэ иIуэу щIидзащ Петр.
Абы ирихьэлIэу джэд Iуащ. [75]Хьисэ къыжриIэгъауэ щыта
псалъэхэр Петр игу къэкIыжащ абдежым: «Джэд мыIуэ щIыкIэ,
сыкъыумыцIыхуу щэнейрэ жыпIэнущ».
Ар игу къыщыкIыжым, пщIантIэм дэкIри, игу хэщIу гъащ
Петр.

## 27-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### *Пилат Iэтащхьэм и пащхьэ Хьисэ зэрырашар*
*(Марк 15:1-5; Лука 23:1-5; Иуан 18:28-38)*

Нэху зэрыщу дин пашэшхуэ псори цIыхухэм я нэхъыжьхэри
зэчэнджэщыжри, Хьисэ укI тралъхьэну мурад ящIащ. [2]Хьисэ
япхри, Понтий Пилат Iэтащхьэм* IэщIалъхьащ.

27:2 Пилат Iэтащхьэр – рим цIыхухэм ящыщу, Понтий Пилат, Хьисэ къэхъуа нэужь 26-36 гъэхэм, Иудей, Самарие, Идумей хэкухэм я Iэтащхьэу щыташ.

### *Иудэ зэрылIар*
*(Апостол. 1:18-19)*

3 Хьисэ абыхэм езыгъэубыда Иудэ, Хьисэ укI тралъхьэу щи-
лъагъум, щIегъуэжщ, ирата дыжьын ахъшэ щэщIыр дин пашэ-
шхуэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ яхуихьыжри, 4 яжриIащ:
– Лъы хейр зэрыфэзгъэубыдамкIэ гуэныхь сщIащ.
– Абы дэ ди Iуэху хэлъкъым, уэращ зи Iуэху хэлъыр, – къы-
жраIащ абыхэм.
5Ар щызэхихым, Иудэ, дыжьын ахъшэхэр Тхьэм и унэшхуэм
щыхыфIипхъэри, къыщIэкIыжащ. ИтIанэ кIуэри зитхьэлэжащ.
6 Дыжьын ахъшэхэр къащыпыжри, дин пашэшхуэхэм жаIащ:
– Мыхэр Тхьэм щхьэкIэ ахъшэр зыдэлъ пхъуантэм дэплъхьэ
хъунукъым, мыхэр лъы уасэщи.
7 Зэчэнджэщыжа нэужь, хамэхэр щыщIалъхьэжын папщIэ,
кхъуэщынышIэм и хьэсэр а ахъшэмкIэ къащэхуну зэгурыIуащ.
8Абы къыхэкIкIэ а хьэсэм «Лъы уасэ ХьэсэкIэ» йоджэ нобэр
къыздэсым. 9Иеремие бегъымбарым жиIа мы псалъэхэр* пэж
хъуащ: «Щхьэ уасэу Израил цIыхухэм абы щхьэкIэ ягъэува ды-
жьын ахъшэ щэщIыр къащтэри, 10 абыхэмкIэ кхъуэщынышIэм
и хьэсэр къащэхуащ, Зиусхьэным унафэ къызэрысхуищIам
тету».

### *Пилат Iэтащхьэр Хьисэ зэреупщIар*
*(Марк 15:2-5; Лука 23:3-5; Иуан 18:33-38)*

11Пилат Iэтащхьэм и пащхьэм иуващ Хьисэ.
– Уэ журтхэм урапащтыхь? – еупщIащ Iэтащхьэр Хьисэ.
– Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ,* – жиIащ Хьисэ.
12Ауэ дин пашэшхуэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ Хьисэ щагъэкъуан-
шэм, абы зыри жиIакъым. 13Пилат Хьисэ къеупщIащ:
– Къыптралъхьэр зыхуэдизыр зэхэпхыркъэ?
14Хьисэ зы псалъи жиIакъым. Зыри зэрыжимыIар Пилат
Iэтащхьэм хуабжьу игъэщIэгъуащ.

---

27:9-10 Иеремие бегъымбарым жиIа мы псалъэхэр – еплъ Зэчрей бегъымбарым и тхылъым 11:12-13; Иеремие бегъымбарым и тхылъым 32:6-10.

27:11 «Аращ, зэрыжыпIэм хуэдэщ» – е «Уэ уи щхьэкIэ жыбоIэ».

### *Хьисэ укI зэрытралъхьар*
*(Марк 15:6-15; Лука 23:13-25; Иуан 18:39-19:16)*

15 Лъэхъущым щIэс гуэр утIыж махуэшхуэ* къэс цIыхухэм я
лъэIукIэ щхьэхуиту яхуиутIыпщыжыныр Пилат Iэтащхьэм и
хабзэт. 16Вараввэ и цIэу зы цIэрыIуэ гуэр лъэхъуэщым щIэст а
махуэхэм. 17Арати, цIыхухэр къыщызэхуэсым, Пилат абыхэм
еупщIащ:

– Хэт къыфхуэзутIыпщыжыну фызыхуейр? Вараввэ, хьэмэрэ
МэссихьыкIэ зэджэ Хьисэ?

18 Пилат апхуэдэу щIеупщIар Хьисэ ефыгъуэу абы къызэ-
рыIэщIалъхьар ищIэрти, аращ.

19 Тахътэм здисым, Пилат и фызым лIыкIуэ къыхуищIри къы-
жрыригъэIащ:

– Щыпкъагъэ зигу илъ а цIыхум мыхъун гуэр иумыщIэ. Ны-
жэбэ пщIыхьэпIэ Iей слъагъури, а лIым щхьэкIэ гугъу сехьащ.

20Пилат Вараввэ кърагъэутIыпщыжыну икIи Хьисэ ирагъэ-
гъэкIуэдыну дин пашэшхуэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ цIыху гупы-
шхуэм жраIащ.

21 – Мы тIум хэт къыфхуэзутIыпщыжыну фызыхуейр? –
Пилат Iэтащхьэр аргуэру цIыхухэм еупщIащ.

– Вараввэщ, – жаIащ абыхэм.

22 – МэссихьыкIэ зэджэ Хьисэ сыт есщIэнур? – щIэупщIащ
Пилат.

– Жорым еIулI, – жаIащ псоми.

23 – Абы сыт щIэпхъаджагъэу ищIар? – щIэупщIащ Пилат.

Ауэ ахэр нэхъ ину къызэрыгъэкIиящ:

– Жорым еIулI!

24 Пилат, зыри хищIыхьыжын хузэфIэмыкIэу, цIыхухэм нэхъ
зэрызехьэ зэрыхъуар щилъагъум, псы къищтэщ, и Iэхэр цIыху-
хэм я пащхьэм щитхьэщIри жиIащ:

– Мы лIыуэ щыпкъагъэ зигу илъым и лъыр сэ къыстехуэр-
къым. Абы и лъыр фэращ зытехуэр.

25 – Абы и лъыр дэри ди бынхэми къыттрырехуэ! – жаIащ
цIыху псоми.

26Пилат Вараввэ къахуиутIыпщыжащ, зауэлIхэр щIопщкIэ
иригъауэри, Хьисэ жорым ираIулIыну яIэщIилъхьащ.

---

27:15 IутIыж махуэшхуэр – еплъ 26:2.

*ЗауэлIхэр Хьисэ зэрыщыдыхьэшхар*
*(Марк 15:16-20; Иуан 19:2-3)*

[27]Арати, Пилат Iэтащхьэм и зауэлIхэм Хьисэ преторие* зи
цIэ унэшхуэм щIашащ, адрей къэна зауэлI гупышхуэри Хьисэ
ихъуреягъкIэ щызэхуашэсащ. [28] ЗауэлIхэм Хьисэ и щыгъынхэр
къыщахри, плъыжь-фIыцIафэу абэ кIыхь щатIэгъащ итIанэ.
[29] Пыжь банэм къыхэщIыкIауэ пащтыхь таж хуащIщ, абы
щхьэратIагъэри, и Iэ ижьми баш цIыкIу IэщIалъхьащ. Абы и
ужькIэ, Хьисэ и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу щетIысэхри,
щыдыхьэшхыурэ, «Упсэу, журтхэм я пащтыхь!» жаIэурэ
щIэнэкIащ. [30] Еубжьытххэрт, баш къащтэурэ и щхьэм еуэрт.
[31]Ахэр Хьисэ щыдыхьэшха нэужь, абэ кIыхьыр къыщахыжри,
езым и щыгъынхэр щатIэгъэжащ. Жорым ираIулIыну
преторием къыщIашыжащ итIанэ.

*Хьисэ жорым зэрыраIулIар*
*(Марк 15:21-32; Лука 23:26-43; Иуан 19:17-27)*

[32] Къалэм къыщыдэкIым, Симон и цIэу Кириние къалэм*
щыщ лIы гуэрым хуэзащ. Щыхуэзэм, Хьисэ и жорыр ихьыну
Симон хагъэзыхьащ. [33] Голгофэ жыхуаIэ щIыпIэм нэсащ
(Голгофэм къикIыр «Щхьэ къупщхьэ щIыпIэ» жиIэу аращ).
[34]Абы щынэсым, серчэрэ зэзыпс дыджрэ зэхэщIауэ къратащ
ирагъэфэну. Хьисэ хэIуба фIэкI, ар ирифын идакъым. [35] Хьисэ
жорым ираIулIащ итIанэ. Пхъэидзэ ящIурэ, и щыгъынхэр
зэхуагуэшыжащ заулIхэм. [36] ИкIи къетIысэкIащ, Хьисэ яхъумэн
щхьэкIэ.

[37]Жорым щIраIулIар Хьисэ и щхьэкIэ жорым пхъэбгъу кIапэ
гуэрым тетхауэ траIулIащ: «Мыр журтхэм я пащтыхь Хьисэ
арщ». [38]ХъунщIакIуитI, зыр и ижьырабгъумкIэ, адрейр и
сэмэгурабгъумкIэ, Хьисэ щIыгъуу жорхэм щраIулIащ абдеж.
[39] ЦIыху блэкIхэр Хьисэ хуэшхыдэрт, я щхьэхэр ягъэсысурэ,
[40] мыпхуэдэу жаIэрт:

– Уэ, Тхьэм и унэшхуэр зэхэзыкъутэу, махуищкIэ зэтезыгъэу-вэжынум, умыкIуэду зыкъегъэлыж! Уэ Тхьэм ури-Къуэу щытмэ, жорым къыфIэкIыж.

---

27:27 преторие – Пилат Iэтащхьэм и унэшхуэращ.

27:32 Кириние къалэр – Африкэм и ищхъэрэ лъэныкъуэм ит Ливие къэралым и къалэшхуэу щытащ.

[41]Дин пашэшхуэхэми, торэт егъэджакIуэ пашэхэми, нэ-
хъыжьхэми Хьисэ щыдыхьэшхыурэ, жаIащ:
[42] – НэгъуэщI цIыхухэр мыкIуэду къригъэлащ, ауэ езым зы-
къригъэлыфыркъым. Ар Израил и пащтыхьыр, пэжмэ, жорым
къыфIрекIыжи, езымкIэ фIэщхъуныгъэ диIэ хъунущ. [43] Езыр
Тхьэм щогугъ, Тхьэр абы къыхуейуэ щытмэ, мыкIуэду къры-
регъэл, «Сэ Тхьэм сри-Къуэщ» жиIэгъащи.
[44]Хьисэ и гъусэу жорхэм ираIулIа хъунщIакIуэхэри къебгырт
абы.

## *Хьисэ зэрылIар*

*(Марк 15:33-41; Лука 23:44-49; Иуан 19:28-30)*

[45] Шэджагъуэм* къыщыщIэдзауэ сыхьэтыр щым* нэсыху а
къэралыр зэрыщыту кIыфIыгъэм щIиуфащ. [46] Сыхьэтыр щым
Хьисэ макъ хэIэтыкIакIэ джащ:
– Или, или, ламэ савахфани?* (Абы къикIыр «Уэ си Тхьэ, уэ
си Тхьэ, утыкум си закъуэу щхьэ сыкъибна?»)
[47]Ар щызэхахым абдеж щытхэм, жаIащ:
– Иляс бегъымбарым йоджэ ар.
[48]Абыхэм ящыщ гуэр бгъэдэлъадэри, щIыфэр зэраIуэт
хъыданыр къищтащ асыхьэтым. Хъыданым серчэр фIыуэ
зыщIригъэфри, башым фIэлъу Хьисэ хуишиящ щIигъэфыну.
[49] – Зэ, Иляс бегъымбарыр къакIуэу, мыкIуэду къригъэлы-
нумэ, девгъэплъ, – жаIащ адрейхэм.
[50]Макъ хэIэтыкIакIэ аргуэру джэри, Хьисэ и псэр итащ.
[51]Тхьэм и унэшхуэ кIуэцIым фIэлъ Iупхъуэр и щхьэм къы-
щыщIэдзауэ и лъабжьэм нэс тIууэ къызэгуэтхъащ абы ири-
хьэлIэу. ЩIыри къэхъеящ. Мывэхэри зэгуэудащ. [52] Кхъэлэгъу-
нэхэр къызэIуха хъури, Тхьэм и цIыху лъапIэу лIауэ щытахэм
ящыщ куэд къэтэджыжащ. [53]Ахэр кхъэлэгъунэхэм къыщIэкIы-
жащ икIи Хьисэ лIахэм къахэтэджыкIыжа нэужь, къалэ лъапIэу
Ерусалим дыхьэри, цIыху куэдым зыкърагъэлъэгъуащ.

---

27:45 шэджагъуэ – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «еханэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикIыр шэджагъуэрщ.

27:45 сыхьэтыр щым – зэрытха дыдэм хуэдэу зэбдзэкIмэ, «ебгъуанэ сыхьэтыр» арщ. Абы къикIыр шэджагъуэ нэужьым сыхьэтыр щырщ.

27:46 Или, или, ламэ савахфани – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 21:1.

[54] Дзэ пашэмрэ абы и гъусэу Хьисэ зыхъумэу щытахэмрэ
щIыр зэрыхъейри, мо къэхъу псори щалъагъум, хуабжьу
къэшынауэ жаIащ:

– ИпэжыпIэкIэ мыр Тхьэм и Къуэу щытащ.

[55]Абдеж, жыжьэу къаплъэу, цIыхубз куэд щытт. Ахэр Хьисэ
дэIэпыкъуэгъу хуэхъуурэ, и гъусэу Галилейм къикIыгъащ.
[56]Абыхэм яхэтт: Магдалэ жылэм* щыщ Мэрием, Зеведей и
къуэхэм я анэ, нэгъуэщI Мэрием. Ар Екъубрэ Иосийрэ я анэт.

*Хьисэ и хьэдэр кхъэлэгъунэм зэрыщIалъхьар*
*(Марк 15:42-47; Лука 23:50-56; Иуан 19:38-42)*

[57] Пщыхьэщхьэр къыщысым, Исуф и цIэу Аримафей жылэм
щыщ зы лIы бей къэкIуащ. Ари Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм
ящыщу щытащ. [58]Ар Пилат деж кIуэри, Хьисэ и хьэдэр къри-
тыжыну елъэIуащ. Хьэдэр Исуф иратыжыну Пилат унафэ
ищIащ. [59] Исуф хьэдэр къищтэщ, чэсей хужь джэбын къабзэ
иришэкIри, [60] къыр мывэм езым щхьэкIэ къыхригъэщIыкIа
кхъэлэгъунэм щIилъхьэжащ. Исуф кхъэлэгъунэ щIыхьэпIэм
мывэшхуэ IуигъэкIуриери IукIыжащ. [61] Магдалэ жылэм щыщ
Мэриемрэ адрей Мэриемрэ кхъэлэгъунэм хуэзанщIэу щыст.

*Кхъэлэгъунэм и хъумакIуэр*

[62] Дин пашэшхуэхэмрэ фарисейхэмрэ Пилат Iэтащхьэм деж
щызэхуэсащ етIуанэ махуэу мэрем махуэм къыкIэлъыкIуэм.

[63] – Зиусхьэн, а пцIыупсыр щыпсэум щыгъуэ, «Махуищ
нэужьым лIахэм сакъыхэтэджыкIыжынущ» зэрыжиIэгъар дигу
къэкIыжащ, – жаIащ абыхэм. [64] – Аращи, ещанэ махуэм нэсыху
кхъэлэгъунэр хуэсакъыурэ яхъумэну унафэ щIы. Армыхъумэ,
и гъуэгу ирикIуэхэр къэкIуэнурэ, и хьэдэр ядыгъужынущ икIи
цIыхухэм жраIэнущ: «Ар лIахэм къахэтэджыкIыжащ». А
иужьрей пцIыр япэрей пцIыхэм нэхърэ нэхъ Iей хъунущ.

[65] – ХъумакIуэхэр фызот. ФыкIуи, кхъэлэгъунэр зэрыф-
лъэкIым хуэдэу фхъумэ, – яжриIащ Пилат.

[66]Ахэр кIуэри, кхъэлэгъунэм хъумакIуэхэр бгъэдагъэуващ,
мывэми мыхъур традзащ.

27:56 Магдалэ жылэр – Галилей гуэлым и дыгъэ къухьэпIэ лъэныкъуэм итщ.

# 28–НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар*
*(Марк 16:1-8; Лука 24:1-12; Иуан 20:1-10)*

Щэбэтыр блэкIауэ, тхьэмахуэ зэхуакум и япэ махуэм, нэху
щыщым, Магдалэ щыщ Мэриемрэ адрей Мэриемрэ кхъэ-
лэгъунэм еплъыну кIуащ.
[2] НапIэзыпIэм щIыр ин дыдэу хъеящ, Зиусхьэным и мелыIыч
уафэм къехри, кхъэлэгъунэм бгъэдыхьэщ, мывэшхуэр Iуигъэ-
кIуриикIри, абы тетIысхьати. [3]Абы и теплъэр уафэхъуэпскIым
хуэдэт, и щыгъынхэри уэсым хуэдэу хужьыбзэт. [4] ХъумакIуэхэр
апхуэдизкIэ абы щышынати, кIэзызу щытащ, я фэр шэхум
хуэдэу пыкIауэ.
[5] –Фымышынэ! – яжриIащ мелыIычым цIыхубзхэм. – Жорым
ираIулIа Хьисэ фызэрылъыхъуэр сощIэ. [6]Ар мыбдежым щыIэж-
къым. ЗэрыжиIам хуэдэу, ар лIахэм къахэтэджыкIыжащ. Фы-
бгъэдыхьи, Зиусхьэныр здэщылъа щIыпIэм феплъ. [7]ИтIанэ
псынщIэу фыкIуи, абы и гъуэгу ирикIуэхэм яжефIэ: «Хьисэ
лIахэм къахэтэджыкIыжащ. Фэ фяпэ ар Галилейм кIуэнущ.
Абдеж ар щыфлъагъунущ». Аращ, хъыбарыр сэ вжесIащ.
[8]Арати, цIыхубзхэр кхъэлэгъунэм бгъэдэкIыжри, шына-
гъуэмрэ гуфIэгъуэшхуэмрэ зэщIащтауэ, хъыбарыр хуаIуэтэжы-
ну, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я деж щIэпхъуащ. [9] И гъуэгу
ирикIуэхэм хъыбарыр хуаIуэтэжыну а цIыхубзхэр здэкIуэм,
Хьисэ абыхэм напIэзыпIэкIэ къахуэзэри, къажриIащ:
– Фыпсэу!
Ахэр Хьисэ бгъэдэлъадэщ, и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу
итIысхьэри, и лъакъуэхэр яубыдащ. Хьисэ къажриIащ:
[10] – Фымышынэ. ФыкIуи, си къуэшхэм* Галилейм кIуэну яже-
фIэ. Абдеж сыщалъагъунущ.

*Дин пашэшхуэхэм хъумакIуэхэр IулъхьэкIэ къызэращэхуар*

[11] ЦIыхубзхэр щыкIуэм, хъумакIуэхэм ящыщ гуэрхэр Еру-
салим къалэм дыхьэщ, дин пашэшхуэхэм я деж кIуэри, къэхъуа

28:10 къуэшхэр – еплъ 5:22.

псори хуаIуэтэжащ. 12 Дин пашэшхуэхэр, нэхъыжьхэр я гъусэу,
зэхуэсри зэчэнджэщыжащ. ХъумакIуэхэм ахъшэ куэд иратри,
13 абыхэм жраIащ:

– «Жэщым дэ дыщыжейм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къа-
кIуэри, и хьэдэр ядыгъужащ», жыфIэн хуейщ. 14А хъыбарыр
Iэтащхьэм щызэхихкIэ, дэ дгъэсабырынщ, фэри зыри къывжи-
мыIэну тщIынщ.

15 ХъумакIуэхэм ахъшэр ящтэри, къызэрыжраIам хуэдэу
ящIащ. А хъыбарыр журтхэм иджыри къэс яхэлъщ.

### *Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ялэжьын хуей Iуэхуу я пщэ дилъхьар*

*(Марк 16:14-18; Лука 24:36-49; Иуан 20:19-23; Апостол. 1:6-8)*

16Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ цIыху пщыкIузыр абы и ужькIэ Гали-
лейм кIуэри, езым жыхуиIэгъа Iуащхьэм дэкIащ. 17 Хьисэ
щалъагъум, и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу итIысхьащ; ауэ ар
зи фIэщ мыхъу гуэрхэр абыхэм яхэтт. 18Хьисэ и гъуэгу ири-
кIуэхэм ябгъэдыхьэри яжриIащ:

– Уафэми щIылъэми тепщэныгъэ псори щызиIэу си IэмыщIэ
илъщ. 19Аращи, фыкIуи, лъэпкъ псори си гъуэгу къытевгъыхьэ.
Адэ лъапIэми, и Къуэми, Тхьэм и Псэ ЛъапIэми я цIэкIэ фыумэ-
хъи,* 20 унафэу нывжесIа псори ягъэзэщIэну яхуэвгъэув. Пэж
дыдэщ ар, дунейм и кIэухым нэсыху сыт щыгъуи сывигъусэнущ
сэ. Iэмин.

---

28:19 умэхъыныр – еплъ 3:1.